बुध

12 अगस्त, 2026

पटना

देशक गप गामक भाषा मे

# समदिया मिथिला

साओन, कृष्ण पक्ष, अमावस्या , संवत् : 2083

समदिया मिथिला

देशक पहिल मैथिली दैनिक

सार्वजनिक जीवन मे आचरण शुद्ध, विचार उच्च आ जीवन पूर्ण रूप सं पारदर्शी होमक चाही।

- भारत रत्न कर्पूरी ठाकुर

RNI No : BIHMAI/2010/33053 वर्ष: 16, अंक : 331 Website: mithilasamadiya.com editorsamadiya.mithila@gmail.com आमंत्रण मूल्य : 4:00

एक नजरि

### मैथिलीक वरिष्ठ साहित्यकार डॉ. राजेन्द्र विमल नहि रहलाह



**जनकपुरधाम :** नेपाली आ मैथिली साहित्यक वरिष्ठ स्त्रष्टा, भाषाविद् आ शिक्षाविद् डॉ. राजेन्द्र विमल नहि रहलाह। 79 वर्षक उमेर मे मंगलदिन 11 अगस्त कें जनकपुरधामक प्रादेशिक अस्पताल मे हुनक निधन भेल। सोमदिन राति अचानक स्वास्थ्य खराब भेलाक बाद हुनका अस्पताल मे भर्ती कराओल गेल छल, जतय उपचारक क्रम मे हुनक देहावसान भेल। डॉ. विमल नेपाल मे मैथिली साहित्यक एकटा महत्वपूर्ण स्तंभ छलाह। हुनक साहित्यिक यात्रा छह दशक सं बेसी नमहर रहल। हुनक पहिल मैथिली कथा विपतिया 15 मार्च 1963 कें मिथिला मिहिर मे प्रकाशित भेल छल। तकर बाद ओ कथा, कविता, गीत, गजल, नाटक, उपन्यास, आलोचना, बाल साहित्य, अनुवाद आ भाषाविज्ञानक क्षेत्र मे निरंतर सक्रिय रहलाह। मैथिली साहित्यक संग-संग नेपाली साहित्य पर सेहो हुनक गहिंर प्रभाव छल। हुनक रचना नेपालीक प्रतिष्ठित पत्र-पत्रिका मे प्रकाशित होइत रहल। जनकपुर आ मिथिलाक सामाजिक-सांस्कृतिक जीवन, बदलैत समय, भाषा आ समाजक अन्तर्सम्बन्ध हुनक लेखनक महत्वपूर्ण विषय रहल। एहि कारणें ओ नेपाली आ मैथिली साहित्यक बीच एकटा महत्वपूर्ण सेतुक रूप मे सेहो देखल गेलाह।

(पेज 03 आ पेज 06 सेहो देखी)

# हमर मान, सम्मान आ स्वाभिमान अछि तिरंगा आउ घर-घर मे मनाबी उत्सव : पीएम मोदी

## पीएम मोदीक नव इंस्टा वीडियो पोस्ट, तिरंगा अभियान मे सबकें भाग लेबाक अपील

**नई दिल्ली, एजेंसी**

प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी मंगलदिन देशक सभ नागरिक सं हर घर तिरंगा अभियान मे सक्रिय रूप सं भाग लेबाक अपील कएलनि। ओ स्वतंत्रता दिवस सं पहिने प्रत्येक घर मे राष्ट्रीय ध्वजक संग उत्सवक माहौल बनेबाक आह्वान सेहो कएलनि। प्रधानमंत्री इंस्टाग्राम पर अभियान सं जुड़ल एकटा वीडियो साझा करैत लिखलनि–आउ, हम सभ हर घर मे हर घर तिरंगाक उत्सव मनाबी।

प्रधानमंत्रीक ई वीडियो संदेश 15 अगस्त कें मनाओल जायवला 80म स्वतंत्रता दिवस समारोह सं ठीक पहिने आयल अछि। एहि अवसर पर पूरा देश आजादीक 80म वर्षगांठ मनाओत। अपन वीडियो संदेश मे पीएम मोदी देशवासी सभ सं कहलनि जे आउ, हम सभ 15 अगस्तक पर्व गर्व आ सम्मानक संग मनाबी, स्वतंत्रता सेनानी सभ कें श्रद्धांजलि अर्पित करी आ विकसित भारतक निर्माणक संकल्प ली। ओ कहलनि जे हर घर मे तिरंगा, हर घर मे तिरंगा, हर हृदय मे तिरंगा। आउ, हम सभ हर घर मे तिरंगा फहराबी। प्रधानमंत्रीक एहि संदेश मे राष्ट्रीय गौरव, स्वतंत्रता सेनानी सभक प्रति कृतज्ञता आ





भविष्यक विकसित भारत बनेबाक भावना कें एक संग जोड़ल गेल अछि।

बताबी जे हर घर तिरंगा अभियान पूरा अगस्त मास मे मनाओल जा रहल अछि। एहि अभियानक अंतर्गत देशभरि नागरिक सभके अपन घर, दोकान, कार्यालय आ सार्वजनिक स्थान पर राष्ट्रीय ध्वज फहरयबाक लेल प्रोत्साहित कएल जा रहल अछि। अभियानक उद्देश्य मात्र तिरंगा फहराबय धरि सीमित नहि अछि, बल्कि प्रत्येक व्यक्तिक मन मे तिरंगाक प्रति गर्व आ अपनत्वक भावना मजबूत करब सेहो अछि। सरकार आ विभिन्न संगठनक दिस सं देशक कोन-कोन मे कार्यक्रम आयोजित कएल जा रहल अछि। एहि कार्यक्रम सभ मे लोक सामूहिक रूप सं तिरंगा फहरबैत स्वतंत्रता दिवसक उत्सव मे सहभागी भए रहल छथि।

जनतब दी जे हर घर तिरंगा अभियानक शुरूआत मूल रूप सं आजादीक अमृत महोत्सवक दौरान भेल छल। तखन सं ई अभियान प्रत्येक वर्ष स्वतंत्रता दिवस सं पहिने पैघ उत्साहक संग मनाओल जाइत अछि। वर्ष 2026 मे एहि बात पर विशेष जोर देल जा रहल अछि जे प्रत्येक परिवार अपन घरक बालकनी, छत अथवा मुख्य द्वार पर तिरंगा लगाबय आ पड़ोसी सभक संग मिलि उत्सव मनाबय। अपन वीडियो संदेश मे प्रधानमंत्री देशवासी सभ सं 15 अगस्त कें गर्व आ सम्मानक संग मनेबाक अपील कएलनि। ओ स्वतंत्रता संग्रामक सेनानी सभ कें श्रद्धांजलि देबाक आ विकसित भारतक निर्माणक संकल्प लेबाक बात कहलनि। पीएम मोदी अपन संदेश मे कहलनि जे सब घर मे तिरंगा, सबहक हृदय मे तिरंगा। आउ, हम सभ हर घर मे तिरंगा फहराबी।

हर घर तिरंगा अभियान पूरा अगस्त मास मे चलाओल जा रहल अछि। एहि अभियानक अंतर्गत लोक सभ कें अपन घर, दोकान, कार्यालय आ सार्वजनिक स्थान पर राष्ट्रीय ध्वज फहरेबाक लेल प्रोत्साहित कएल जा रहल अछि। अभियानक उद्देश्य मात्र तिरंगा फहरेबा धरि सीमित नहि अछि, बल्कि लोक सभक मोन मे राष्ट्रीय ध्वजक प्रति गर्व आ अपनत्वक भावनाक वृद्धि करब सेहो अछि। सरकार आ विभिन्न संगठनक दिस सं देशभरि कार्यक्रम आयोजित कएल जा रहल अछि। एहि कार्यक्रम सभ मे लोक सामूहिक रूप सं तिरंगा फहरबैत स्वतंत्रता दिवसक उत्सव मे सहभागी भए रहल छथि।

# बायोडाटा दी, 10 हजार बच्चा कें तुरंत लगबायब नोकरी : प्रशांत किशोर

- **बांकीपुर उपचुनावक बाद प्रशांत किशोरक पैघ ऐलान**

**पटना, समदिया**

जन सुराजक सूत्रधार आ बांकीपुर विधानसभा उपचुनाव मे नवनिर्वाचित विधायक प्रशांत किशोर मंगल दिन जीतक बाद पहिल बेर क्षेत्रक लोक सभक बीच पहुंचलाह आ आभार सभा सभ मे शामिल भेलाह। एहि दौरान ओ युवासभक रोजगार, शिक्षा, राशन कार्ड आ पेंशनक विषय मे कतेको घोषणा कएलनि। ओ कहलनि जे अगिला एक वर्षक भीतर बांकीपुरक कम सं कम 10 हजार युवाकें निजी क्षेत्र मे नौकरी दियाबाक व्यवस्था कएल जाएत।

प्रशांत किशोर कहलनि जे लोक सभकें लागि रहल छल जे जीतक बाद ओ चारि-पांच दिन सं कतय घूमि रहल छथि, मुदा ओ जनताक लेल काज कए रहल छलाह। ओ युवासभ सं अपन बायोडाटा जन सुराजक कार्यालय मे जमा करबाक अपील कएलनि। ओ कहलनि जे



अहांक बच्चा पढ़ल-लिखल अछि त ओकर बायोडाटा हमर कार्यालय मे दिऔक। कम सं कम 10 हजार बच्चाकें एतय सं नौकरी लगाबाक व्यवस्था शीघ्र करब।

ओ दावा कएलनि जे देशभरि मे हुनकर जतबा संपर्क अछि, सभ सं बिहारक युवासभकें नौकरी देबाक आग्रह कएल गेल अछि। ओ कहलनि जे बिहार मे जन सुराजक व्यवस्था बनला पर युवासभकें रोजगार लेल दोसर राज्य मे जाएबाक आवश्यकता नहि पड़त।

राशन कार्ड आ पेंशनक मामिला पर सेहो प्रशांत किशोर पैघ दावा कएलनि। यारपुर राजपूताना गोपाल शरण सिंह पथ मे आयोजित आभार सभा मे ओ कहलनि जे जनताकें बदलावक अनुभूति तखने होयत, जखन पढ़ाइ आ रोजगारक व्यवस्था नीक होयत। ओ कहलनि जे तीन मासक समय देल जाए, तकर बाद राशन कार्ड बनाबाक लेल कोनो एक रुपैया सेहो घूस नहि लए सकत।

ओ कहलनि जे जाहि लोक सभक पास राशन कार्ड अछि, हुनकें पांच किलो अनाज भेटत। ओतहि 60 वर्ष सं बेसी उम्रिक जाहि लोक सभकें 1,100 रुपैया मासिक पेंशन नहि भेटि रहल अछि, से सभ हुनकर कार्यालय मे आवेदन दियौक। ओ भरोस दएलनि जे तीन मासक भीतर राशन आ पेंशन सं जुड़ल समस्या सभक समाधानक प्रयास कएल जाएत।

प्रशांत किशोर मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी पर निशाना साधैत कहलनि जे बांकीपुर उपचुनावक परिणामक बाद बिहारक राजनीति मे बदलाव देखाइ पड़ि रहल अछि। ओ कहलनि, ह्लजखन सं बांकीपुरक रिजल्ट आएल अछि, बिहार मे एनकाउंटरक गप्प नहि भए रहल अछि, प्रतिदिन पढ़ाइ-रोजगारक गप्प भए रहल अछि। ई अहांक वोटक ताकत अछि।ह्व

प्रशांत किशोर कहलनि जे चुनावक दौरान ओ जनतासं कहलनि छलाह जे भाजपा कें हराएला पर मुख्यमंत्रीक काजक तरीका बदलत। ओ दावा कएलनि जे नेतृत्व भले एखन नहि बदलल हो, मुदा सरकारक काज करबाक तरीका बदलि गेल अछि।

प्रशांत किशोर शिक्षा कें लए कए सेहो समयबद्ध घोषणा कएलनि। ओ कहलनि जे एक वर्षक भीतर सरकारी विद्यालय सभक व्यवस्था नीक कएल जाएत। जँ एना नहि भेल त बांकीपुरक बच्चा सभकें निजी विद्यालय मे पढ़ेबाक जिम्मेदारी ओ स्वयं लेताह आ फीसक चिंता अभिभावक सभकें नहि करए पड़त।

ओ कहलनि जे नौकरी, पढ़ाइ, 1,100 रुपैया पेंशन आ पांच किलो अनाज - ई चारि मुद्दा पर काज प्राथमिकता होयत। एकरा पूर्व प्रशांत किशोर दशरथा स्थित शहीद राम गोविंद सिंह बालिका उच्च विद्यालय मे स्मरण आ श्रद्धांजलि सभा मे हिस्सा लेलनि। तकर बाद यारपुर राजपूताना, जक्कनपुरक हनुमान पथ आ वार्ड 40 मे लंगरटोली चौक स्थित ग्रैंड पैलेस हॉल मे आयोजित आभार सभा सभ मे लोक सभ सं भेंट कएलनि।

# पप्पू यादव कें तत्काल पर्सनल सिक्योरिटी ऑफिसर उपलब्ध करेबाक आदेश

## सुरक्षा बढ़ेबाक मांग पर दिल्ली हाईकोर्टक फैसला

**पटना, समदिया**

पूर्णिया सांसद पप्पू यादवक सुरक्षा बढ़ेबाक मांगबला याचिका पर मंगलदिन दिल्ली हाईकोर्ट मे सुनवाइ भेल। न्यायालय केंद्र सरकार कें निर्देश देलक जे सांसद कें तत्काल अतिरिक्त पीएसओ (पर्सनल सिक्योरिटी ऑफिसर) उपलब्ध कराओल जाय। संगहि, हुनकर सुरक्षा बढ़ेबाक मांगबला आवेदन पर सेहो विचार करबाक निर्देश देल गेल।

नीट पेपर लीक आ श्रीराम जन्मभूमि तीर्थ क्षेत्र ट्रस्टक विरुद्ध संसद भवन परिसर मे प्रदर्शनक बाद पप्पू यादव कें जान सं मारबाक धमकी भेटल छल। एकर बाद ओ केंद्रीय गृह मंत्रालय कें सुरक्षा बढ़ेबाक लेल आवेदन देने छलाह। केंद्र सरकारक वकील आशीष दीक्षित न्यायालय कें कहलनि जे गृह मंत्रालय पप्पू यादवक आवेदन पर विचार कए रहल अछि आ तीन सप्ताहक भीतर निर्णय लेल जाएत। एहि पर पप्पू यादवक वकील कहलनि जे जं सांसद कें तत्काल अतिरिक्त सुरक्षा देल जाइत अछि, तं ओ याचिका आगू नहि बढ़ौताह।

दुनू पक्षक दलील सुनलाक बाद हाईकोर्ट आदेश देलक जे सुरक्षा




बढ़ेबाक आवेदन पर निर्णय नहि होयबा धरि सरकार पप्पू यादव कें अतिरिक्त पीएसओ उपलब्ध कराओत। एकर संगहि न्यायालय याचिकाक निपटारा कए देलक। पूर्णिया सांसदक कहब अछि जे हुनका भेटल वाई श्रेणीक सुरक्षा एखन बिहार धरि सीमित अछि। एहि कारण दिल्ली अथवा देशक अन्य भाग मे संसदीय कर्तव्य निभेबाक दौरान हुनका पर्याप्त सुरक्षा नहि भेटैत अछि।

पप्पू यादवक अनुसार, 29 जुलाईक बाद हुनकर जानक खतरा बढ़ि गेल। हुनकर आधिकारिक वेबसाइटक माध्यम सं हुनका आ परिवार कें विस्फोट सं उड़ेबाक धमकी भेटल छल। एहि संबंध मे दिल्ली पुलिस मे शिकायत दर्ज कराओल गेल आ देशभरि मे सुरक्षा देबाक लेल गृह मंत्रालय कें आवेदन देल गेल।

हुनकर आरोप अछि जे नई दिल्लीक पंडारा रोड स्थित हुनकर पत्नी आ कांग्रेस राज्यसभा सांसद रंजीता रंजनक सरकारी आवासक बाहर किछु लोक जमा भए हुनका बाहर अनबाक आ जान सं मारबाक धमकी दैत नारा लगौने छल। पप्पू यादव इहो दावा कएलनि जे 3 अगस्त कें नई दिल्ली मे प्रेस वार्ताक दौरान हुनका पर हमला भेल छल। एहि मामिला मे तिलक मार्ग थाना मे एफआईआर दर्ज भेल अछि।

# बिहारक खजाना खाली, वेतन-पेंशन देबय लेल सेहो पाइ नहि : तेजस्वी यादव

- **नेता प्रतिपक्ष प्रेस कान्फ्रेंस कए सरकार पर केलनि हमला**

**पटना, समदिया**

बिहार विधानसभा मे विपक्षक नेता तेजस्वी यादव मंगल दिन राज्य सरकार पर वित्तीय कुप्रबंधन आ भ्रष्टाचार कें लए कए निशाना साधलनि। ओ कहलनि जे बिहारक खजाना पूरा तरहें खाली भए चुकल अछि आ सरकार लग ठेकेदार सभक भुगतानक संग-संग कर्मचारी सभ कें वेतन आ पेंशन देबा लेल सेहो पर्याप्त पाइ नहि बांचल अछि।

तेजस्वी यादव मीडिया सं गप्प करैत कहलनि जे उर्दू आ फारसी विद्यालय सभक विषय मे ओ मुख्यमंत्री कें पत्र लिखलनि अछि। ओ कहलनि जे पैघ संख्या मे एहन कर्मचारी सभ छथि, जाहि सभकें एखन धरि वेतन नहि भेटल अछि। सरकारक वित्तीय स्थिति एतेक खराब भए चुकल अछि जे आइ वेतन आ पेंशन जकां मुद्दा पर चर्चा करए पड़ि रहल अछि। ओ आरोप लगौलनि जे ई लोक सभ




लूटि कए खजाना पूरा तरहे खाली कए देने अछि।तेजस्वी कहलनि जे एहि मुद्दा कें लए कए ओ एक बेर नहि, बल्कि कतेको बेर प्रश्न उठा चुकल छथि, मुदा सरकारक दिस सं कोनो ठोस कारबाइ नहि कएल गेल अछि। राजद नेता बिहार मे भ्रष्टाचारक स्थिति पर सेहो प्रश्न उठौलनि। ओ आरोप लगौलनि जे राज्य मे घूस देने बिना छोट सं छोट काज सेहो नहि भए रहल अछि। मामिला निचला स्तरक हो अथवा विभागक मुख्यालयक, सभ ठाम भ्रष्टाचारक बोलबाला अछि।

ओ कहलनि जे कतहु कोनो प्रभावी कारबाइ नहि कएल जा रहल अछि आ एना लागि रहल अछि जेना बिहार मे कोनो सरकारे नहि अछि। तेजस्वी अपन वेतनक चर्चा करैत कहलनि जे हुनकें सेहो पांच-छह मास धरि वेतन नहि भेटल छलनि। ओ कहलनि जे जखन विधायक आ मंत्री सभकें सेहो वेतन नहि भेटबाक स्थिति सामने आएल, तखन ओ एहि मुद्दा कें सार्वजनिक रूप सं उठौलनि।

ओ मंत्री अशोक चौधरीक ओहि बयान पर सेहो प्रतिक्रिया देलनि, जाहि मे हुनका कहलनि छल जे एक-दू मास मे स्थिति नीक भए जाएत। तेजस्वी कहलनि जे जं मंत्री एना कहि रहल छथि, तकर अर्थ ई अछि जे ओ सेहो वित्तीय संकटक स्थिति कें स्वीकार कए रहल छथि। मुदा ओ दावा कएलनि जे ई समस्या एक-दू मास मे ठीक होबय बला नहि अछि आ हुनक अनुसार एकरा नीक होबामे चारि वर्ष सेहो लागि सकैत अछि। तेजस्वी यादव कहलनि जे सरकार कें जनताक समक्ष राज्यक वास्तविक वित्तीय स्थिति स्पष्ट करबाक चाही आ कर्मचारी सभ, पेंशनभोगी सभ तथा अन्य बकायेदार सभक भुगतानक व्यवस्था करबाक चाही।

# जननायक कर्पूरी ठाकुर : जे देशक आजादीक संगहि समाजक स्वतंत्रता लेल केलनि संघर्ष

## 'भारत छोड़ो आंदोलन' मे पकड़ल गेल छलाह कर्पूरी, जेल मे बितौलनि 26 मास

**पटना, समदिया**

समस्तीपुरक पितौंझिया गाम। एकटा साधारण परिवारक युवक अपन भविष्यक सपना देखैत छल। नाम छल - कर्पूरी ठाकुर। पढ़बाक तीव्र इच्छा छल, आगू बढ़बाक आकांक्षा छल। मुदा ओहि समय देशक गुलामीक पीड़ा हुनकर व्यक्तिगत सपना सं पैघ भए गेल छल। कपूर्रीक मोन छात्र जीवनहि सं राष्ट्रीय आंदोलन आ समाजवादी विचारधाराक दिस आकृष्ट भए गेल छल। 1938 मे ओइनी मे आयोजित प्रांतीय किसान सम्मेलन हुनकर राजनीतिक चेतनाक विकास मे महत्वपूर्ण पड़ाव बनल। सम्मेलन मे आचार्य नरेंद्र देव सेहो उपस्थित छलाह। युवा कपूर्रीक भीतरक वक्ता आ कार्यकर्ताक प्रतिभा



हुनकर ध्यान आकर्षित कएलक। धीरे-धीरे कपूरी मात्र पढ़निहार छात्र नहि रहलाह, बल्कि समाज आ देशक प्रश्न सभ पर सोचनिहार युवक बनि गेलाह।

### फेर आयल 1942

महात्मा गांधी भारत छोड़ो केर आह्वान कएलनि। अंग्रेजी शासनक विरुद्ध देश निर्णायक संघर्ष मे उतरि गेल। नेता सभ गिरफ्तार भए गेलाह, मुदा आंदोलनक आगि गाम-गाम धरि पसरि गेल। कपूर्री तखन छात्र छलाह। मुदा हुनका बुझना गेलनि जे एहन समय मे मात्र किताबक पन्ना उनटैत रहब पर्याप्त नहि अछि। देशक भविष्यक प्रश्न हुनका कक्षा-कक्ष सं बाहर बजा रहल छल। ओ पढ़ाइ छोड़ि देलनि आ भारत छोड़ो आंदोलन मे कूदि पड़लाह।

आंदोलनक ओ समय आसान नहि छल। अंग्रेज सरकार आंदोलनकारी सभक पाछां पड़ल छल। कपूर्री सेहो गिरफ्तार भेलाह। स्वतंत्रता आंदोलनक दौरान हुनका लगभग 26 मास जेल मे रहए पड़लनि। जेलक दीवार हुनकर शरीर कें रोकि सकल, मुदा विचार कें नहि। जेल मे बिताओल समय हुनकर जीवनक दिशा आरो स्पष्ट कएलक। समाजवाद, सामाजिक समानता आ वंचित लोकक अधिकारक प्रश्न हुनकर चिंतनक केंद्र मे आबि गेल। आजादी हुनकर लेल मात्र अंग्रेजक शासन सं मुक्ति नहि छल, आजादीक अर्थ छल - एहन समाज, जतय गरीबक आवाज सुनल जाए, किसान-मजदूरक सम्मान हो आ साधारण आदमी सेहो अपन अधिकारक संग जी सकय।

1947 मे देश स्वतंत्र भेल। मुदा कपूर्रीक संघर्ष समाप्त नहि भेल। अंग्रेज चलि गेलाह, मुदा समाज मे व्याप्त असमानता, गरीबी आ भेदभावक प्रश्न हुनकर सामने ठाढ़ छल।

# तेजस्वी यादव उर्दू, अरबी-फारसी शिक्षक सभक स्थानांतरण पर उठौलनि सवाल

### लंबित वेतन भुगतानक मांग

पटना, समदिया




राष्ट्रीय जनता दल (राजद)क राष्ट्रीय कार्यकारी अध्यक्ष आ बिहार विधानसभा मे नेता प्रतिपक्ष तेजस्वी प्रसाद यादव सरकारी विद्यालय सभ मे उर्दू, अरबी एवं फारसी शिक्षकसभक स्थानांतरण आ अनुदानित मदरसा सभ तथा संस्कृत विद्यालय सभक शिक्षक-कर्मचारीसभक लंबित वेतन भुगतानक मुद्दा पर मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कें पत्र लिखलनि। तेजस्वी यादव एहि पत्र कें सोशल मीडिया मंच ह्यएक्सह्न पर सेहो साझा कएलनि।

मुख्यमंत्री कें लिखल पत्र मे तेजस्वी यादव कहलनि जे बिहार मे शिक्षकसभक स्थानांतरणक वर्तमान प्रक्रिया कें लए लगातार शिकायत सभ भेटि रहल अछि। विशेष रूप सं उर्दू, अरबी एवं फारसी विषयक शिक्षक सभ संग कथित भेदभावपूर्ण आ नियमविरुद्ध व्यवहार सं शिक्षक सभ मे व्यापक असंतोष व्याप्त अछि। ओ कहलनि जे गंभीर चिंताक विषय ई अछि जे कतेको विद्यालय सभ मे उर्दू, अरबी एवं फारसीक एकमात्र शिक्षक कें सेहो सरप्लस घोषित कए स्थानांतरण सूची मे शामिल कए देल गेल अछि। जं कोनो विद्यालय मे कोनो विषयक मात्र एकटा शिक्षक उपलब्ध छथि, तं हुनका सरप्लस मानि स्थानांतरित कए देब ओहि विद्यालय मे संबंधित विषयक पढ़ाइ समाप्त करबाक समान अछि।

तेजस्वी यादव पर्याप्त छात्र संख्याबला विद्यालय सभ मे सेहो एहि विषयसभक स्वीकृत पद समाप्त कए देबाक मुद्दा उठौलनि। हुनका पांच वर्ष सं कम सेवाकाल बला शिक्षकसभ, संविदा शिक्षक सभ तथा हालहि मे स्थानांतरण प्राप्त शिक्षकसभक नाम सूची मे शामिल करबाक शिकायतक उल्लेख सेहो कएलनि।

ओ कहलनि जे ई मात्र प्रशासनिक त्रुटि नहि, बल्कि पूरा स्थानांतरण प्रक्रियाक पारदर्शिता आ निष्पक्षता पर गंभीर प्रश्नचिह्न अछि। राजद नेता कहलनि जे संस्कृतक संग-संग उर्दू सेहो भारतक माटिक साझा सांस्कृतिक विरासतक भाषा अछि। सरकारक जिम्मेदारी अछि जे दुनू भाषाक संग समानता आ सम्मानक व्यवहार कएल जाए। हुनका प्रत्येक सरकारी विद्यालय मे उर्दू आ संस्कृत विषयक शिक्षकसभक उपलब्धता सुनिश्चित करबाक दिशा मे ठोस निर्णय लेबाक मांग कएलनि। तेजस्वी यादव अनुदानित मदरसा सभ आ संस्कृत विद्यालयसभक शिक्षक-कर्मचारीसभक लगभग पांच-सात मास सं लंबित वेतनक मुद्दा सेहो उठौलनि। ओ कहलनि जे वेतन नहि भेटला सं शिक्षक-कर्मचारीसभक परिवारक शिक्षा, चिकित्सा, दैनिक खर्च आ आन आवश्यकता सभ प्रत्यक्ष रूप सं प्रभावित भए रहल अछि।

राजद नेता सरकार सं उर्दू, अरबी एवं फारसी शिक्षकसभक सरप्लस/स्थानांतरण सूची केर स्वतंत्र आ निष्पक्ष समीक्षा, नियमविरुद्ध पाएल गेल स्थानांतरण रद्द करबाक, एकमात्र विषय शिक्षक कें सरप्लस घोषित करबाक प्रक्रिया रोकबाक, स्वीकृत पद समाप्त नहि करबाक तथा लंबित वेतन शीघ्र जारी करबाक मांग कएलनि।

तेजस्वी यादव संबंधित अधिकारीसभक जवाबदेही तय करबाक आ दोषी पाएल गेल अधिकारी सभ विरुद्ध नियमानुसार कारबाइ करबाक मांग सेहो कएलनि। ओ कहलनि जे शिक्षक सभ संग अन्याय आ विद्यार्थीसभक शैक्षणिक अधिकारक उपेक्षा कोनो परिस्थिति मे स्वीकार्य नहि अछि।

# राज्य मे 1323 करोड़ रुपैया सं बिछत रेल लाइन, तीन चरण मे पूरा होयत काज

पटना, समदिया

बिहार मे रेल कनेक्टिविटी कें मजबूत करबाक लेल कतेको परियोजना पर काज चलि रहल अछि। एहि क्रम मे पटना क्षेत्र मे सेहो रेल नेटवर्क कें सुदृढ़ करबाक योजना बनाओल गेल अछि। जानकारी अनुसार लगभग 1323 करोड़ रुपैया कें लागत सं तीन चरण मे नव रेल लाइन बिछाओल जाएत। एहि सं यात्रि सभ कें सुविधा बढ़त।



पहिल चरण मे बख्तियारपुर आ फतुहाक बीच 24 किलोमीटर लंबा रेल लाइन बिछाओल जाएत। एहि परियोजना पर लगभग 931 करोड़ रुपैया खर्च होएत। नव लाइन बनला सं एहि व्यस्त रेलखंड पर ट्रेन संचालन लेल अतिरिक्त क्षमता उपलब्ध होएत। बख्तियारपुर-फतुहा रेल लाइन लेल लगभग 6.6 हेक्टेयर जमीन अधिग्रहण कएल जाएत। एहि लेल रेलवे दिस सं मंजूरी सेहो देल जा चुकल अछि।

परियोजनाक दोसर चरण मे बख्तियारपुर आ पुनारखक बीच लगभग 30 किलोमीटर लंबा रेल लाइन बिछाओल जाएत। एहि पर करीब 392 करोड़ रुपैया खर्च होएत। एहि परियोजना लेल जमीन अधिग्रहणक मंजूरी रेलवे बोर्ड दिस सं भेटल अछि। मानल जा रहल अछि जे एहि लाइनक निर्माण सं पटना-हावड़ा मुख्य रेल मार्ग पर बढ़ल दबाव मे कमी आएत। तेसर चरण मे राजेंद्र नगर सं पटना साहिब धरि रेल कनेक्टिविटी कें मजबूत करबाक दिशा मे काज होएत। पटनाक प्रमुख रेलखंड सभ पर अतिरिक्त लाइन बिछाओल जाएत। पहिने दानापुर सं पटना जंक्शन धरि तेसर आ चारिम रेल लाइन बिछाओल जाएत। एकर बाद राजेंद्र नगर टर्मिनल सं पटना साहिब धरि तेसर लाइन आ पटना साहिब सं फतुहा धरि तेसर आ चारिम लाइनक निर्माण कएल जाएत।

पटना रेल कॉरिडोरक विस्तारक सब सं पैघ फायदा ई होयत जे मौजूदा रेल नेटवर्क पर ट्रेन सभक दबाव कम होएत। एकरा सं ट्रेन परिचालन अधिक सुचारु होयत, भीड़भाड़ मे कमी आएत आ यात्रि सभ कें नीक सुविधा भेटत। नव लाइन सभ बनला सं मालगाड़ी आ यात्री ट्रेन दुनूक संचालन मे सहूलियत होयत तथा रेल सेवा अधिक प्रभावी बनत।

## एक नजरि

### अंतरराष्ट्रीय युवा दिवस पर विधानसभा अध्यक्ष देलनि शुभकामना

**पटना।** बिहार विधानसभा अध्यक्ष डॉ. प्रेम कुमार अंतरराष्ट्रीय युवा दिवसक अवसर पर समस्त युवा सभ कें हार्दिक बधाई आ शुभकामना देलनि। ओ कहलनि जे युवा देशक ऊर्जा आ प्रगतिक वास्तविक संवाहक छथि तथा राष्ट्रक भविष्य निर्माण मे हुनकर भूमिका अत्यंत महत्वपूर्ण अछि। डॉ. प्रेम कुमार कहलनि जे एहि दिवसक मुख्य उद्देश्य युवा सभक समस्या, हुनकर आवाज आ अधिकार सभ कें वैश्विक स्तर पर उजागर करब तथा राष्ट्र निर्माण मे हुनकर सक्रिय सहभागिता कें प्रोत्साहित करब अछि। ओ कहलनि जे संयुक्त राष्ट्र महासभा द्वारा वर्ष 1999 मे 12 अगस्त कें अंतरराष्ट्रीय युवा दिवसक रूप मे घोषित कएल गेल छल, जकर पहिल आयोजन 12 अगस्त 2000 मे समस्त विश्व मे कएल गेल छल। विधान सभा अध्यक्ष कहलनि जे वर्ष 2026 केर आधिकारिक थीम विभिन्न संदर्भ, समान आकांक्षाएं अछि। ई विषय एहि बात पर बल दैत अछि जे जखनकि युवा सभक जीवन परिस्थिति आ स्थानीय वास्तविकता अलग-अलग भए सकैत अछि, मुदा बेहतर भविष्य, गरिमापूर्ण जीवन, गुणवत्तापूर्ण शिक्षा आ समान अवसरक प्रति हुनकर आकांक्षा एक समान रहैत अछि। ओ युवा सभ सं शिक्षा, नवाचार, सामाजिक उत्तरदायित्व आ राष्ट्र निर्माण मे सक्रिय योगदान देबाक आह्वान करैत कहलनि जे युवाशक्ति देशक सर्वाधिक महत्वपूर्ण पूंजी अछि, जाहि सं विकसित आ समृद्ध भारतक सपना साकार भ' सकैत अछि।

### विकास भवन मे प्रवेश सं पार्किंग धरि बदलत व्यवस्था, मुख्य गेटक लग बनत होल्डिंग एरिया



**पटना।** पटना स्थित विकास भवन मे प्रवेश आ पार्किंग व्यवस्था मे महत्वपूर्ण बदलाव कएल जा रहल अछि। मुख्य द्वार पर वाहनसभक भीड़ कम करबाक लेल होल्डिंग एरिया बनाओल जायत। भवन निर्माण विभाग राजधानीक विकास भवनक मुख्य प्रवेश द्वार कें नव सिरे सं व्यवस्थित करबाक तैयारी मे जुटल अछि। विकास भवनक मुख्य द्वार पर मंत्री सभ आ वरीय अधिकारीसभक गाड़ी नहि रुकय, एकरा ध्यान मे राखि नव व्यवस्था कएल जा रहल अछि। मुख्य द्वारक निकट आन लोकसभक वाहन लेल होल्डिंग एरिया बनाओल जायत। विकास भवन मे शिक्षा, स्वास्थ्य, उद्योग, कला-संस्कृति, नगर विकास एवं आवास, गन्ना उद्योग, कृषि, मद्य निषेध आ वाणिज्यकर सहित कतेको विभागसभक कार्यालय अछि। एहि विभागसभक मंत्री सभ आ वरीय अधिकारीसभक कक्ष सेहो एतहि स्थित अछि। मुख्य द्वार पर सुरक्षा जांचक दौरान वाहन सभ कें रोकल जाइत अछि। एहि कारण मंत्री सभ आ अधिकारीसभक वाहन कतेको बेर फंसि जाइत अछि आ हुनका जांच पूरा होए धरि प्रतीक्षा करए पड़ैत अछि। एकर कारण सुरक्षा जांच मे लागल कर्मी सभ कें सेहो कठिनाइ होइत अछि। एहि समस्याक समाधान लेल भवन निर्माण विभाग निर्णय लेने अछि जे विकास भवनक मुख्य द्वारक समीप एकटा होल्डिंग एरिया बनाओल जाए। ओतहि विकास भवन मे प्रवेश कएनिहार लोकसभक जांच कएल जायत। एहि सं मुख्य द्वार पर वाहनसभक दबाव कम होयत आ मंत्री सभ तथा वरीय अधिकारीसभक वाहन कें रोकने बिना आगू जाए देल जा सकत। विकास भवनक भीतर किछु दिन पहिने दूपहिया आ कार सभ लेल नव पार्किंग बनाओल गेल छल। आब एहि पार्किंग कें आओर सुव्यवस्थित करबाक लेल नव व्यवस्था कएल जा रहल अछि।

एहि क्रम मे भवन निर्माण विभाग विकास भवनक विभिन्न विभाग सभ मे पदस्थापित ओहि अधिकारीसभक सूची तैयार करत, जाहि सभ कें चारि पहिया वाहनक सुविधा उपलब्ध अछि। सूची तैयार भेला पर संबंधित अधिकारी सभ लेल पार्किंगक स्थान सुरक्षित कए देल जायत। ओहि स्थान पर आन कोनो वाहन पार्क नहि कएल जा सकत। विभागवार पार्किंग स्थल चिह्नित कएल जायत। दूपहिया वाहनसभक संख्या बढ़ला कारण एकर पार्किंग लेल सेहो नव व्यवस्था कएल जा रहल अछि। निर्णय लेल गेल अछि जे विकास भवनक सामने स्थित सूचना भवनक खाली स्थान पर दूपहिया वाहन सभ लेल पार्किंग विकसित कएल जायत।

# पटना, गयाजी आ मुजफ्फरपुर मे डीजल सिटी बस सभ बंद



पटना, समदिया

पटना, गयाजी आ मुजफ्फरपुर शहर सभ मे डीजल सिटी बससभक परिचालन पूर्ण रूप सं बंद कएल जायत। एकर बदला इलेक्ट्रिक बस सभ चलाओल जायत। चरणबद्ध तरीका सं धीरे-धीरे तीनू शहर सभ सं डीजल सिटी बस सभ कें हटाओल जायत। बिहार मे वायु प्रदूषण नियंत्रित करबाक आ पर्यावरण अनुकूल सार्वजनिक परिवहन कें बढ़ावा देबाक लेल परिवहन विभाग ई निर्णय लेने अछि। दिसंबर धरि पटना मे 50, गयाजी मे 25 आ मुजफ्फरपुर मे 25 पीएम इलेक्ट्रिक बस सभ चलए लागत। अगिला वर्ष मार्च धरि तीनू शहर सभ मे इलेक्ट्रिक बससभक संख्या दूना कएल जायत। परिवहन विभागक अनुसार 25 अगस्त धरि मुख्यमंत्री 75 पीएम इलेक्ट्रिक बस सभ कें हरिझंडी देखा कए रवाना करताह। मार्च 2027 धरि राज्यक छह जिला सभ कें केंद्र सरकार 400 इलेक्ट्रिक बस उपलब्ध कराओत, एकर आश्वासन देल गेल अछि। योजनाक पहिल चरण लेल तैयारी तेज कएल जा रहल अछि। 25 पीएम इलेक्ट्रिक बस सभ पटना पहुंचि चुकल अछि, जाहि कें बेड़ा मे शामिल करबाक प्रक्रिया चलि रहल अछि। 25 अगस्तक बाद एहि बस सभ कें निर्धारित रूट सभ पर उतारि देल जायत। जाड़क मौसिम मे पटना, गयाजी आ मुजफ्फरपुर मे वायु गुणवत्ता सूचकांक (एक्यूआई)क स्तर 300 सं ऊपर पहुंचि गेल छल। एकरा बाद तीनू शहर सभ मे डीजल बस सभ हटेबाक कारबाइ शुरू कएल गेल।

# बिहार सरकार 628.32 करोड़ रुपैया कएलक मंजूर पटना मेट्रो निर्माण काज सभ मे आयत तेजी

## केंद्र-राज्य सरकार संग वित्तीय एजेंसी सभ सं फंडिंग

पटना, समदिया

पटना मेट्रो रेल परियोजनाक निर्माण काज सभ कें गति देबाक लेल बिहार सरकार 628.32 करोड़ रुपैयाक राशि मंजूर कएलक अछि। ई राशि वित्तीय वर्ष 2026-27 मे पूंजीगत निवेश लेल केंद्र सरकारक विशेष सहायता योजना अंतर्गत उपलब्ध कराओल गेल अछि। सरकारक एहि मंजूरी सं मेट्रो निर्माण सं जुड़ल जरूरी काज सभ लेल वित्तीय संसाधन मजबूत होयत। केंद्र आ राज्य सरकारक संग बाहरी वित्तीय एजेंसीसभक सहयोग सं परियोजनाक फंडिंग कएल जा रहल अछि।

नगर विकास एवं आवास विभागक अनुसार, स्वीकृत राशि पटना मेट्रो रेल कॉरपोरेशन लिमिटेड (पीएमआरसीएल)क माध्यम सं परियोजना पर खर्च कएल जायत। एहि राशि केर उपयोग मेट्रोक मुख्य निर्माण काज सभ मे कएल जायत। एहि सं चलि रहल काज सभ कें जारी राखबाक आ परियोजनाक गति बनौने रखबाक मे सहायता भेटत।



### केंद्रक विशेष सहायता योजना सं भेटल राशि

केंद्र सरकारक वित्त मंत्रालय 23 जुलाई 2026 कें बिहार लेल विशेष सहायता योजना अंतर्गत कुल 2925 करोड़ रुपैयाक परियोजना सभ कें मंजूरी देने छल। एकर पहिल किस्तक रूप मे 2628.32 करोड़ रुपैया जारी कएल गेल अछि। एहि राशि मे सं 628.32 करोड़ रुपैया पटना मेट्रो परियोजनाक लेल उपलब्ध कराओल जा रहल अछि।

### केंद्र-राज्यक 20-20 प्रतिशत हिस्सेदारी

पटना मेट्रो परियोजनाक कुल फंडिंग मे केंद्र सरकार आ बिहार सरकारक 20-20 प्रतिशत हिस्सेदारी अछि। परियोजनाक शेष 60 प्रतिशत राशि बाहरी वित्तीय एजेंसी सभ सं कर्जक माध्यम सं जुटाओल जाएत। एहि वित्तीय ढांचाक अंतर्गत राज्य सरकार समय-समय पर मेट्रो परियोजना लेल आवश्यक राशि उपलब्ध करबैत रहल अछि।

### प्रायोरिटी कॉरिडोरक रखरखाव डीएमआरसीक जिम्मा

पटना मेट्रोक प्रायोरिटी कॉरिडोरक संचालन आ रखरखावक जिम्मेदारी दिल्ली मेट्रो रेल कॉरपोरेशन (डीएमआरसी) कें देल गेल अछि। एहि लेल दू वर्ष आठ मासक अवधि मे रखरखाव पर लगभग 2179.37 करोड़ रुपैया खर्च होएबाक अनुमान अछि। एहि सं मेट्रो सेवा शुरू भेला पर तकनीकी आ रखरखाव सं संबंधित व्यवस्था सुचारु बनौने रखबाक मे सहायता भेटत।

628.32 करोड़ रुपैयाक एहि मंजूरी कें पटना मेट्रो परियोजनाक लेल महत्वपूर्ण वित्तीय कदम मानल जा रहल अछि। नव राशि भेटला सं निर्माण काज सभ कें आगू बढ़ेबाक आर्थिक बाधा कम होयत आ परियोजनाक गति बनल रहत।

# जापानी तकनीक सं साफ होयत पटनाक नाला सभक पानि

## मानसूनक बाद 10 घाट पर लागत बायोरिमेडिएशन मशीन

पटना, समदिया

गंगा नदी कें प्रदूषण सं बचेबाक आ शहरक छोट-छोट नालासभक गंदा पानि साफ करबाक लेल बुडको नव तकनीकक उपयोग करए जा रहल अछि। एहि अंतर्गत नालासभक पानि कें सीवेज ट्रीटमेंट प्लांट (एसटीपी) धरि लए जाएबाक बदला जापानी बायोरिमेडिएशन तकनीक सं ओतहि साफ कएल जायत। पटनाक 10 प्रमुख घाट सभ पर एहि सिस्टम कें लगाबाक तैयारी चलि रहल अछि। एकटा मशीन सं 10 लाख लीटर पानि साफ कएल जा सकत।



एहि प्रक्रिया मे जैविक तरीका सं पानि मे मौजूद गंदगी आ प्रदूषक तत्व सभ कें कम कएल जायत, जाहि सं नालाक पानि गंगा मे जाए सं पहिने बेसी साफ भए सकय।

एहि तकनीकक हालहि मे प्रोजेक्ट ब्लू इकोसिस्टम अंतर्गत एनआईटी घाट पर परीक्षण कएल गेल छल, जे सफल रहल। परीक्षणक सफलता बाद आब बरखाक मौसिम समाप्त भेला पर पटनाक 10 प्रमुख घाट सभ पर एहि सिस्टम कें लगाबाक तैयारी कएल जा रहल अछि। एहि मे गोलकपुर घाट, आलमगंज घाट आ भद्र घाट सहित आन घाट सभ शामिल अछि।

एहि मॉडल अंतर्गत करीब 1 एमएलडी अर्थात 10 लाख लीटर पानि कें शुद्ध करबाक क्षमता रहत। शहरक छोट नाला सभ सं निकलनिहार पानि गंगा मे पहुंचए सं पहिने एहि सिस्टमक माध्यम सं साफ कएल जायत। एहि सं छोट नाला सभ सं होइत प्रदूषण कें नियंत्रित करबाक आशा अछि।

# भारत छोड़ो आंदोलनक शहीद छात्र सभ कें विधानसभा मे देल गेल श्रद्धांजलि

पटना, समदिया

भारत छोड़ो आंदोलनक स्मृति मे बिहार विधानसभा अध्यक्ष डॉ. प्रेम कुमारक दिस सं उपाध्यक्ष नरेंद्र नारायण यादव सचिवालय मे झंडा फहराबयक प्रयासक दौरान शहीद भेल सात छात्रक सप्तमूर्ति स्थित आदमकद प्रतिमा सभ पर माल्यार्पण कए श्रद्धांजलि अर्पित कएलनि। एहि अवसर पर ओ बिहार विधान सभा परिसर मे स्थित ह्यअमर जवान ज्योतिह्न पर सेहो माल्यार्पण कए देश लेल बलिदान देनिहार वीर सभ कें नमन कएलनि। उपाध्यक्ष कहलनि जे स्वतंत्रता संग्रामक शहीद सभक बलिदान देशक अमूल्य धरोहर अछि, जाहि सं भावी पीढ़ी निरंतर प्रेरणा लैत रहत।



एकर उपरांत बिहार विधान सभाक पदाधिकारी सभ आ कर्मचारी सभ सेहो ह्यअमर जवान ज्योतिह्न पर माल्यार्पण कए श्रद्धांजलि अर्पित कएलनि। एहि अवसर पर उपस्थित सभ लोकनि शहीद सभक योगदान कें स्मरण करैत हुनका प्रति कृतज्ञता व्यक्त कएलनि।

# पटना मे 6 वर्ष मे 19 गुणा बढ़ल सीएनजीक खपत, प्रतिदिन 1.40 लाख किलो गैसक मांग

पटना, समदिया

राजधानी पटना मे सीएनजी नेटवर्कक लगातार विस्तार भए रहल अछि। एकर खपत सेहो कतेको गुणा बढ़ल अछि। गेल इंडिया सात वर्ष पहिने पटना मे मात्र 3 सीएनजी स्टेशन सं आपूर्ति शुरू केने छल। फरवरी 2025 धरि पटना आ आसपासक क्षेत्र सभ मे 30 स्टेशन संचालित छल। एकरा बाद सेहो स्टेशनसभक विस्तार जारी रहल आ वर्तमान मे एकर संख्या बढ़िकए 41 भए गेल अछि। गेलक महाप्रबंधक एके सिन्हा बतौलनि जे वर्ष 2019-20 मे 19 लाख किलो सीएनजीक आपूर्ति भेल छल। ओतहि 2020-21 मे 47 लाख किलो, 2021-22 मे 1.27 करोड़ किलो, 2022-23 मे 2.52 करोड़ किलो आ 2023-24 मे बढ़िकए 3.14 करोड़ किलो भए गेल। वर्ष 2024-25 मे ई आंकड़ा 3.60 करोड़ किलो धरि पहुंचबाक अनुमान छल। अर्थात 6 वर्ष मे सीएनजीक वार्षिक आपूर्ति लगभग 19 गुणा बढ़ल अछि। वर्तमान मे पटना मे प्रतिदिन 1.40 लाख किलो सीएनजीक खपत भए रहल अछि। वर्ष 2024 मे प्रतिदिन लगभग 70 हजार किलो आ वर्ष 2025 मे 90 हजार किलो प्रतिदिन खपत दर्ज कएल गेल छल। बढ़ैत मांगक कारण शहर आ आसपासक क्षेत्र सभ मे नव स्टेशन खोलबाक संग आपूर्ति ढांचा सेहो मजबूत कएल जा रहल अछि।



सीएनजी आपूर्ति मे शहरी क्षेत्रसभक पंप सभ पर जतय लंबी कतार देखल जा रहल अछि, ओतहि बिहटा जेकां ग्रामीण क्षेत्र सभ मे आबो आपूर्तिक समस्या बनल अछि। उपभोक्तासभक अनुसार कतेको बेर पंप सभ पर घंटों ह्यसीएनजी नहि अछिह्न लिखल बोर्ड टांगल रहैत अछि। एहि कारण वाहन चालक सभ कें एक पंप सं दोसर पंप धरि भटकए पड़ैत अछि। पटना आ आसपासक क्षेत्र सभ मे सीएनजी-पीएनजी आपूर्तिक लेल नौबतपुर मदर स्टेशन लंबे समय सं मुख्य आधार रहल अछि। एकर अतिरिक्त गर्दनीबाग मे सेहो मदर सीएनजी स्टेशन विकसित कएल गेल अछि। एहि सं गर्दनीबाग, चितकोहरा, अनिसाबाद, बेउर आ आसपासक इलाका सभ मे आपूर्ति सुगम बनेबाक प्रयास कएल जा रहल अछि। राजधानी मे प्रतिदिन 60 हजार सं अधिक सीएनजी वाहनसभक परिचालन भए रहल अछि। एहि मे 40 हजार सं अधिक ऑटो शामिल अछि। एकर अतिरिक्त लगभग 20 हजार निजी कार सभ सेहो सीएनजी पर चलैत अछि। एहि सभक अलावा बस आ आन वाहनसभक परिचालन सेहो होइत अछि।

सीएनजीक विस्तार संग शहर मे गैस आधारित परिवहनक दायरा निरंतर बढ़ल अछि। पेट्रोल-डीजल केर तुलना मे कम लागत आ प्रदूषण कम करबाक आवश्यकताक कारण ऑटो, टैक्सी आ निजी वाहन सभ मे सीएनजीक मांग तेजी सं बढ़ल अछि।

# हाइटेंशन तारक चपेट मे आयल भाय-बहिन

# बहिनक मृत्यु, भायक स्थिति गंभीर

## शव पोस्टमार्टमक बाद घर पहुंचिते आक्रोशित भीड़ केलक सड़क जाम

**बेनीपट्टी, समदिया**

बेनीपट्टीक लोहिया चौक सं प्रखंड कार्यालय जेबाक मार्ग मे वार्ड 18 स्थित एयरटेल टावरक लग हाइटेंशन तारक चपेट मे आबि घायल भेल युवतीक मृत्यु भए गेल। मृतकाक पहचान स्व. जगदीश साहक पुत्री शिव कुमारी (17)क रूप मे भेल अछि। ओतहि मृतकाक भाय राज कुमार साहक स्थिति सेहो नाजुक बताओल जा रहल अछि। हुनकर इलाज दरभंगाक एक निजी अस्पताल मे चलि रहल अछि। बताओल जाइत अछि जे सोमदिन राति करीब 10 बजे मृतका आ हुनकर भाय छत पर गेल छलाह। ओतय पहिने सं हाइटेंशन तार झूलि रहल छल, जे अनचोके टूटि दूनूक शरीर पर खसि गेल। एहि कारण दूनू भाय-बहिन बुरी तरह झुलसि गेलाह। स्थानीय लोकक सहयोग सं आनन-फानन मे घायल



दूनू कें इलाज लेल अनुमंडलीय अस्पताल लए गेल गेल, जतय चिकित्सक बहिन कें मृत घोषित कए देलनि। ओतहि भाय केर हालत नाजुक देख नीक इलाज लेल डीएमसीएच, दरभंगा रेफर कएल गेल, जतय हुनकर इलाज चलि रहल अछि। घटनाक सूचना थाना पुलिस कें देल गेल। एसआई अशोक कुमार आ राम कुमार सिंह कागजी प्रक्रिया पूरा कए युवतीक शव पोस्टमार्टम लेल सदर अस्पताल, मधुबनी पठा देलनि। ओतहि मंगलदिन पोस्टमार्टमक बाद शव घर पहुंचैतहि स्थानीय लोक मे आक्रोश आरो गहीर भए गेल। एकर बाद आक्रोशित भीड़ मृतकाक घरक लग बेनीपट्टी-उमगांव मुख्य मार्ग कें बांस-बल्ला लगा जाम कए देलक। एहि कारण सड़कक दूनू दिस वाहनक लंबा कतार लागि गेल। आक्रोशित लोक बेनीपट्टी मुख्यालय मे लुंज-पुंज अवस्था मे झूलि रहल बिजलीक तार कें दुरुस्त करबाक तथा मृतकाक आश्रित कें उचित मुआवजा देबाक मांग कए रहल छलाह। जामक सूचना भेटलाक बाद बीडीओ महेश्वर पंडित, पूर्व जिला परिषद सदस्य राजेश यादव, पैक्स अध्यक्ष योगीनाथ मिश्र बबलू, वार्ड पार्षद प्रतिनिधि नथुनी राम आ बिजली विभागक जेई घटनास्थल पर पहुंचि आक्रोशित लोक सं वार्ता केलनि। बहुत देर धरि वार्ताक बाद मुआवजा देबाक आ बिजली व्यवस्था दुरुस्त करबाक आश्वासन भेटलाक बाद जाम हटाओल गेल। एकर बाद यातायात व्यवस्था सुचारु भए सकल। बताबी जे मृतकाक पिताक कतेको वर्ष पहिने निधन भए गेल छल। हुनकर मां सुनीता देवी मध्य विद्यालय, बेनीपट्टी मे रसोइयाक काज करैत छथि। परिवार मे दू पुत्र आ दू पुत्री छथि। चारि भाय-बहिन मे मृतका सभ सं छोट छलि आ अगिला वर्ष हुनकर विवाह होयबाक छल। ओतहि घायल भाय चारू भाय-बहिन मे सभ सं पैघ छथि आ एखन जिंदगी आ मृत्युक बीच संघर्ष कए रहल छथि।

# नेपालक वरिष्ठ साहित्यकार राजेंद्र विमलक राजकीय सम्मानक संग भेल अंत्येष्टि

**जनकपुरधाम, समदिया**

नेपालक वरिष्ठ साहित्यकार डॉ. राजेंद्र विमलक निधन मंगलदिन भोर जनकपुरधामक एक निजी अस्पताल मे भए गेल। हुनकर आखरी संस्कार राजकीय सम्मानक संग जनकपुरधामक गंगासागर तट पर स्थित स्वर्णद्वारी मे कएल गेल। अंत्येष्टिक समय संस्कृति, पर्यटन मंत्री खड्ग राज पौडेल, मधेश प्रदेशक गवर्नर तथा मृतक डॉ. विमलक अनुज डॉ. सुरेंद्र लाभ, मधेश प्रदेशक सभापति रामाशीष यादव, स्थानीय सांसद मनीष कुमार झा, मेयर मनोज कुमार साह सहित पैघ संख्या मे साहित्यकार आ नगरक गणमान्य लोक उपस्थित छलाह। हुनकर पार्थिव शरीर पर नेपाली झंडा ओढ़ाओल गेल। पुलिस शोक धुन बजबैत सलामी देलक। हुनकर पैतृक आवास पर भोरहि सं श्रद्धांजलि देबाक लेल मधेश प्रदेशक मुख्यमंत्री सहित कतेको लोकक आगमन होइत रहल। करीब ढाई बजे गाजा-बाजाक संग स्व. डॉ. राजेंद्र विमलक पार्थिव शरीर हुनकर आवास सं निकालल गेल। जनक चौक पर



किछु समय आम नागरिकक दर्शन लेल पार्थिव शरीर राखल गेल, जतय लोक सभ दिवंगत साहित्यकारक आखरी दर्शन केलनि।

डॉ. राजेंद्र विमल रामस्वरूप रामसागर महाविद्यालय, जनकपुरधाम मे 30 वर्ष सं बेसी समय धरि नेपाली विषयक वरिष्ठ प्राध्यापकक रूप मे सेवा देलनि। ओ नेपाली सं बेसी मैथिली साहित्यकारक रूप मे परिचित छलाह। मैथिली सहित कतेको अन्य भाषाक हुनका पर नीक पकड़ छल। नेपाल सरकार सहित विभिन्न संस्थासभक दिस सं हुनका कतेको बेर सम्मानित सेहो कएल गेल छल।

### उच्चैठक 13 भूमिहीन कें देल गेल बासगीत पर्चा

**बेनीपट्टी।** बेनीपट्टी प्रखंडक टीपीसी भवनक सभागार मे आयोजित बीस सूत्रीक बैसार संपन्न भेलाक बाद भूमिहीनसभक बीच पर्चाक वितरण कएल गेल। पूर्व मंत्री सह विधायक विनोद नारायण झा, विधान पार्षद घनश्याम ठाकुर आ अंचल अधिकारी अभिषेक आनंद एक दर्जन सं बेसी भूमिहीन के बासगीत पर्चा देलनि। जिनका-जिनका पर्चा देल गेल, ताहि मे उच्चैठक रिंकू देवी, कागल देवी, माला देवी, संजिला देवी, शालों देवी, रानीवती देवी, संगिया देवी, पूनम देवी, चांदनी देवी, रूबी कुमारी, शैल कुमारी, केवला देवी आ सोनाबती देवी शामिल छथि। पर्चा भेटलाक बाद भूमिहीनसभक चेहरा खुशी सं खिलि उठल। सिद्धपीठ उच्चैठ भगवती स्थानक खंडहरनुमा धर्मशालाक लग बसल भूमिहीन सभ द्वारा अतिक्रमण खाली कराओल जाएबाक समय एसडीएमक समक्ष पहिने बसाबय आ तकर बाद ओतए सं हटाबयक आग्रह कएल गेल छल।

# भटकि कए सिमरी बख्तियारपुर स्टेशन पहुंचल 10 वर्षक बच्चा

**सहरसा, समदिया**

सिमरी बख्तियारपुर रेलवे स्टेशन पर मंगलदिन सांझ एक 10 वर्षक बच्चा भटकि कए पहुंचि गेल। स्टेशन पर बच्चाक जोर-जोर सं रोबाक आवाज सुनि एक यात्री ऑन ड्यूटी स्टेशन मैनेजर संजय कुमार कें सूचना देलनि। स्टेशन मैनेजर तत्काल बच्चा कें अपन लग बजा स्टेशन अधीक्षकक कार्यालय मे सुरक्षित बैसौलनि। बताओल जाइत अछि जे किछु देर पहिने सहरसा सं मानसी लेल पैसेंजर ट्रेन सिमरी बख्तियारपुर पहुंचने छल। आशंका व्यक्त कएल जा रहल अछि जे बच्चा ओहि ट्रेन सं भटकि कए स्टेशन पर उतरि गेल होयत। रेलकर्मीसब बच्चा कें खाय-पीबाक सामग्री उपलब्ध करौलनि आ हुनकर घर-परिवारक संबंध मे पूछताछ केलनि। पूछताछक



दौरान बच्चा अपन पिताक नाम फूलो राय बतौलक आ सहरसा बस्ती निवासी होयबाक जानकारी देलक। एकर बाद रेल प्रशासन तत्काल परिजन सं संपर्क कए हुनका बच्चाक स्टेशन पर सुरक्षित रहबाक सूचना देलक। सूचना भेटितहि मंगलदिन राति बच्चाक पिता सिमरी बख्तियारपुर स्टेशन पहुंचला। बच्चा सेहो अपन पिता कें पहचानि लेलक। आवश्यक पूछताछ आ कागजी प्रक्रिया पूरा भेलाक बाद रेल अधिकारी सभ बच्चा कें हुनकर पिताक सुपुर्द कए देलनि।

### प्रोफेसर बनबाक बाट मे उम्रक दीवार किएक : डॉ. संजीव

**पटना।** बिहार मे सहायक प्राध्यापक बनबाक प्रतीक्षा कए रहल हजारो अभ्यर्थीक लेल नियुक्ति परिनियम-2026 नव परेशानी ठाढ़ करैत देखाइत अछि। बिहार विधान परिषदक सदस्य आ याचिका समितिक अध्यक्ष डॉ. संजीव कुमार सिंह मुख्यमंत्रीके पत्र पठा कए नियुक्ति नियम मे बदलावक मांग कएलनि अछि। ओ कहलनि जे वर्षो सं लंबित नियुक्ति प्रक्रियाक बीच अधिकतम उम्र सीमा 43 वर्ष निर्धारित करब पैघ संख्या मे योग्य अभ्यर्थीकें अवसर सं वंचित कए देत। ओ अधिकतम उम्र सीमा पूर्वक भांति 55 वर्ष करबाक मांग कएलनि अछि। डॉ. सिंह 11 अगस्तके मुख्यमंत्रीके पठाओल पत्र मे नियुक्ति परिनियम-2026क कतेको धारापर सवाल उठौलनि अछि। हुनकर कहब अछि जे नियम बनबैत काल बिहारक स्थानीय आ दीर्घकाल सं नियुक्तिक प्रतीक्षा कए रहल अभ्यर्थीक हितक पर्याप्त ध्यान नहि राखल गेल अछि।

# पंचायत समितिक बैसार मे विकास काज मे गड़बड़ीक मुद्दा, पदाधिकारी देलनि करगर निर्देश

**कुशेश्वरस्थान, समदिया**

प्रखंड मुख्यालय स्थित डॉ. भीमराव आंबेडकर सभागार मे मंगलदिन पंचायत समितिक बैसार प्रखंड प्रमुख अंजनी भारतीक अध्यक्षता मे भेल। बैसार मे पूर्वक बैसार मे पारित प्रस्ताव सभ पर एखन धरि कारबाइ नहि भेलाक लए सदस्य सभ नाराजगी व्यक्त केलनि। कुशेश्वरस्थान दक्षिणी पंचायतक मुखिया मोहम्मद इलाम कहलनि जे पंचायत सरकार भवनक निर्माण काज एखनहुं लंबित अछि। ओ किसानक खेत मे पटवन लेल बिजलीक व्यवस्था करबाक मांग केलनि। ई प्रस्ताव पूर्वक बैसार मे पारित भए चुकल अछि, मुदा एखन धरि एकर क्रियान्वयन नहि भेल अछि। तिलकेश्वर पंचायतक मुखिया प्रमिला देवी कहलनि जे पंचायत सरकार भवनक उद्घाटन भए चुकल अछि, मुदा भवनक निर्माण



काज अधूर अछि। ओ गोलमा डीह मे प्राथमिक विद्यालय आ स्वास्थ्य उपकेंद्र बनयबाक मांग सेहो रखलनि। भिंडुआक मुखिया नवल किशोर राय प्राथमिक विद्यालय करौतवा पूर्वीक अधूर चारदीवारी आ निमार्णाधीन पंचायत सरकार भवनक निर्माण काज शीघ्र पूरा करयबाक मांग केलनि। सुघराइनक समिति सदस्य सुधीर कुमार ग्राम कचहरी सुघराइन परिसरक चारदीवारी करयबाक प्रस्ताव देलनि। महिशौथक मुखिया राजेश पासवान सिसौना सं केवटगामा धरि जर्जर सड़कक निर्माण करयबाक मांग केलनि। ओ कहलनि जे बरसात मे आवागमन बाधित अछि। ताहि लेल तत्काल ईंटक टुकड़ा खसल सड़क कें चलबाक योग्य बनाओल जाय। बैसार मे आंधी-पानि सं भेल फसल क्षतिक सहायता राशि वितरण मे समन्वयकक मनमानीक जांच करयबाक मांग सेहो उठल। सीओ द्वारा पर्चा वितरण मे कर्मचारीसभक मनमानीक आरोप लगाओल गेल। कहल गेल जे योग्य लाभुक सभ कें पर्चा नहि भेटल अछि। मामिलाक जांच कए दोषी सभ पर कारबाइ करबाक मांग कएल गेल। तिलकेश्वरक मुखिया प्रमिला देवी पंचायत मे आंगनबाड़ी केंद्र नहि चलबाक शिकायत केलनि। एहि पर एलएस नीतू कुमारी कहलनि जे केंद्र संचालित अछि आ हुनका लग एहि संबंध मे कोनो शिकायत नहि आयल अछि। उसरीक मुखिया पूनम देवी कहलनि जे मनरेगा सं पशु शेडक निर्माण भेलाक बादो राशि भुगतान नहि कएल गेल अछि।

# जनकल्याणकारी योजनाक भेल विस्तृत समीक्षा, कमी दूर करबाक निर्देश

**बेनीपट्टी, समदिया**

प्रखंड कार्यालय स्थित मेघदूतम टीपीसी भवनक सभागार मे अध्यक्ष बबलू गुप्ताक अध्यक्षता मे बीस सूत्री क्रियान्वयन समितिक बैसार भेल। बैसारक संचालन सचिव सह बीडीओ महेश्वर पंडित केलनि। बैसार मे बिहार सरकारक पूर्व मंत्री सह विधायक विनोद नारायण झा आ विधान पार्षद घनश्याम ठाकुर सेहो शामिल भेलाह। बैसार मे सदस्य सभ जनकल्याणकारी योजनाक संबंध मे सदन मे सवालक बौछार कए देलनि। खास कए जलसंकटक स्थिति के देखैत नल-जल योजनाक वर्तमान स्थिति पर सदस्य सभ नाराजगी व्यक्त केलनि। बैसार मे पीएनबी छोड़ि अन्य बैंकक कोनो प्रतिनिधि तथा किछु विभागक




अधिकारी अथवा प्रतिनिधिक उपस्थित नहि रहबाक कारण सदस्य सभ गहीर नाराजगी प्रकट केलनि। बैंककर्मी उपस्थित नहि रहबाक कारण केसीसी आ जीविका के भेटयवाला ऋणक संबंध मे चर्चा नहि भए' सकल। विधायक एहि मामिला के गंभीरता सं लैत वित्त मंत्री के जानकारी देबाक तथा सचिवक माध्यम सं जिलाधिकारी के सेहो सूचित करबाक निर्देश देलनि। ओतहि चीनी मिल के चालू करबाक दिशा मे पहल लेल सम्राट चौधरी सरकारक स्वागत कएल गेल। संगहि सदस्य सभ सं आग्रह कएल गेल जे जं कोनो किसान गन्नाक उत्पादन लेल इच्छुक छथि तं' हुनका प्रेरित करथि। एकरा लेल किसान सभ के आवश्यक खाद-बीज उपलब्ध कराओल जाएत। किसान गन्नाक उत्पादन कए मिल के देताह। रैयाम चीनी मिल लेल बेनीपट्टी आ कलुआही के जोड़ल गेल अछि। जलसंकट के देखैत सदन मे नगर पंचायतक कार्यपालक पदाधिकारी सं जानकारी लेल गेल। कार्यपालक पदाधिकारी बतौलनि जे फिलहाल 11 टैंकर सं पानि आपूर्ति कराओल जा रहल अछि। बैसार मे उपस्थित विधायक सदस्य सभ द्वारा सदन मे उठाओल गेल जनसमस्या सभ के एक सप्ताहक भीतर दूर करबाक आ बीस सूत्रीक बैसार प्रत्येक दू मास पर निश्चित रूप सं करबाक निर्देश देलनि। बैसारक कार्यवाही शुरू होयबा सं पहिने सचिव सह बीडीओ द्वारा सभ अतिथि, अधिकारी आ सदस्य सभ के मिथिलाक परंपराक अनुसार पाग-दोपट्टा सं सम्मानित कएल गेल। बैसार मे प्रमुख सोनी देवी, आरडीओ अकरम नजफी, एमओ रोहित रंजन झा, मनरेगा पीओ संजीव रंजन मिश्र, बीसीओ सुरेश राम, बीएओ नौशाद अहमद, भ्रमणशील पशु चिकित्सा पदाधिकारी डॉ. सुमन कुमार, पीएचसीक प्रभारी चिकित्सा पदाधिकारी डॉ. पीएन झा, एजीएम आफताब आलम, सदस्य प्रदीप झा बासु, नरेश यादव, संजय मिश्र संजू, चंदन ठाकुर, मदन कुमार कर्ण, वंदना झा, नसीम नदाफ, धनेश्वर राम, संजीव झा मुन्ना, रामहित यादव सहित अन्य उपस्थित छलाह।

# मिथिला हाट मे मधुश्रावणी डाली सज्जा प्रतियोगिताक नवम दिन जुटली नवविवाहिता

**झंझारपुर, समदिया**

मिथिलाक लोक आस्था आ परंपराक प्रतीक मधुश्रावणी डाली सज्जा प्रदर्शनी प्रतियोगिताक नवम दिन मंगलदिन सांझ उल्लास आ श्रद्धाक संग मनाओल गेल। बिहार राज्य पर्यटन विकास निगमक इकाई मिथिला हाट मे आयोजित एहि प्रतियोगिता मे जिलाक विभिन्न गाम सं आएल नवविवाहिता सभ अपन कलाक प्रदर्शन कए सभक मन मोह लेलनि। प्रतियोगिताक नवम दिन कुल 31 नवविवाहिता भाग लेलनि। प्रतियोगिता मे कुरसोंक गीतू झा, जुली झा, चांदनी कुमारी, कैथिनियाक पूजा ठाकुर, हटनीक नेहा ठाकुर, ज्योति झा, बाथक जूही झा, बरसामक नंदिनी झा,




मधेपुरक ज्योति कुमारी, बाथक चंदा झा, महरैलक काजल पाठक, बिरौलक चांदनी झा, श्रुति झा, मेंहथक नेहा झा, अमौजाक रिशु मिश्रा, स्वाति झा, चुन्नी-मधेपुरक राखी झा, महरैलक कृति ठाकुर, शिवाक रानी झा, रंजना ठाकुर, फुलपरासक निधि मिश्रा, बेबी झा, सरसोंपाहीक आशु झा, नवटोली मधुबनीक श्वेता मिश्रा, ब्रह्मोत्तराक सोनी कुमारी, कुमकुम कुमारी, चुन्नीक आशा झा, चनौरागंजक प्रीति झा, दीपक ज्योति कुमारी, चनौरागंजक प्रीति कुमारी आ प्र-ब्रह्मोत्तराक सुनयना झा शामिल भेल रहथि। प्रतियोगिता मे सातो श्रृंगार सं सजि-धजि, पयर मे पायल केर रुनझुन आवाज, सहेलीक हंसी-ठिठोली आ लोकगीतक धुनक संग सभ नवविवाहिता हाथ मे मधुश्रावणी डाली लेने मिथिला हाट परिसर मे प्रवेश कयलनि। नवम दिन बाथक चंदा झा विजेता बनली।

# सीएम साइंस कॉलेज मे नशामुक्ति शपथ ग्रहण समारोह आयोजित

**दरभंगा, समदिया**

सीएम साइंस कॉलेजक राष्ट्रीय सेवा योजना इकाइक तत्वावधान मे मंगलदिन ह्यनशामुक्ति जागरूकता अभियान सह शपथ ग्रहण समारोहह्ळक आयोजन कयल गेल। कॉलेजक मुख्य द्वारपर आयोजित कार्यक्रम मे प्रधानाचार्य प्रो. संजीव कुमार मिश्र उपस्थित शिक्षक, शिक्षकेतर कर्मचारी आ राष्ट्रीय सेवा योजनाक स्वयंसेवकसभके नशामुक्तिक लेल शपथ दियौलनि। अपन संबोधन मे ओ खास कए युवासभके नशा सं दूर रहबाक आ समाज मे नशाक दुष्परिणामक प्रति जागरूकता पसारबाक आह्वान कएलनि। राष्ट्रीय सेवा योजनाक



स्वयंसेवक छात्र-छात्रा सभ ह्यनशाके कहू ना, स्वस्थ जीवनके कहू हांह्ळ आ ह्यनशा छोड़ू, जीवन जोड़ूह्ळ सन नाराक माध्यम सं बाट चलैत लोकसभके नशा सं होबयवला शारीरिक, मानसिक आ सामाजिक दुष्प्रभावक प्रति जागरूक कएलनि। स्वयंसेवक सभ नशाक विरुद्ध जागरूकता अभियान चलबैत नशामुक्त समाजक निर्माणक संदेश देलनि। राष्ट्रीय सेवा योजनाक कार्यक्रम पदाधिकारी डॉ. युगेश्वर साहक नेतृत्व मे आयोजित कार्यक्रमके सफल बनाबय मे जोहा, मेहविश, अनामिका, राखी, सोनू सहित राष्ट्रीय सेवा योजनाक अन्य स्वयंसेवक सभ सक्रिय सहभागिता देलनि।

# मंडल कारा मे बंद ब्रह्मोत्राक रौशनक संदेहास्पद स्थिति मे मृत्यु

**बेनीपट्टी, समदिया**

मंडल कारा मधुबनी मे दू मास सं बंद कैदी अरेर थाना क्षेत्रक ब्रह्मोत्रा गाम निवासी स्वर्गीय रामदयाल यादवक 19 वर्षीय पुत्र रौशन कुमार यादवक संदेहास्पद स्थिति मे मृत्यु भए गेल। जेल प्रशासनक अनुसार रौशन जेलक भीतर फांसी लगा कए आत्महत्या केने छल। ओतहि परिजन जेल प्रशासनक एहि दावापर सवाल उठबैत युवकक हत्या कएल गेल होयबाक आशंका जतौलनि आ मामिलाक निष्पक्ष जांचक मांग केलनि। परिजनक अनुसार, रौशनक शरीर पर कईटा निशान देखल गेल अछि, जे संदेह के आरो मजबूत करैत अछि। बताओल जाइत अछि जे रहिका थाना मे दर्ज कांड संख्या



141/26क अंतर्गत आर्म्स एक्टक मामिला मे रौशन के जेल पठाओल गेल छल। ओ 27 मई सं रामपट्टी जेल मे बंद छल। परिजनक अनुसार, बीतल शनिदिन 8 अगस्त के रौशनक मां फूलो देवी आ बहिन ममता कुमारी हुनका सं भेंट करबाक लेल रामपट्टी जेल गेलीह। परिजनक कहब अछि जे मुलाकातक समय रौशनक स्थिति सामान्य छल। परिवारक लोक हुनका पाइक संग फल दए गाम वापस आबि गेल छलाह। एकर बाद बीतल राति परिजन के रहिका थाना दिस सं सूचना देल गेल जे रौशनक तबीयत खराब भेलाक बाद हुनका सदर अस्पताल लए जायल गेल, जतय हुनक मृत्यु भए' गेल। ओतहि जेल प्रशासन दिस सं मृत्यु फांसी लगा कए आत्महत्या करबाक कारणे भेल बताओल गेल। मंगलदिन भोर मे शवक पोस्टमार्टम कराओल गेल, जकर बाद शव परिजन के सौंप देल गेल। शव गाम पहुंचलाक बाद अरेर थाना के एसआई अमित कुमार पुलिस बलक संग ब्रह्मोत्रा गाम पहुंचलाह आ मामिलाक जांच शुरू कएलनि। ओतहि परिजन थाना आ एसपी के आवेदन दए जेल प्रशासनक विरुद्ध कारबाइ करबाक तथा युवकक मृत्यु के निष्पक्ष जांच करबाक मांग केलनि।

परिजनक सवाल अछि जे जेलक कड़ा सुरक्षा व्यवस्थाक बीच युवक फांसी कोना लगा सकल? ओ सभ मृत्यु परिस्थितिक गहन जांच करबाक मांग केलनि। दोसर दिस, घटना सं आक्रोशित लोक सभ शव के ग्रामीण सड़क पर राखि जाम कए देलनि आ निष्पक्ष जांचक मांग करैत रहलाह। जामक सूचना भेटलाक बाद बीडीओ महेश्वर पंडित, पूर्व जिप सदस्य राजेश यादव आ संबंधित थाना पुलिस घटनास्थल पर पहुंचि लोक सभ सं वार्ता केलनि। बहुत बुझओल-बुझेलाक बाद आक्रोशित भीड़ शांत भेल, जकर बाद शवक आखरी संस्कार कएल गेल। मृतकक बहिन मुखाग्नि देलीह।

# मखान कें व्यवसाय सं जोड़ि किसान बढ़ाबथि अपन आमदनी : विशेषज्ञ

## 200 सं बेसी किसान लए चुकलाह लाभ

» झंझारपुर कृषि केंद्र नवानी मे देल गेल प्रशिक्षण

झंझारपुर, समदिया

डॉ. राजेंद्र प्रसाद केंद्रीय कृषि विश्वविद्यालय, पूसाक अधीन क्षेत्रीय अनुसंधान केंद्र, झंझारपुर द्वारा मंगलदिन झंझारपुरक नवानी गाम मे मखान उत्पादन एवं उद्यमिता विकास विषय पर एकदिवसीय कृषक प्रशिक्षण कार्यक्रम आयोजित कएल गेल। ई प्रशिक्षण केंद्रीय प्रायोजित उन्नत मखान अनुसंधान एवं विकास केंद्रक तत्वावधान मे आयोजित भेल, जाहि मे जिलाक 50 सं बेसी किसान भाग लेलनि। ई प्रशिक्षण श्रृंखलाक ई चारिम चरण छल। एखन धरि विभिन्न गामक 200 सं बेसी किसान कें मखानक वैज्ञानिक खेती, उत्पादन तकनीक आ उद्यमिता विकासक प्रशिक्षण देल जा चुकल अछि। क्षेत्रीय अनुसंधान केंद्र, झंझारपुरक प्रभारी डॉ. संजय कुमार खेत आ जलाशयक तैयारी, पौध स्थापना, पोषक तत्व आ जल प्रबंधन, खर-पतवार नियंत्रण तथा उत्पादन बढ़ाबयक वैज्ञानिक तकनीकक जानकारी देलनि। डॉ.



सुनील कुमार मंडल मखान मे लागयवला प्रमुखकीट-रोगक पहचान आ समेकित कीट-रोग प्रबंधनक संबंध मे जानकारी देलनि। डॉ. जगपाल कहलनि जे मखानक संग माछ पालन अपनाकऽ किसान जल संसाधन सं अतिरिक्त आमदनी कमा सकैत छथि। आशीष राय उद्यमिता पर चर्चा करैत कहलनि जे प्रोसेसिंग, ग्रेडिंग, पैकेजिंग, ब्रांडिंग आ मूल्य संवर्धनक माध्यम सं मखान कें लाभकारी व्यवसाय मे बदलल जा सकैत अछि। प्रशिक्षणक दौरान किसान सभ मखान उत्पादन सं जुड़ल अपन समस्या आ सवाल वैज्ञानिकसभक समक्ष रखलनि, जाहि पर वैज्ञानिक सभ द्वारा मौके परे व्यावहारिक समाधान देल गेल। किसान सभ पूरा कार्यक्रम मे उत्साहपूर्वक भाग लेलनि। कार्यक्रमक संचालन अजय लाल दास केलनि, जखन कि धन्यवाद ज्ञापन धीरेंद्र कुमार केलनि। वैज्ञानिक सभ किसान सभ सं अपील केलनि जे ओ वैज्ञानिक तकनीक आ मूल्य संवर्धन कें अपनाकऽ मखान उत्पादन कें आरो बेसी लाभकारी बनाबथि। कृषि विशेषज्ञक मानब अछि जे ई पहल मिथिला मे मखान आधारित उद्यमिता कें बढ़ावा दए किसानक आमदनी आ रोजगारक अवसर बढ़ेबा मे मीलक पाथर साबित भए सकैत अछि।

# हर घर तिरंगा अभियानक लेल निकलल साइकिल रैली

## ग्रामीण आ स्कूली बच्चा सभ उत्साहपूर्वक लेलनि भाग

जयनगर, समदिया

स्वतंत्रता दिवसक उपलक्ष्य मे चलाओल जा रहल हर घर तिरंगा–2026 अभियानक अंतर्गत 48वीं वाहिनी सशस्त्र सीमा बल, जयनगरक ई समवाय हरने आ एकर अधीनस्थ सीमा चौकी खौना तथा नहरनियां द्वारा 11 अगस्त 2026कें भोर 8:30 सं 10 बजे धरि जागरूकता कार्यक्रम आ हर घर तिरंगा साइकिल रैलीक आयोजन उत्साहपूर्वक कएल गेल। कार्यक्रमक दौरान एसएसबी जवान सभ सीमावर्ती क्षेत्रक स्थानीय ग्रामीण आ विद्यालयक बच्चा सभ कें राष्ट्रीय ध्वजक महत्व, ओकर सम्मान तथा राष्ट्रीय एकता आ अखंडताक प्रति जागरूक केलनि। ग्रामीण आ बच्चा सभ कें अपन-अपन घर पर तिरंगा फहराबय तथा हर घर तिरंगा अभियान मे सक्रिय सहभागिता करबाक लेल प्रेरित कएल गेल। एकर बाद स्थानीय ग्रामीण आ बच्चा सभ हाथ मे तिरंगा लेने हर घर तिरंगा साइकिल रैली निकाललनि। रैली मे बच्चा सभ विशेष उत्साह आ जोशक संग भाग लेलनि। तिरंगाक संग निकलल एहि रैली सं सीमावर्ती



क्षेत्र मे देशभक्ति, राष्ट्रीय गौरव आ एकताक संदेश देल गेल। एहि अवसर पर 48वीं वाहिनी सशस्त्र सीमा बल, जयनगरक कमांडेंट राजेंद्र कुमार कहलनि जे हर घर तिरंगा अभियान मात्र राष्ट्रीय ध्वज फहराबयक कार्यक्रम नहि, बल्कि प्रत्येक नागरिकक मन मे राष्ट्रक प्रति सम्मान, गौरव आ जिम्मेदारीक भाव कें मजबूत करबाक अभियान अछि। ओ कहलनि जे सीमावर्ती क्षेत्र मे रहनिहार ग्रामीण आ बच्चासभक एहि तरहक राष्ट्रीय अभियान मे सहभागिता राष्ट्रीय एकता आ सामाजिक सौहार्द कें आरो मजबूत करैत अछि। ओ सभ सीमावर्ती नागरिक सं आह्वान केलनि जे स्वतंत्रतादिवसक अवसर पर अपन घर पर तिरंगा फहराय हर घर तिरंगा अभियान कें सफल बनाबी आ राष्ट्रक एकता आअखंडताक प्रति अपन प्रतिबद्धता व्यक्त करी। कमांडेंट कार्यक्रम मे शामिल सभ ग्रामीण, बच्चा आ एसएसबी कार्मिकक सक्रिय सहभागिताक सराहना केलनि। कार्यक्रम शांतिपूर्ण, सौहार्दपूर्ण आ उत्साहपूर्ण वातावरण मे सफलतापूर्वक संपन्न भेल।

# मिथिला क्षेत्र मे कौशल विकासक हब बनत दरभंगा : डॉ. गोपाल जी ठाकुर

## पीएम सेतु योजना मे कलस्टरक रूप मे केंद्र सरकार केलक चयन

दरभंगा, समदिया

केंद्र सरकारक दिस सं दरभंगा कें एक बेर फेर ऐतिहासिक सौगात भेटल अछि। दरभंगा सहित मिथिला क्षेत्रक युवासभक कौशल विकास, तकनीकी प्रशिक्षण आ रोजगारक अवसर कें नव गति देबाक दिशा मे बिहार मे दरभंगा कें पीएम सेतु योजनाक अंतर्गत कलस्टरक रूप मे चयन कएल गेल अछि। दरभंगा लोकसभा क्षेत्रक रामनगर आईटीआई आ बेनीपुर सरकारी आईटीआई कें विश्वस्तरीय संस्थानक रूप मे विकसित करबाक लेल 241 करोड़ टका राशि मंजूर कएल गेल अछि। एहि राशि सं दूनू संस्थान मे शीघ्र विकास कार्य शुरू कएल जायत। स्थानीय सांसद सह लोकसभा मे भाजपा सचेतक डॉ. गोपाल जी ठाकुर एहि संबंध मे जानकारी दैत कहलनि जे पीएम सेतु योजनाकअंतर्गत आईटीआई दरभंगा कें हब आईटीआईक रूप मे चयनित कएल गेल अछि। एहि सं दरभंगा कें मिथिलाक कौशल विकासक प्रमुख केंद्रक रूप मे



विकसित होयबाक अवसर भेटत आ मिथिला क्षेत्र मे रोजगारक दृष्टि सं ई महत्वपूर्ण साबित होयत। सांसद डॉ. ठाकुर कहलनि जे एहि महत्वपूर्ण विषय कें लए ओ केंद्रीय कौशल विकास एवंउद्यमिता मंत्री जयंत चौधरी सं भेंट कए आभार व्यक्त केलनि। संगहि एहि मुद्दा पर बैसार कए समीक्षा सेहो कएलनि। बैठकक बाद मंत्री कें पत्र सौंपि कौशल विकास सं संबंधित विभिन्न विषय पर ध्यान आकृष्ट कराओलगेल। सांसद डॉ. ठाकुर कहलनि जे पीएम सेतु योजनाक अंतर्गत केंद्र सरकार द्वारा देशभरक 1,000 सरकारी आईटीआई कें आधुनिक बनाबय आ लगभग 20 लाख युवा सभ कें प्रशिक्षण देबाक लक्ष्य राखल गेल अछि। एहि योजनाक अंतर्गत आईटीआई कें हब आ 800 स्पोक आईटीआईक माध्यम सं उद्योगसभक सहभागिता सं आधुनिक प्रशिक्षण व्यवस्था विकसित कएल जायत। ओ कहलनि जे बिहार मे पीएम सेतु योजनाक अंतर्गत दरभंगा लोकसभा क्षेत्रक रामनगर आईटीआई कें हब तथा बेनीपुर आईटीआई कें स्पोकक रूप मे विकसित कएल जायत। दूनू संस्थान लेल आधुनिक आधारभूत संरचना, प्रयोगशाला आ तकनीक लेल 162 करोड़, उच्चस्तरीय प्रशिक्षण लेल 40 करोड़ तथा संस्थानक विकास लेल 121 करोड़ टका राशि निर्गत कएल जा चुकल अछि। दूनू संस्थान मे विकास कार्यक शीघ्र शुभारंभ कएल जायत। सांसद डॉ. ठाकुर केंद्र सरकारक एहि पहल कें मिथिला क्षेत्रक युवा सभ लेल आधुनिक तकनीकी प्रशिक्षण, उद्योग आधारित कौशल, अप्रेंटिसशिप आ रोजगारक दिशा मे महत्वपूर्ण कदम बतौलनि। ओ कहलनि जे एहि सं मात्र दूनू संस्थानक उन्नयन नहि, बल्कि दरभंगा कें कौशल विकास, तकनीकी प्रशिक्षण आ रोजगारक क्षेत्र मे मिथिलाक प्रमुख केंद्र बनाबयक दिशा मे सेहो महत्वपूर्ण पहल होयत।

# विद्यालय सभ मे मनाओल गेल हर घर तिरंगा अभियान

बिस्फी, समदिया

बिस्फी प्रखंड क्षेत्रक प्राथमिक विद्यालय परसौनी दक्षिणी, प्राथमिक विद्यालय चंद्रवाना, उत्क्रमित मध्य विद्यालय सिमरी पश्चिम सहित कई विद्यालय मे मंगलदिन हर घर तिरंगा अभियानक अंतर्गत विभिन्न कार्यक्रमक आयोजन कएल गेल। कार्यक्रमक दौरान देशभक्ति गीत, भाषण, निबंध लेखन, चित्रकला, रंगोली आ पेंटिंग प्रतियोगिता आयोजित कएल गेल। ओतहि क्विज प्रतियोगिताक अंतर्गत तिरंगा, स्वतंत्रता संग्राम, संविधान आ भारत सं जुड़ल विभिन्न प्रश्न पर प्रतियोगिता कराओल गेल। मौका पर विद्यालयक प्रधानाध्यापक जयंत कुमार चौधरी, कामोद साफी आ राजेश कुमार रंजन हर घर तिरंगा अभियानक अंतर्गत बच्चा सभ कें संबोधित करैत कहलनि जे सभगोटे ई संकल्प ली



जे तिरंगाक सम्मान, अपन एकता आ देशभक्तिक भावनाक जीवनक हिस्सा बनायब। ओतहि बीपीआरओ सह बीईओशेखर कुमार सभ बच्चा कें अपन घर पर तिरंगा फहराबय, समाज मे तिरंगाक सम्मान आ स्वच्छताक संदेश देबाक तथा पर्यावरणक प्रति जागरूक रहबाक लेल संकल्प करौलनि। संगहि समाज आ परिवार कें स्वस्थ आ सुंदर बनाबयलेल सेहो संकल्प दिलाओल गेल। प्रतियोगिता मे प्रथम, द्वितीय आ तृतीय स्थान प्राप्त करयवला प्रतिभागी कें पुरस्कृत सेहो कएल गेल। एहि अवसर पर शिक्षक शहबाज दस्तगीर, किरण कुमारी, जन्नत परवीन सहित कतेको लोक उपस्थित छलाह।

# आर्य कुमार पुस्तकालय जयनगरक नव पदाधिकारीक भेल निर्वाचन

## पुस्तकालय कें भेटल नव कार्यकारिणी, राजू बनलाह सचिव

जयनगर, समदिया

जयनगर आर्य कुमार पुस्तकालय चुनाव 2026क अंतर्गत शपथ ग्रहणक बाद पुस्तकालयक केंद्रीय पदाधिकारीक निर्वाचन संपन्न भेल। चुनाव प्रक्रियाक बाद विभिन्न पद पर निर्वाचित पदाधिकारीक सूची जारी कएल गेल। नव कार्यकारिणीक गठन सं पुस्तकालयक संचालन आ गतिविधि कें नव दिशा भेटबाक उम्मीद व्यक्त कएल जा रहल अछि। निर्वाचनक बाद राज कुमार गुप्ता (राजू) कें सचिव पदक जिम्मेदारी देल गेल अछि। ओतहि दू उपाध्यक्ष पद पर गिरधर कुमार सर्राफ आ शिवम कुमार चौधरी निर्वाचित भेलाह। संयुक्त सचिव पद पर शीतल कुमार राउत तथा कोषाध्यक्ष पद पर मनीष जायसवाल निर्वाचित भेलाह। कार्यकारिणी समिति मे महिलाक लेल आरक्षित दू पद परकृष्णा जांगिड़ आ रश्मि गुप्ता निर्विरोध निर्वाचित भेल छथि। कार्यकारिणीक बांकी 17 पदक निर्वाचनक बाद समितिगठनक प्रक्रिया पूरा भए जायत। एकरा संगहि पुस्तकालयक केंद्रीय कार्यकारिणी पूर्ण रूप सं गठित भए जायत। चुनाव परिणाम मे दूनू प्रमुख समूहक सहभागिता सेहो देखल गेल अछि। केंद्रीय पदाधिकारी मे पुस्तकालय बचाओ ग्रुप सं सचिव पद पर राज कुमार गुप्ता (राजू), उपाध्यक्ष पद पर गिरधर कुमार सर्राफ, संयुक्त सचिव पद पर शीतल कुमार राउत तथा कार्यकारिणी सदस्यक महिला आरक्षित सीट पर रश्मि गुप्ता निर्वाचित भेल छथि। ओतहि टीम पुस्तकालय सं उपाध्यक्ष पद पर शिवम कुमार चौधरी तथा कार्यकारिणी सदस्यक आरक्षित महिला सीट पर कृष्णा जांगिड़ निर्वाचित भेल छथि। दूनू समूह सं निर्वाचित प्रतिनिधिक सहभागिता सं पुस्तकालयक नव समिति मे संतुलित प्रतिनिधित्वक तस्वीर देखबा मे आबि रहल अछि। नवनिर्वाचित पदाधिकारीक शपथ ग्रहणक बाद पुस्तकालयक आगामी कार्यक्रम, व्यवस्था आ विकास कार्य कें लए सदस्य सभ मे उत्साह देखल जा रहल अछि। पुस्तकालय सं जुड़ल सदस्यक मानब अछि जे नव समिति गठनक बाद पाठक आ युवा सभ लेल पुस्तकालयक सुविधा कें नीक बनेबाक, नियमित गतिविधि कें बढ़ावा देबाक तथा पुस्तकालयक विकासक दिशा मे प्रभावी पहल कएल जायत। कार्यकारिणीक बांकी 17 पदक निर्वाचनक संगहि आर्य कुमार पुस्तकालय जयनगरक नव समितिकगठन पूर्ण भए जायत। एकर बाद नवनिर्वाचित पदाधिकारी आ कार्यकारिणी सदस्य मिलि पुस्तकालयक आगामी कार्ययोजना तैयार करताह।

# मधुबनी मे आइ निकलत भव्य तिरंगा यात्रा

## हर घर तिरंगा अभियानक उपलक्ष्य मे जिला प्रशासनक विशेष पहल

मधुबनी, समदिया

आजादीक अमृत भाव जन-जन धरि पहुंचाबय आ राष्ट्रभक्ति तथा राष्ट्रीय एकताक भावना आरो सुदृढ़ करबाक उद्देश्य सं मधुबनी जिला प्रशासन द्वारा हर घर तिरंगा अभियान (9 सं 17 अगस्त)क अंतर्गत 12 अगस्त 2026 कें भोर मे भव्य तिरंगा यात्राक आयोजन कएल जायत। ई तिरंगा यात्राक आयोजन राष्ट्रगीत वंदे मातरम्क 150 वर्ष पूरा होयबाक ऐतिहासिक अवसरक उपलक्ष्य मे सेहो कएल जा रहल अछि। यात्राक माध्यम सं जिलावासी मे राष्ट्रीय ध्वजक प्रति सम्मान, देशभक्ति, एकता आ सामूहिक सहभागिताक भावना सुदृढ़ करबाक संदेश देल जायत। भव्य तिरंगा यात्रा मे समाजक सभ वर्गक व्यापक सहभागिता सुनिश्चित करबाक प्रयास कएल जा रहल अछि। एहि मे विद्यालय आ महाविद्यालयक छात्र-छात्राक संगहि एनसीसी कैडेट, स्काउट्स आ गाइड्स, युवा तथा विभिन्न सामाजिक आ सामुदायिक समूहक सदस्य सहित आम नागरिकक उत्साहपूर्वक भाग लेबाक अपेक्षा अछि। जिला प्रशासन जिलावासी सं अपील केलक अछि जे ओ अधिक सं अधिक संख्या मे तिरंगा यात्रा मे शामिल भए हर घर तिरंगा अभियान कें जन-आंदोलनक रूप प्रदान करथि। संगहि अपन घर, संस्थान आ प्रतिष्ठान पर सम्मानपूर्वकतिरंगा फहरा कए राष्ट्रक प्रति अपन प्रतिबद्धता व्यक्त करथि। ई तिरंगा यात्रा मात्र एक आयोजन नहि, बल्किराष्ट्रक एकता, अखंडता, गौरव आ सामूहिक संकल्पक



प्रतीक होयत। जिला प्रशासन सभ नागरिक सं अपील केलकअछि जे ओ 12 अगस्त कें भोर मे आयोजित एहि भव्य तिरंगा यात्रा मे अपन सक्रिय सहभागिता सुनिश्चित करथिआ हर घर तिरंगा तथा वंदे मातरम्क 150 वर्ष पूरा होयबाक एहि ऐतिहासिक अवसर कें यादगार बनाबथि।

# एनएच-27 पर पंडितक भेष मे एक युवक आ एक युवती कें ग्रामीण पकड़लनि

## दुनू पुलिसक हिरासत मे, युवती अपन गाम मुजफ्फरपुरक बतौली

झंझारपुर, समदिया



लोहना गामक लग एनएच-27 पर ग्रामीण सभ पंडितक भेष मे एक युवक आ एक अनजान युवती कें पकड़ि लेलनि। आक्रोशित ग्रामीण सभ दूनू कें पकड़ि भैरव स्थान थाना पुलिसक हवाले कए देलनि। ग्रामीणसभक अनुसार सांझक समय एनएच-27 कात संदिग्ध अवस्था मे बैसल एक व्यक्ति आ युवती कें देखि लोक सभ कें शंका भेल। पूछताछ करला पर दूनू नशा मे धुत छल, एहन बात कहल गेल अछि। स्थानीय लोक सभ द्वाराबहुत पूछताछ कएल गेलाक बाद युवती अपन घर मुजफ्फरपुर होयबाक जानकारी देलक। पुलिसक अनुसार युवतीक कलाई पर रवि नाम लिखल अछि। ओतहि पंडितक भेष मे पकड़ल गेल व्यक्ति भैरव स्थान थाना क्षेत्रक हैंठीवाली गाम निवासी पुरुषोत्तम ठाकुर होयबाक बात कहल जा रहल अछि। ग्रामीण सभ पुलिस कें सूचना दए दूनू कें पुलिसक हवाले कए देलनि। भैरव स्थान थानाध्यक्ष सत्येंद्र तिवारी कहलनि जे ग्रामीणसभक सूचना पर पुलिस घटनास्थल पर पहुंचि दूनू कें थाना अनलक, जतय पूछताछ कएल जा रहल अछि। युवतीक परिजन सं संपर्क करबाकप्रयास कएल जा रहल अछि। ओतहि कथित पंडितक गाम हैंठीवाली मे सेहो सूचना देल गेल अछि। पुलिस एहिमामिलाक सभटा बिंदु पर जांच कए रहल अछि। फिलहाल पुलिस पूरा मामिलाक छानबीन मे जुटल अछि।

# चिकित्सा शिविर मे नेत्र रोगीक भेल निःशुल्क इलाज

लदनियां, समदिया

प्रखंड मुख्यालय स्थित गायत्री चेतना केंद्र, लदनियां हटियागाछी परिसर मे मंगलदिन निःशुल्क नेत्र जांच शिविरक आयोजन कएल गेल। शिविर मे 200 लोकक नेत्र जांच कएल गेल, जाहि मे ऑपरेशन लेल 50 लोक कें चिह्नितकएल गेल। ओतहि 30 लोक कें निःशुल्क चश्मा आ दवा देल गेल। जानकारी दैत आयोजक उपेंद्र पासवान आ अमूल भारद्वाज कहलनि जे जांचक बाद ऑपरेशन लेल चिह्नित व्यक्ति सभ कें 17 अगस्त कें बस सं श्रीरामेश्वरम मस्तीचक, सारण स्थित अखंड ज्योति आई हॉस्पिटल, परसा मार्ग, दरियापुर, छपरा पठाओल जायत। ओतय रोगी सभ कें निःशुल्क भोजन, रहबाक व्यवस्था, ऑपरेशन आ बस सेवाक सुविधा देल जायत। ऑपरेशन कराबयवला लोक सभकें 15 दिनक राशन सेहो निःशुल्क देल जायत। स्थानीय लोक सभ एहि निःशुल्क नेत्र जांच शिविरक आयोजनकस्वागत केलनि।

# गरीब दोकानदार कें अतिक्रमणक नाम पर हटाओल गेल, सड़क पर निर्माणक आरोप

मधुबनी, समदिया

जिलाक मधेपुर प्रखंडक लक्ष्मीपुर चौक सं संगत चौक धरि सड़क पर कथित स्थायी अतिक्रमण कें लए विवाद गहराइत जा रहल अछि। बिहार प्रांतीय खेत एवं ग्रामीण मजदूर यूनियनक जिलाध्यक्ष राम नारायण यादव जिला समाहर्ता, मधुबनी कें आवेदन दए सड़कक जमीन पर कएल गेल कथित अतिक्रमणक जांच कए तत्काल कारबाइकरबाक मांग केलनि अछि। राम नारायण यादवक आरोप अछि जे 4 जुलाई 2026 कें मधेपुर न्यू बस स्टैंड सं संगत चौक धरि प्रशासन द्वारा अस्थायी अतिक्रमण हटाबयक कारबाइ कएल गेल छल। एहि कारबाइ मे 200 सं बेसी गरीब, दलित आ छोट दोकानदारक दोकान हटाओल गेल, जाहि सं हुनकर आजीविका प्रभावित



भेल। ओहि समय प्रशासनक दिस सं जुलाईक अंत धरि स्थायी अतिक्रमण हटेबाक आश्वासन देल गेल छल, एहन कहल जा रहल अछि।18 जुलाई कें सीओ कें देने छल सूचना, तैयो निर्माण नहि रुकल यादव कहलनि जे बांकी गाम निवासी सुनील झा द्वारा एचपीएस कॉलेजक लग गोपाल मिठाई भंडारक बगल मेकथित रूप सं सड़कक जमीन पर तीन कोठरीक दोकान-मकान बनाओल जा रहल छल। हुनकर दावा अछि जे 18 जुलाई 2026 कें अंचल अधिकारी, मधेपुर कें लिखित रूप सं एहि संबंध मे सूचना देल गेल छल। राम नारायण यादवक अनुसार, ओहि समय निर्माण कार्य प्रारंभिक चरण मे छल। सूचना देलाक बाद अंचल अधिकारीक दिस सं ठीक अछि कहल गेल, मुदा हुनकर अनुसार एकर बावजूद निर्माण कार्य नहि रुकल। यादवक आरोप अछि जे आब उक्त निर्माण लगभग पूरा भए चुकल अछि। सड़कक दिस बनाओल गेल तीन कोठरीक ऊपर चदरा लगाओल जा रहल अछि आ रंग-पेंटक काज सेहो कएल जा रहल अछि। हुनकर कहब अछि जे समय रहैत प्रशासन निर्माण कार्य पर रोक लगबैत तं कथित अतिक्रमण कें बढ़य सं रोकल जा सकैत छल।गरीबक दोकान हटेलाक बाद सड़क पर निर्माण कें लए उठल सवाल राम नारायण यादव सवाल उठबैत कहलनि जे जखन प्रशासन सड़कक कातक छोट दोकानदार आ गरीब लोकक अस्थायी अतिक्रमण हटौलक, तं कथित रूप सं सड़कक जमीन पर स्थायी निर्माण केना जारी रहल? हुनकर आरोप अछि जे संबंधित व्यक्ति प्रभावशाली आ रसूखदार छथि आ अपन प्रभावक लाभ उठा रहल छथि। ओ प्रशासन सं पूरा मामिलाक निष्पक्ष जांच, भूमि आ सड़कक जमीनक मापी तथा संबंधित अभिलेखक जांच कराबयक मांग केलनि। अंचलाधिकारी अपन मनमर्जी सं बनबा रहल छथि : यादवक आरोपराम नारायण यादव आरोप लगौलनि जे 18 जुलाई कें सूचना देल गेल आ जवाब सेहो भेटलाक बाद निर्माण कार्यनहि रुकब गंभीर मामिला अछि। ओ कहलनि जे जं निर्माण सड़कक सरकारी जमीन पर भेल अछि तं प्रशासन कें तत्काल कारबाइ करबाक चाही। ओ जिला प्रशासन सं मांग केलनि जे सड़कक भूमि पर भेल कथित स्थायी अतिक्रमण कें चिह्नित कए नियमानुसार हटाओल जाय। संगहि ईहो जांच कएल जाय जे सूचना भेटलाक बाद निर्माण कार्य किएक नहि रोकल गेल। एहि मामिला मे सुनील झा आ अंचल अधिकारी, मधेपुरक पक्ष सामने नहि आबि सकल अछि। हुनकर पक्ष भेटलाक बाद ओकरा सेहो प्रमुखता सं प्रकाशित कएल जायत। ओतहि प्रशासनिक जांच आ भूमि मापीक आधिकारिक प्रक्रिया पूरा भेलाक बादे ई स्पष्ट भए सकत जे उक्त निर्माण वास्तव मे सड़कक सरकारी जमीन पर अछि वा नहि।

# हरियरी आ गेरुआ : दू रंग, एक सत्य



**कुमार नितेश**

किछु यात्रा एहन होइत अछि, जे गंतव्य धरि पहुंचबा सं पहिने मनुष्यक दृष्टि बदलि दैत अछि। श्रावणी पथ सेहो एहने एकटा यात्रा अछि। ई मात्र पैर सं तय होमयबला बाट नहि, बल्कि भीतर चलैत रहयबला यात्रा सेहो अछि। चलैत-चलैत एक समय एहन अबैत अछि, जखन बुझना जाइत अछि जे जीवन कें बुझबाक लेल जाहि विभाजनक सहारा हम लैत रहल छी, ओ सभ ओतेक सत्य नहि अछि, जतेक देखाइत अछि। संसार आ अध्यात्म, गृहस्थ आ वैराग्य, हरियरी आ गेरुआ - की सरिपहुं ई सभ दू-दूटा अलग दिशा अछि, अथवा हमर दृष्टिएं एहि सभ कें अलग-अलग नाम दए देने अछि?

भारतीय लोकजीवन आ साहित्य मे हरियरी आ गेरुआ दुनू रंगक अपन-अपन अर्थ रहल अछि। हरियरी खेतक रंग अछि, ऋतुक उल्लास अछि, परिवारक विस्तार अछि, प्रेम, पालन-पोषण आ जीवनक निरंतरताक प्रतीक अछि। गेरुआ तप, त्याग आ विरक्तिक प्रतीक मानल जाइत अछि। लोकगीत मे बेर-बेर ई पीड़ा सुनाइत अछि जे कोनो प्रिय गेरुआ ओढ़ि कए चलि गेल आ पाछां हरियरी छूटि गेल। धीरे-धीरे दुनू रंग कें दू विपरीत जीवन-दृष्टिक प्रतीक मानि लेल गेल। मुदा ई लोकानुभूति अपन समयक सत्य छल; प्रकृतिक अंतिम सत्य नहि। श्रावणी पथ पर चलैत काल ई भेद धीरे-धीरे स्पष्ट होमय लगैत अछि। श्रावणी पथ एहि धारणाक खंडन नहि करैत अछि, ने कोनो शास्त्रार्थ करैत अछि। ई मात्र एकटा अनुभव दैत अछि। आ कतेको बेर अनुभव ओहि बात कें कहि दैत अछि, जेकरा तर्क बहुत दिन धरि नहि कहि पबैत अछि।

चलैत-चलैत एक क्षण एहन अबैत अछि, जखन दृष्टि अपने-आप बदलय लगैत अछि। धानक खेतक बीच सं गुजरैत कांवरियाक गेरुआ रंगक अनवरत धार कोनो संघर्षक नहि, बल्कि कोनो गहिंर संबंधक आभास करबैत अछि। तखन भीतर एकटा प्रश्न

**श्रावणी पथ : कड़ी-13**



उठैत अछि - जं ई दुनू एक-दोसरक विरोधी अछि, तं संग-संग किएक चलैत अछि?

### एहि प्रश्नक उत्तर कोनो दर्शन सं पहिने स्वयं प्रकृति दैत अछि।

हरियरी जे माटि सं जन्म लैत अछि, गेरुआ सेहो ओही माटिक रंग अछि। देशक कतेको भाग मे धरती स्वयं गेरुआ रंगक देखाइत अछि। ओही माटि मे बीज पड़ैत अछि, ओही सं अंकुर फुटैत अछि आ वएह धरती खेत कें हरियरी सं भरि दैत अछि। एक्के माटि अपन भीतर दू रूप संजोगने रहैत अछि - एक रंगक रूप मे, दोसर जीवनक रूप मे। तखन बुझना जाइत अछि जे हरियरी आ गेरुआ दू नहि अछि। दुनूक उद्गम एक अछि।

माटिक स्वभाव जोड़नाइ अछि, बांटनाइ नहि। ओ हरियरी कें सेहो जन्म दैत अछि आ गेरुआ कें सेहो अपन भीतर संजोगने रखैत अछि। ओकरा लेल दुनू ओकर अपन अभिव्यक्ति अछि। प्रकृति मे कतहु कोनो द्वंद्व नहि अछि; द्वंद्व मनुष्यक दृष्टि मे अछि। संभवतः एतहि मनुष्य सं एकटा भूल भेल। ओ प्रतीक कें सत्य मानि लेलक। धरती कखनो दुनू कें अलग नहि केलक, विभाजन मनुष्यक कल्पना बनौलक। श्रावणी पथ ओहि कल्पना कें धीरे-धीरे शांत कए दैत अछि।

ई यात्रा ई नहि कहैत अछि जे हरियरी छोड़ब, तखने गेरुआक अर्थ बुझि पड़त। ई सेहो नहि कहैत अछि जे गेरुआ व्यर्थ अछि आ जीवन मात्र हरियरी मे अछि। ई मात्र एतबे देखबैत अछि जे जतय जन्म एक अछि, ततय विरोधक प्रश्ने नहि उठैछ। गेरुआ हरियरीक बीच सं एहि लेल चलैत अछि, कारण ओ अपनहि जन्मभूमिक बीच सं गुजरि रहल अछि।

### एतय सं शिवक स्मरण स्वाभाविक भए जाइत अछि

श्रावणी पथ अंततः शिवक दिस जाइत अछि। आ शिव स्वयं भारतीय जीवन-दर्शनक एकटा महान उत्तर छथि। ओ महायोगी सेहो छथि आ गृहस्थ सेहो। हुनका संग पार्वती छथि, गणेश छथि, कार्तिकेय छथि, नंदी छथि, गण छथि, गंगा आ चंद्र छथि। हुनक जीवन मे कैलाशक एकांत सेहो अछि आ परिवारक स्नेह सेहो। समाधीक निस्तब्धता सेहो अछि आ तांडवक ऊर्जा सेहो। शिवक जीवन स्वयं बतबैत अछि जे वैराग्य आ गृहस्थ एक-दोसराक विरोधी नहि अछि।

अर्धनारीश्वरक कल्पना एहि सत्यक सर्वोच्च रूप अछि। ओतय शिव आ शक्ति संग-संग मात्र नहि, एक्के सत्ता मे प्रतिष्ठित छथि। आधा तप अछि, आधा पोषण। आधा विरक्ति अछि, आधा सृजन। ओतय एकर दोसर पर अधिकार नहि, दुनूक एकत्व अछि। भारतीय चिंतन मे अध्यात्मक सर्वोच्च रूप जीवन सं पलायन नहि, बल्कि जीवनक भीतर संतुलन अछि। श्रावणी पथ ओहि संतुलनक लोकानुभव अछि।

एतय कांवरिया खेतक बीच सं गुजरैत अछि, कारण शिव धरि पहुंचबाक बाट जीवनक बीच सं होइत जाइत अछि, जीवन कें छोड़ि कए नहि। धानक हरियरी आ कांवरियाक गेरुआ संग-संग चलैत अछि, कारण दुनू एक्के धरतीक संतान अछि। एक शरीरक पोषण करैत अछि, दोसर मोन कें अनुशासित करैत अछि। एक अन्न दैत अछि, दोसर अर्थ दैत अछि। दुनू मिलि कए जीवन कें पूर्ण बनबैत अछि।

शायद एहि लेल एहि यात्राक सब सं पैघ सीख कोनो मंदिरक शिखर पर नहि, बल्कि बाटक कात मे भेटैत अछि। ओतय बुझना जाइत अछि जे मनुष्य जाहि रंग कें विरोधी मानि लेने छल, प्रकृतिक दृष्टि मे ओ कखनो विरोधी छले नहि।

**हरियरी धरतीक विस्तार अछि।**
**गेरुआ ओहि धरतीक स्वभाव।**
**एक शरीरक आधार अछि।**
**दोसर आत्माक स्मरण।**
**रंग दूटा देखाइत अछि।**
**माटि एकहि अछि।**

आ प्रायः इएह श्रावणी पथक सब सं मौन, सब सं गहिंर आ सब सं भारतीय दर्शन अछि।

बोल बम।

# पंजाब मे चुनावी बढ़त लेल रणनीति

**ज्योति**

जं आइ पंजाब मे चुनाव हो, तं कोन दल जीतत? एहि प्रश्नक उत्तर कतेको राजनीतिक मुद्दा सं जुड़ल अछि। जेन-जी छात्रक विरोध-प्रदर्शन, जे आब जंतर-मंतर सं झारखंड धरि पहुंचि गेल अछि; कॉकरोच जनता पार्टीक आंदोलन मे सम्मिलित महिला प्रदर्शनकारीक विरुद्ध दुष्प्रतिक्रिया आ बलात्कार तथा हत्याक धमकी; संसद मे केंद्र सरकारक ई उत्तर जे सुरक्षा कारण सं डेरा बाबा नानक कें पाकिस्तानक नारोवाल जिलाक गुरु नानकक अंतिम प्रवास-स्थल सं जोड़निहार करतारपुर साहिब गलियारा नहि खोलल जाएत; आ पछिला शुक्र दिल्ली मे प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी आ अकाली दल प्रमुख सुखबीर बादलक बीच भेल भेंट - ई सभ पंजाबक राजनीतिक परिस्थिति कें प्रभावित करैत अछि।

एहि बीच आरएसएस प्रमुख मोहन भागवतक पछिला सप्ताहक टिप्पणी सेहो महत्वपूर्ण अछि। ओ स्वीकार केलनि जे जेन-जीक शिकायत सभ वास्तविक अछि आ युद्धक समय छोड़ि भारत-पाकिस्तानक संबंध पूर्णतः विच्छेद नहि होयबाक चाही।

सब सं पहिने मोदी-बादल भेंट सं ई संकेत भेटैत अछि जे अकाली दल आ भाजपा बीच गठबंधनक संभावना फेर बनि रहल अछि। दुनू दल अपन स्वतंत्र राजनीतिक पहुंच देखेबाक प्रयास करैत रहल, मुदा अपेक्षित सफलता नहि भेटल। 2024 लोकसभा चुनाव सं पहिने सीट-बंटवाराक प्रश्न पर दुनूक संवाद टूटि गेल छल। भाजपा बराबरक हिस्सेदारी चाहैत छल, मुदा सुखबीर बादल एहि लेल तैयार नहि छलाह। मार्च मे पंजाबक मोगा मे अमित शाह सेहो अकाली दलक छोट भाइक भूमिका छोड़बाक बात कहलनि।




प्रधानमंत्रीक पंजाब पर ध्यान देबाक कतेको प्रयास भेल अछि - डेरा सचखंड बल्लां केर यात्रा, जालंधर कैंट रेलवे स्टेशनक उद्घाटन, सुनील जाखड़क स्थान पर जट सिख मात्र ढिल्लों कें प्रदेश अध्यक्ष बनौनाइ, अनुभवी राजनयिक तरनजीत संधू कें दिल्लीक उपराज्यपाल बनौनाइ आ हरियाणाक मुख्यमंत्री नायब सिंह सैनी कें पंजाब मे राजनीतिक रूप सं सक्रिय करनाइ। मुदा 2020 केर किसान आंदोलनक स्मृति एखनहुं टटका अछि, जखन तीन कृषि कानूनक विरोध मे शिरोमणि अकाली दल राजग सं अलग भए गेल छल। अंततः केंद्र सरकार कें कानून वापस लेबय पड़ल आ पंजाबक किसान लगभग एक वर्ष धरि दिल्लीक सीमा पर आंदोलनरत रहलाह।

प्रधानमंत्री ई सेहो बुझैत छथि जे जेन-जीक आंदोलन युवाक भीतरक असंतोष कें नव ऊर्जा देलक अछि। एहि कारण भाजपा कें देशभरि अपन छवि आ प्रचारक तरीका बदलबाक आवश्यकता अछि। एहि बीच कांग्रेसक स्थिति सेहो कमजोर देखाइत अछि। राहुल गांधी पंजाब कांग्रेसक दीर्घकालीन आंतरिक विवाद कें सोझरेबाक बदला अन्य गतिविधि मे अधिक सक्रिय देखाइत छथि। प्रदेश नेतृत्व कें लए कए राजा वड़िंग आ चरणजीत सिंह चन्नी समर्थक गुटक बीच मतभेद कांग्रेसक लेल चुनौती बनल अछि।

कांग्रेसक लगातार कमजोर होइत स्थिति मे प्रधानमंत्रीक लेल आप विरोधी गठबंधन बनेबाक अवसर देखाइत अछि। प्रश्न ई अछि जे की भाजपा सुखबीर बादलक प्रभुत्व सं अलग भेल विभिन्न अकाली गुट सभ लेल अनौपचारिक केंद्र बनि सकैत अछि? परिस्थिति अनुकूल हो तं वारिस पंजाब दे सेहो एहि समीकरणक हिस्सा बनि सकैत अछि। अमृतपाल सिंह जेल मे छथि, मुदा मनप्रीत अयाली सन नाम राजनीतिक चर्चा मे आबि रहल अछि। ओ अकाली दलक प्रभावशाली पूर्व नेता छथि आ वारिस पंजाब दे सं जुड़ल छथि। ओ अमृतपालक नेतृत्व स्वीकार करैत छथि, मुदा अपन ऊपर कट्टरपंथीक आरोप कें अस्वीकार करैत छथि।

तथापि भाजपा लेल चुनौती पैघ अछि। जं आइ पंजाबक 117 विधानसभा सीट पर चुनाव हो, तं भाजपा कें पर्याप्त संख्या मे मजबूत उम्मीदवार भेटब सेहो कठिन भए सकैत अछि। पार्टीक भीतरक असंतोष एहि कठिनाइ कें आरो बढ़बैत अछि।

# भारत कें सेहो चीन, दक्षिण कोरिया आ रूस सन अपन सोशल मीडिया चाही

**मीनाक्षी लेखी**

डिजिटल युग मे सोशल मीडिया मात्र लोक कें जोड़बाक माध्यम नहि रहल, बल्कि ई एकटा पैघ व्यवसाय आ प्रभावशाली शक्ति बनि गेल अछि। टेक्नोलॉजी कंपनीक अल्गोरिदम धीरे-धीरे बच्चा सभक स्वभाव, सोच आ सही-गलतक सीमा पर प्रभाव दए रहल अछि। अश्लीलता, अत्यधिक यौन-सामग्री, क्रोधपूर्ण सामग्री आ व्यसनकारी फीड स्वस्थ बाल्यावस्था लेल गंभीर चुनौती बनि रहल अछि। जं डेटा नवका तेल अछि, तं सोशल मीडिया नवका अफीम बनि गेल अछि।

सोशल मीडिया कंपनी सभ उपयोगकर्ताक डेटा कें आर्थिक संपत्ति मानैत अछि। लोक कोन सामग्री देखैत अछि, की तकैत अछि आ कोन विषय मे रुचि रखैत अछि - एहि सभक आधार पर अल्गोरिदम ओकरा अधिक समय धरि मंच पर बनौने रखबाक प्रयास करैत अछि। एकर दुष्परिणाम विशेषतः युवाक सोच, व्यवहार आ मानसिक स्वास्थ्य पर पड़ि रहल अछि। एहि संकट कें देखैत कतेको देश बच्चा लेल सोशल मीडिया पर कठोर नियम बना चुकल अछि। ऑस्ट्रेलिया मे निर्धारित सोशल मीडिया मंच पर खाता बनेबाक न्यूनतम आयु 16 वर्ष अछि। फ्रांस 15 वर्षक आयु-सीमा आ मजबूत आयु-जांचक दिशा मे आगू बढ़ल अछि। यूरोपीय संघ सेहो डिजिटल सर्विसेज एक्टक माध्यम सं बच्चा कें हानिकारक सामग्री सं सुरक्षित रखबाक दायित्व ऑनलाइन मंच सभ पर दैत अछि।

### भारतक आगांक बाट



आब भारत कें सेहो अपन डिजिटल हितक रक्षा लेल ठोस डेग उठेबाक आवश्यकता अछि। देश मे देशज सोशल मीडिया मंच विकसित कएल जाए, जतय भारतीय उपयोगकर्ताक डेटा भारत मे सुरक्षित राखल आ संसाधित कएल जा सकय। एहि सं डेटा-संप्रभुता, पारदर्शिता, नियामकीय निगरानी आ डिजिटल आत्मनिर्भरता मजबूत होयत। एहन मंच रोजगार, कर-राजस्व, स्टार्टअप आ घरेलू कृत्रिम बुद्धिमत्ता तथा क्लाउड क्षमता कें सेहो बढ़ावा दए सकैत अछि।

यूपीआइ सन भारतीय भुगतान प्रणालीक समावेश सं विदेशी मुद्रा बचत होयत। निश्चय रूप सं एहन मंच लेल पैघ निवेश, तकनीकी प्रतिभा, डेटा सेंटर, साइबर सुरक्षा आ सामग्री-संयमनक आवश्यकता होयत। मुदा दीर्घकाल मे एकर लाभ देशक डिजिटल आत्मनिर्भरता लेल महत्वपूर्ण भए सकैत अछि।

चीन वी चैट, विवो दक्षिण कोरिया काकू आ नेवर तथा रूस वीके जेकां घरेलू मंच विकसित कए अपन डिजिटल व्यवस्था कें मजबूत केलक अछि। भारत लग विशाल बाजार, तकनीकी प्रतिभा आ डिजिटल आधारभूत संरचना अछि। आवश्यकता अछि एहि सामर्थ्य कें विश्वस्तरीय भारतीय सोशल मीडिया मंच मे बदलबाक।

### बच्चा पर प्रभाव

सोशल मीडिया किशोर-किशोरीक जीवनशैली बदलि देने अछि। फोमो, दोसर सं तुलना, लाइक-कमेंट आ फॉलोअर्सक चिंता हुनका लगातार ऑनलाइन रहबाक दबाव दैत अछि। अत्यधिक उपयोग आ अवसादक लक्षणक बीच संबंधक प्रमाण सेहो भेटल अछि। साइबर-बुलिंग, आत्म-क्षतिक प्रवृत्ति आ हानिकारक सामग्रीक अल्गोरिदमिक विस्तार गंभीर चिंताक विषय अछि।

अत्यधिक डिजिटल निर्भरता सामाजिक एकाकीपन, कमजोर संवाद-कौशल आ पढ़बाक-बुझबाक क्षमता पर सेहो असरि दए सकैत अछि। बच्चा परिवार आ मित्रक संग कम समय बितबैत अछि आ लगातार ऑनलाइन जुड़ल रहितो एकाकीपन अनुभव कए सकैत अछि।

# राजेंद्र विमल : मिथिलाक माटि सं उठल एक बहुभाषी साहित्यिक स्वर

**राहुल राज**

मैथिली साहित्यक वरिष्ठ रचनाकार, कथाकार, कवि, गजलकार, नाटककार, आलोचक, भाषाविद् आ शिक्षाविद् डॉ. राजेंद्र विमलक निधन मैथिली आ नेपाली दुनू साहित्य-जगतक लेल एकटा पैघ रिक्तता छोड़ि गेल अछि। जनकपुरक देवीचौक मे 26 मार्च 1947 कें जन्म लेल डा. विमल अपन लगभग आठ दशकक जीवन मे साहित्य, शिक्षा आ समाजक क्षेत्र मे जे योगदान देलनि, तकर मूल्यांकन मात्र एकटा भाषाक साहित्यकारक रूप मे नहि कएल जा सकैत अछि।

विमलक व्यक्तित्वक सब सं महत्वपूर्ण विशेषता छलनि हुनक बहुभाषिकता। मैथिली, नेपाली आ हिंदी पर समान अधिकार रखनिहार विमल भाषाक सीमा मे बन्हल लेखक नहि छलाह। भाषाविज्ञान मे विद्यावारिधि प्राप्त कएनिहार विमल त्रिभुवन विश्वविद्यालय सं दीर्घ समय धरि अध्यापन सं जुड़ल रहलाह। 1972 सं विश्वविद्यालयक नेपाली विषयक अध्यापन मे सक्रिय रहैत ओ जनकपुर आ मिथिला क्षेत्रक मैथिलीभाषी विद्यार्थी कें नेपाली भाषा मे शिक्षा देबाक संग नेपाली वांगमय कें सेहो समृद्ध करैत रहलाह। हुनक एहि योगदान लेल जगदंबा-श्री 2066 सं सम्मानित कएल गेल छल।

मुदा विमलक वास्तविक परिचय हुनक रचनात्मकता छल। मैथिली मे हुनक कथा-संग्रह इतिहासक घाओ, पचास वर्ष मैथिली कथा आ ई हमरे कथा थिक, गजल-संग्रह सूर्यास्त सं पहिने तथा नाटक सीता, नौटंकी चलि रहल अछि आ दोहाइ बाबा भुंइयां प्रकाशित भेल। नेपाली मे राजेंद्र विमलका कथाहरू, खहरेको तिर्खा, मिथिलाको इतिहास, संस्कृति र कला परंपरा, गद्य, पद्य र नाटक आ फिस्टी रानी सन कृति हुनक बहुआयामी सर्जनशीलताक प्रमाण अछि।

विमलक कथा-संसारक मूल मे मिथिला छल। मुदा ई मिथिला मात्र भौगोलिक क्षेत्र नहि, बल्कि सामाजिक अनुभव, जातीय तनाव, राजनीतिक परिवर्तन, सांस्कृतिक स्मृति आ मनुष्यक संघर्ष सं निर्मित मिथिला छल। हुनक कथा लेखनक विशेषता पर चर्चा करैत नेपाली साहित्यक आलोचक सभ हुनका मधेश-मिथिलाक सामाजिक यथार्थ कें नेपाली आख्यान मे प्रभावशाली ढंग सं प्रस्तुत कएनिहार कथाकारक रूप मे चिन्हित केने छथि। मधुपर्क सम्मान 2076 सेहो हुनका मधेश भूमिक सुरुचिपूर्ण कथाक माध्यम सं नेपाली आख्यान साहित्य कें महत्वपूर्ण योगदान देबाक लेल भेटल छल।

**श्रद्धांजलि**



हुनक कथा मात्र घटनाक बयान नहि करैत अछि; ओ अपन समयक बेचैनी कें दर्ज करैत अछि। समयका आंखा सहितक कथा-संसार मे मधेश आंदोलन, जातीय तनाव, राजनीतिक परिवर्तन आ सामाजिक विडंबना सन विषय उपस्थित अछि। एकटा साक्षात्कार मे विमल स्वयं कहने छलाह जे लेखन हुनक लेल मात्र पेशा नहि, बल्कि जीवन आ साहस छल। ओ चाहैत छलाह जे अपन आंखि सं देखल नेपाल आ मिथिलाक सामाजिक सत्य कें आगामी पीढ़ीक लेल छोड़ि जाथि। एहि कथन सं हुनक साहित्य-दृष्टिक गहराइ बुझल जा सकैत अछि।

मैथिलीप्रति हुनक प्रतिबद्धता सेहो उल्लेखनीय छल। विमल मैथिली साहित्यक स्थिति पर बजैत कहने छलाह जे समाजक पैघ हिस्सा एखनहुं मैथिली कें अपन साहित्य आ संस्कृतिक रूप मे पूर्ण रूप सं स्वीकार नहि कए रहल अछि। हुनक चिंता मात्र भाषाक प्रचार धरि सीमित नहि छल; ओ मैथिली कें समाजक सभ वर्गक भाषा बनेबाक पक्ष मे छलाह। एहि दृष्टि सं हुनक साहित्यिक व्यक्तित्व मे एकटा सांस्कृतिक सक्रियतावाद सेहो देखल जा सकैत अछि।

गजल सेहो हुनक रचनात्मक संसारक महत्वपूर्ण हिस्सा रहल। सूर्यास्त सं पहिने मैथिली गजल-साहित्यक चर्चित संग्रह अछि। एहि संग्रह कें लए कए साहित्यिक आलोचना सेहो भेल आ किछु रचना कें गजल बनाम गीतक रूप मे प्रश्नांकित कएल गेल। मुदा ई आलोचना स्वयं एहि बातक प्रमाण अछि जे विमल मैथिली गजलक विकासमान परंपरा मे सक्रिय रूप सं हस्तक्षेप करैत रहलाह। हुनक लेखनक मूल्यांकन मात्र प्रशंसाक आधार पर नहि, बल्कि बहस आ आलोचनाक बीच कएल गेल - जे कोनो महत्वपूर्ण साहित्यकारक जीवंत उपस्थिति होइत अछि। विमलक व्यक्तित्वक एकटा दोसर महत्वपूर्ण पक्ष छल - मिथिलाक कला, संस्कृति आ इतिहास प्रति हुनक गहिंर सरोकार। मिथिलाको इतिहास, संस्कृति र कला परंपरा जकां कृति एहि बातक साक्षी अछि। मिथिला चित्रकलाक संबंध मे सेहो ओ परंपरा आ बाजारक बीचक तनाव पर विचार रखैत छलाह। हुनका लेल मिथिलाक कला मात्र बिकबाक वस्तु नहि, बल्कि लोकक सांस्कृतिक चेतनाक हिस्सा छल। हुनका प्राप्त सम्मान सभ सेहो हुनक बहुआयामी साहित्यिक योगदानक परिचायक अछि - जगदंबा-श्री, राष्ट्रिय प्रतिभा पुरस्कार, विद्यापति सम्मान, गोपालप्रसाद रिमाल सम्मान, कुलचंद्र कोइराला सम्मान, मिथिला विभूति सहित कतेको सम्मान हुनका प्राप्त भेल। मुदा सम्मान सं पैघ हुनक उपलब्धि छल जे ओ जनकपुर मे रहैत नेपाली साहित्यक केंद्र सं संवाद करैत रहलाह आ मैथिली साहित्य कें नेपाली साहित्यक व्यापक परिदृश्य सं जोड़ैत रहलाह। राजेंद्र विमलक साहित्यिक यात्रा एहि अर्थ मे विशेष अछि जे ओ दू भाषाक बीच नहि, बल्कि दू साहित्यिक संसारक बीच आवागमन करैत रहलाह। हुनक लेल जनकपुर मात्र निवास-स्थान नहि, बल्कि रचनात्मक अनुभवक केंद्र छल। मिथिलाक लोकजीवन, ओकर पीड़ा, ओकर विडंबना, ओकर संस्कृति आ बदलैत राजनीतिक चेतना हुनक लेखनी मे बारंबार लौटैत रहल।

आइ हुनक देह नहि अछि, मुदा छह दशक सं बेसी समय धरि पसरल हुनक रचनात्मक उपस्थिति मैथिली आ नेपाली साहित्यक बीच जीवित रहत। राजेंद्र विमल कें मात्र नेपालक मैथिली साहित्यकार कहब हुनक व्यक्तित्व कें सीमित करब होयत। ओ मूलतः मिथिलाक जीवनक साक्षी, नेपाली साहित्यक महत्वपूर्ण कथाकार आ मैथिली भाषाक प्रतिबद्ध स्रष्टा छलाह। हुनक निधन सं एकटा साहित्यकार विदा भेल छथि, मुदा हुनक रचना जे सामाजिक आ सांस्कृतिक समय कें दर्ज कए गेल अछि, से आगांक पीढ़ीक लेल संवादक आधार बनल रहत।

# यूपी चुनाव मे 15 प्रतिशत जेन-जी वोटर बनत किंगमेकर?




उत्तर प्रदेश विधानसभा चुनाव 2027 सं पहिने राजनीतिक दल सभ एकटा नव आ प्रभावशाली वोट बैंक पर अपन नजरि टिकौने अछि। ई वोट बैंक जेन-जी अर्थात युवा मतदाता सभ छथि, जाहिक हिस्सेदारी लगभग 15 प्रतिशत मानल जा रहल अछि। मानल जा रहल अछि जे जेन-जी कतेको सीट सभ पर जीत-हारिक भेद तय करबाक क्षमता रखैत अछि।

**युवा वोट बैंक पर किएक अछि सभ दलक नजरि**

यूपीक चुनावी इतिहास देखबैत अछि जे एतय किछु प्रतिशत वोटक बदलाव सेहो सीटक आंकड़ा मे पैघ उलटफेर कए सकैत अछि। एहि कारण सभ राजनीतिक दल युवा मतदाता सभ कें अपन पक्ष मे करबाक रणनीति पर काज कए रहल अछि।

2012क विधानसभा चुनाव मे समाजवादी पार्टी आ बहुजन समाज पार्टीक बीच वोट शेयरक भेद बहुत कम छल। समाजवादी पार्टी कें 29.15 प्रतिशत वोट भेटल छल, जखनकि बसपाक वोट शेयर 25.91 प्रतिशत रहल छल। दूनू दलक बीच मात्र 3.24 प्रतिशतक भेद छल।

मुदा सीटक परिणाम मे ई भेद बहुत पैघ रूप मे देखल गेल। समाजवादी पार्टी 224 सीट जीत कए पूर्ण बहुमतक सरकार बनेने छल, जखनकि बसपा 80 सीट पर सिमटि गेल छल। ओतहि भाजपा लगभग 15 प्रतिशत वोट शेयरक संग 47 सीट जीतबा मे सफल रहल छल।

### 2022: 7 प्रतिशत वोट बढ़त बदलि देलक सीटक गणित

2022क विधानसभा चुनाव मे सेहो वोट शेयर आ सीटक बीच पैघ भेद देखबा लेल भेटल। भाजपा नेतृत्व बला एनडीए गठबंधन कें 43.82 प्रतिशत वोट भेटल आ गठबंधन 273 सीट पर जीत दर्ज कएलक। ओतहि समाजवादी पार्टी गठबंधन कें 36.60 प्रतिशत वोट भेटल आ ओ 125 सीट जीत सकल। अर्थात लगभग 7 प्रतिशत वोट शेयरक भेद 148 सीटक पैघ फासला मे बदलि गेल।

### किएक महत्वपूर्ण भए गेल अछि जेन-जी वोटर?

राजनीतिक दल सभक मानब अछि जे पहिल बेर मतदान करय बला आ युवा मतदाता सभ पारंपरिक चुनावी समीकरण सं हटि कए निर्णय लए सकैत छथि। रोजगार, शिक्षा, डिजिटल अवसर, महंगाइ, विकास आ नीक भविष्य जेकां मुद्दा एहि वर्ग लेल महत्वपूर्ण मानल जाइत अछि।

एहि कारण भाजपा, समाजवादी पार्टी, कांग्रेस सहित सभ दल युवा मतदाता सभ धरि पहुंच बनाबय आ हुनका अपन पक्ष मे जोड़बाक रणनीति तैयार कए रहल अछि।

### 2027 मे निर्णायक साबित भए सकैत अछि युवा वोट

उत्तर प्रदेशक अगिला विधानसभा चुनाव पुरान जातीय आ क्षेत्रीय समीकरणक संग-संग नव युवा वोट बैंकक प्रभाव सं सेहो प्रभावित भए सकैत अछि। नजदीकी मोकाबला बला सीट सभ पर जेन-जी मतदाता सभक रुझान चुनावी परिणाम बदलि सकैत अछि। यूपीक राजनीति मे अतीत मे कतेको बेर किछु प्रतिशत वोट सरकार बना देलक आ खसल देलक। एहन स्थिति मे 2027क विधानसभा चुनाव मे युवा मतदाता सभ सब सं पैघ निर्णायक कारक बनि कए उभरि सकैत छथि।

# मोदी-बादलक भेंट, की बदलत चंडीगढ़क राजनीति? नगर निगम चुनावक राजनीतिक समीकरण पर शुरू भेल कयास



प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी आ शिरोमणि अकाली दल (शिअद)क अध्यक्ष सुखबीर सिंह बादलक संसद भवन मे भेल भेंटक बाद चंडीगढ़क राजनीति मे हलचल तेज भए गेल अछि। एहि भेंटक बाद भाजपा आ अकाली दलक बीच फेर सं गठबंधन होएबाक कयास लगाओल जा रहल अछि। राजनीतिक पर्यवेक्षक सभक मानब अछि जे एकर पहिल प्रभाव आगामी चंडीगढ़ नगर निगम चुनाव मे देखबा लेल भेटि सकैत अछि। पंजाब विधानसभा चुनाव सं पहिने एहि वर्ष नवंबर मे चंडीगढ़ नगर निगमक चुनाव होएबाक अछि। एहन स्थिति मे जं भाजपा आ अकाली दल फेर सं एकजुट होइत अछि तं चुनावी समीकरण बदलि सकैत अछि। वर्ष 1997 सं 2016 धरि दूनू दल गठबंधन मे चुनाव लड़ैत रहल छल। मुदा 2020 मे गठबंधन टूटला बाद दूनू दल अलग-अलग नगर निगम चुनाव लड़ल। एकर नोकसान भाजपा आ अकाली दल दूनू कें भेल, जखनकि आम आदमी पार्टी कें राजनीतिक लाभ भेटल आ ओ सब सं पैघ दलक रूप मे उभरि कए सामने आएल।

एखन प्रधानमंत्री मोदी आ सुखबीर बादलक भेंटक बाद फेर सं गठबंधनक चर्चा जोर पकड़ने अछि। चंडीगढ़ भाजपा कें आशा अछि जे जं गठबंधन होइत अछि तं आगामी नगर निगम चुनाव मे दूनू दल कें एकर लाभ भेटि सकैत अछि।

गठबंधनक अंतर्गत भाजपा पूर्व मे अकाली दल लेल चारि सीट छोड़ैत रहल अछि। मुदा एखन वार्डक संख्या 26 सं बढ़ि कए 35 भए गेल अछि। एहन मे फेर सं गठबंधन भेला पर अकाली दल पहिलुका तुलना मे बेसी सीटक मांग कए सकैत अछि।

2020क नगर निगम चुनावक समय शिअदक अध्यक्ष हरदीप सिंह बुटरेला छलाह, जे एखन आम आदमी पार्टी मे छथि। ओहि चुनाव मे शिअद शहर मे 15 उम्मीदवार ठाढ़ केने छल, मुदा मात्र एकटा उम्मीदवार जीत दर्ज कए सकल छल।

शहरक एकमात्र लोकसभा सीट पर सेहो अकाली दलक समर्थन भाजपा उम्मीदवार कें भेटैत रहल अछि। राजनीतिक विश्लेषक सभक अनुसार पिछला लोकसभा चुनाव मे जं गठबंधन रहित तं भाजपा कें लाभ भेटि सकैत छल। ओहि चुनाव मे कांग्रेस आ आम आदमी पार्टीक गठबंधन छल, जाहि सं कांग्रेस उम्मीदवार मनीष तिवारी कें फायदा भेटल।

वर्ष 2024क लोकसभा चुनाव मे अकाली दल अपन अलग उम्मीदवार ठाढ़ केने छल, मुदा बाद मे उम्मीदवार हरदीप सिंह आम आदमी पार्टी मे शामिल भए गेलाह। चंडीगढ़ मे अकाली दल एक बेर मेयर आ दू बेर सीनियर डिप्टी मेयर तथा डिप्टी मेयर पद पर सेहो काबिज रहि चुकल अछि।

चंडीगढ़ भाजपा नेतृत्वक मानब अछि जे अकाली दल संग पुरान राजनीतिक समीकरण बहाल भेला सं वोटक बंटवारा रोकबा मे सहायता भेटि सकैत अछि। ओतहि, गठबंधन भेला पर वार्ड स्तर पर सीट बंटवारा आ चुनावी रणनीति कें लए नव राजनीतिक समीकरण सेहो बनत।

पंजाब विश्वविद्यालय, चंडीगढ़क राजनीतिक विश्लेषक प्रोफेसर डा. भरतक अनुसार, जं भाजपा आ अकाली दलक बीच फेर सं राजनीतिक गठबंधन आकार लैत अछि तं एकर तत्काल प्रभाव चंडीगढ़ नगर निगमक राजनीति पर देखबा लेल भेटत। हुनक मानब अछि जे 2020 मे अलग-अलग चुनाव लड़बाक कारण वोटक विभाजन भेल आ आम आदमी पार्टी कें लाभ भेटल। आगामी नगर निगम चुनाव मे जं दूनू दल एकजुट होइत अछि तं संगठनात्मक शक्ति आ सामाजिक-राजनीतिक आधार जुड़ला सं मोकाबला बेसी सीधा आ प्रतिस्पर्धी भए सकैत अछि। हुनका अनुसार गठबंधनक सफलता मात्र सीटक गणित पर निर्भर नहि करत, बल्कि सीट बंटवारा, उम्मीदवारक चयन, स्थानीय नेतृत्वक तालमेल आ कार्यकर्ता सभक जमीनी समन्वय सेहो महत्वपूर्ण भूमिका निभायत। संगहि ई देखब जरूरी होयत जे मतदाता एहि गठबंधन कें स्वाभाविक राजनीतिक पुनर्गठनक रूप मे स्वीकार करैत छथि अथवा नहि।

# जेन-जी अपन राजनीति चमकाबय बला दल सभ सं सावधान रहय



**मायावतीक भाजपा, कांग्रेस आ आप पर कड़गर प्रहार**

बहुजन समाज पार्टी (बसपा) प्रमुख आ उत्तर प्रदेशक पूर्व मुख्यमंत्री मायावती मंगल दिन छात्र, युवा आ जेन-जीक मुद्दा कें लए भाजपा, कांग्रेस आ आन राजनीतिक दल सभ पर तीव्र प्रहार कएलनि। हुनकर कहब अछि जे छात्र आ युवा अपन समस्या सभक समाधान लेल आंदोलन करैत छथि, मुदा राजनीतिक दल एहि मुद्दा सभक आड़ मे अपन राजनीति चमकाबयक प्रयास करैत अछि। मायावती युवा सभ सं एहन राजनीतिक प्रयास सभ सं सतर्क रहबाक अपील कएलनि।

मायावती सोशल मीडिया मंच 'एक्स' पर लिखलनि जे छात्र आ जेन-जी अपन समस्या सभक समाधान लेल आंदोलन करैत छथि, मुदा समस्या सभक समाधान करबाक बदला राजनीतिक दल एहि आंदोलन सभ मे अपन फायदा ताकैत अछि। हुनकर कहब छल जे आंदोलनक विषय मे कांग्रेस आ ओकर सहयोगी दल सभक संगहि आन राजनीतिक दल सभ सेहो अपन राजनीतिक भूमिका निभबैत रहल अछि। ओ युवा सभ सं अपील कएलनि जे संघर्षक दौरान राजनीतिक दल सभक स्वार्थ कें चिन्हू आ सतर्क रहू।

बसपा प्रमुख दिल्ली मे छात्र आ नौजवान सभ सं जुड़ल आंदोलन सभक सेहो उल्लेख कएलनि। हुनकर कहब छल जे दिल्लीक आंदोलन सभक दौरान राजनीतिक दल एहि मुद्दा सभ कें अपन-अपन तरहे उठौलक। आम आदमी पार्टीक आंदोलन आ एकरा बादक राजनीतिक परिस्थिति सभक जिक्र करैत मायावती कहलनि जे छात्र आ युवा सभ कें कोनो दलक राजनीति सं प्रभावित भए अपन मूल मुद्दा सभ सं नहि भटकबाक चाही।

मायावती कहलनि जे उत्तर प्रदेश मे बसपाक चारि बेरक सरकारक दौरान छात्र आ युवासभक समस्या पर विशेष ध्यान देल गेल छल। ओ सरकारी आ निजी क्षेत्र मे रोजगारक अवसर उपलब्ध कराओल जाएबाक दावा कएलनि। संगहि ओ कहलनि जे सरकारी क्षेत्र कें कमजोर कएल गेला सं रोजगारक अवसर प्रभावित भए रहल अछि।

हुनका अनुसार सरकारी नौकरी मे दलित, आदिवासी आ आन पिछड़ा वर्ग सभ लेल आरक्षणक व्यवस्था अछि, मुदा निजी क्षेत्र मे सेहो एहि वर्ग सभ कें आरक्षण भेटबाक चाही। मायावती कहलनि जे एहि दिशा मे गंभीर पहलक आवश्यकता अछि।

बसपा प्रमुख कहलनि जे हुनक सरकार मे कोनो वर्गक संग भेदभाव अथवा पक्षपात नहि कएल गेल, बल्कि सभ वर्गक हित आ सामाजिक-आर्थिक स्थिति कें ध्यान मे राखि काज कएल गेल। ओ बसपाक नीति कें ह्यसर्वजन हिताय, सर्वजन सुखायह्ल पर आधारित बतौलनि।

मायावती कहलनि जे उत्तर प्रदेश, उत्तराखंड आ पंजाब मे विधानसभा चुनाव आबय बला अछि। एहन समय मे छात्र, नौजवान, दलित, आदिवासी, पिछड़ा वर्ग, मुस्लिम आ आन धार्मिक अल्पसंख्यक समाजक लोक सभक संग गरीब, मजदूर, बेरोजगार आ मेहनतकश वर्ग सभ कें अपन हितक प्रति जागरूक रहबाक आवश्यकता अछि। ओ लोक सभ सं सोचि-विचारि कए मतदान करबाक अपील कएलनि।

# यूपी आ पंजाब मे चुनाव लड़त एलजेपी, चिराग पासवान कहलनि- एनडीए मे बात नहि बनल तं असगर उतरब

केंद्रीय मंत्री आ लोक जनशक्ति पार्टी (रामविलास)क राष्ट्रीय अध्यक्ष चिराग पासवानक अध्यक्षता मे नई दिल्ली मे पार्टीक राष्ट्रीय कार्यकारिणीक महत्वपूर्ण बैठक आयोजित भेल। बैठक मे संगठन विस्तार, आगामी विधानसभा चुनावक तैयारी आ विभिन्न राज्य सभ मे पार्टीक राजनीतिक रणनीति पर विस्तार सं चर्चा कएल गेल।

**संवादक बाद लेल जायत निर्णय**

बैठकक बाद चिराग पासवान बतौलनि जे एलजेपी (रामविलास) आगामी उत्तर प्रदेश आ पंजाब विधानसभा चुनाव लड़त। पार्टी एखन दूनू विकल्प खुला रखने अछि। जं राष्ट्रीय जनतांत्रिक गठबंधन (एनडीए) मे सम्मानजनक सीट बंटवारा होइत अछि तं गठबंधन संग चुनाव लड़ल जाएत, अन्यथा पार्टी स्वतंत्र रूप सं सेहो चुनावी मैदान मे उतरि सकैत अछि। राष्ट्रीय कार्यकारिणीक चर्चा मे उत्तर प्रदेश कें संगठन विस्तार लेल महत्वपूर्ण राज्य मानल गेल। पार्टी नेतृत्वक मानब अछि जे बिहार सं बाहर अपन राजनीतिक उपस्थिति मजबूत करबाक लेल उत्तर प्रदेश मे सक्रिय भूमिका निभाएब आवश्यक अछि। सूत्र सभक अनुसार पार्टी राज्य मे संगठन कें बूथ स्तर धरि मजबूत करबा आ सामाजिक आधार बढ़ेबाक रणनीति पर काज कए रहल अछि। मुदा पार्टी एखन धरि ई स्पष्ट नहि कएने अछि जे ओ कतेक सीट पर चुनाव लड़य चाहैत अछि। सीट संख्या आ गठबंधनक विषय मे आखरी निर्णय आगू होमय बला राजनीतिक बातचीत आ परिस्थिति सभक आधार पर लेल जाएत।



### चिराग पासवान देलनि संगठन मजबूत करबाक संदेश

बैठक कें संबोधित करैत चिराग पासवान कहलनि जे संगठन कें आओर बेसी मजबूत, प्रभावी आ जनोन्मुख बनायब समयक आवश्यकता अछि। ओ पार्टी पदाधिकारी आ कार्यकर्ता सभ सं कहलनि जे पार्टीक विचारधारा आ नीति सभ कें जन-जन धरि पहुंचेबाक लेल सक्रिय रूप सं काज करू।

हुनका अनुसार आगामी विधानसभा चुनाव कें ध्यान मे राखि विभिन्न राज्य सभ मे पार्टीक गतिविधि तेज करबाक आ कार्यकर्ता सभक भूमिका आओर प्रभावी बनाबय पर जोर देल गेल अछि।

### चुनावी तैयारी आ बूथ स्तरक रणनीति पर चर्चा

बैठक मे सदस्यता अभियान, संगठनात्मक विस्तार, बूथ प्रबंधन आ जनसंपर्क कार्यक्रम सभ पर सेहो चर्चा भेल। पार्टी नेतृत्व कार्यकर्ता सभ कें निर्देश देलनि जे जमीनी स्तर पर पार्टीक उपस्थिति बढ़ेबाक लेल निरंतर अभियान चलाबथि।

राष्ट्रीय कार्यकारिणी एहि विषयक समीक्षा सेहो कएलक जे जाहि राज्य सभ मे पार्टीक उपस्थिति सीमित अछि, ओतय संगठन कें कोना मजबूत कएल जाए, जाहि सं भविष्यक चुनाव सभ मे नीक प्रदर्शन सुनिश्चित कएल जा सकय।

एलजेपी (रामविलास)क उत्तर प्रदेश आ पंजाब चुनाव लड़बाक निर्णय एनडीएक राजनीति लेल महत्वपूर्ण मानल जा रहल अछि। पार्टी दलित आ किछु आन सामाजिक वर्ग सभ मे अपन पकड़ मजबूत करबाक प्रयास मे जुटल अछि आ स्वयं कें मात्र बिहार धरि सीमित दल नहि, बल्कि व्यापक राष्ट्रीय पहचान देबाक रणनीति पर काज कए रहल अछि।

एखन राजनीतिक नजरि एहि बात पर टिकल अछि जे आबय बला मास सभ मे एनडीए भीतर सीट बंटवारा कें लए की बातचीत होइत अछि आ एलजेपी (रामविलास) उत्तर प्रदेश आ पंजाब मे गठबंधन संग चुनाव लड़ैत अछि अथवा स्वतंत्र चुनावी बाट चुनैत अछि।

# मौसिमक बेरुखी, पानिक कमी सं धानक खेत मे पड़ल दरारि

## बरखा नहि होयबाक कारण किसान परेशान

**समस्तीपुर/रोसड़ा, समदिया**

समस्तीपुर प्रखंड क्षेत्र मे मौसिमक बेरुखी किसान पर भारी पड़ि रहल अछि। पर्याप्त बरखा नहि होयबाक कारण खेत मे लागल धानक फसल प्रभावित होमय लागल अछि। कतेको खेत मे पानिक कमी सं माटि सुखाय लागल अछि आ जगह-जगह दरार देखाइ पड़य लागल अछि। धानक फसल कें बचाबय लेल किसान निजी पंपसेट, बिजली मोटर आ बोरिंगक सहारा लए सिंचाई करय मे जुटल छथि। वर्षाक प्रतीक्षा मे किसान लगातार आकाश दिस टकटकी लगौने छथि। भिरहा, ढरहा, पंचनामा, मुरादपुर, एरौत, ठाहर,मोतीपुर, मब्बी सहित प्रखंड क्षेत्रक विभिन्न गामक किसान कहलनि जे एहि समय धानक फसल कें पर्याप्त पानिक आवश्यकता अछि। खेत मे नमीक कमी सं पौधक बढ़वार पर असर पड़ि रहल अछि। जाहि खेत मे समय पर पानि नहि पहुंचि रहल अछि, ततय माटि सुखि कए फाटय लागल अछि।किसानक अनुसार, जं शीघ्र नीक बरखा नहि भेल तं धानक फसल कें नोकसान भए सकैत अछि आ एकर सीधा



असर उत्पादन पर पड़त।किसानक कहब अछि जे लगातार बरखा नहि होयबाक कारण भूमिगत जलस्तर पर सेहो असर पड़ल अछि। पहिने जाहि बोरिंग सं पर्याप्त पानि निकलि जाइत छल, आब ओहि मे सेहो पानिक प्रवाह कम भए गेलाक शिकायत किसान सभ कए रहल छथि। एहि कारण खेतक सिंचाई करब कठिन भए रहल अछि। किसान कें निजी बोरिंग आ पंपसेट सं खेतक सिंचाई करय पड़ि रहल अछि, जाहि सं खर्च बढ़ि रहल अछि। किसान सभ कहलनि जे डीजल पंपसेट सं सिंचाई करला पर डीजलक खर्च अलग सं उठाबय पड़ैत अछि, जखन कि बिजली मोटर सं सिंचाई लेल पर्याप्त बिजली आपूर्ति आवश्यक अछि। छोट आ सीमांत किसान लेल बेर-बेर सिंचाई करब आर्थिक रूप सं सेहो भारी पड़ि रहल अछि। एकरा बादो किसान अपन मेहनत सं तैयार धानक फसल कें सुखाय सं बचाबय मे लागल छथि। किसानक अनुसार धानक फसलक एहि चरण मे खेत मे पर्याप्त नमी रहब आवश्यक अछि। बरखा नहि होयबाक आ खेत मे पानिक कमीक कारण पौधक बढ़वार

> » निजी पंपसेट आ बिजली मोटर सं फसल बचेबाक जद्दोजहद

प्रभावित भए रहल अछि। कतेको ठाम खेतक ऊपरी सतह सुखाय लागल अछि। किसान कें डर अछि जे जं मौसिमक मिजाज एहि तरहें रहल आ समय पर बरखा नहि भेल तं फसलक पैदावार मे कमी आबि सकैत अछि। किसानसभक कहब अछि जे धानक खेती मे पहिनहि बीज, जुताइ, रोपाइ, खाद, कीटनाशक आ मजदूरी पर पर्याप्त खर्च भए चुकल अछि। आब सिंचाई पर अतिरिक्त खर्च बढ़ला सं खेतीक लागत आरो बढ़ैत जा रहल अछि। फसल कमजोर होय अथवा उत्पादन कम होयबाक स्थिति मे किसानक आगू आर्थिक संकट उत्पन्न भए सकैत अछि। वर्षाक कमी सं किसान मात्र वर्तमानधानक फसल कें लए कए चिंतित नहि छथि, बल्कि अगिला फसल कें लए कए सेहो परेशान छथि। किसानक कहब अछि जे जं पर्याप्त बरखा नहि भेल तं खेत मे नमीक कमी बनल रहत। पोखरि मे पानि जमा नहि होयत, जाहि सं फसलक सिंचाई आ पशुपालन मे सेहो परेशानी होयत। एकर असर धानक कटाइ बाद बोआयल जायवला रबी फसलक तैयारी पर सेहो पड़ि सकैत अछि। किसान सभ कहलनि जे एक फसल खराब होय अथवा उत्पादन मे कमी आयल तं एकर असर पूरा परिवारक आर्थिक स्थिति परपड़ैत अछि। बच्चासभक पढ़ाइ सं लए कए घरेलू जरूरत धरि सभ खर्च खेती सं होयवला आमदनी पर निर्भर रहैत अछि। मौसिमक बेरुखीक बीच किसान प्रतिदिन आकाश दिस निहारि रहल छथि। खेत मे सुखाइत माटि आ धानक पौध कें देखि किसान आब वर्षाक बूंदक बाट जोहि रहल छथि। किसानक कहब अछि जे एहि समय वर्षाक एकटा नीक झड़ी खेत लेल अमृत समान होयत। एहि सं खेत मे नमी वापस आयत आ धानक फसल कें बहुत राहति भेटि सकैत अछि। किसान सभ सरकार आ संबंधित विभाग सं फसलक सिंचाई लेल अनुदान योजनाक शीघ्र शुरुआत करबाकमांग केलनि अछि।

# बिना लाइसेंस चलि रहल दवाइ दोकान पर छापेमारी, 140 प्रकारक दवाइ जब्त

**शिवाजीनगर, समदिया**



शिवाजीनगर प्रखंडक रहियार उत्तर पंचायतक बेला चौक पर मंगलदिन बिना लाइसेंस संचालित दवा दोकानक विरुद्ध औषधि विभागक टीम छापेमारी कएलक। नियमित जांचक क्रम मे बिना लाइसेंस दवा दोकान संचालित होयबाक जानकारी भेटलाक बाद ड्रग इंस्पेक्टरसभक टीम अनुराग मेडिकल हॉल मेकारबाइ कएलक। छापेमारीक दौरान दोकान सं करीब 140 प्रकारक विभिन्न दवा बरामद कए जब्त कएल गेल। टीम दू संदिग्ध दवाक नमूना सेहो जांच लेल लेने अछि। बरामद सभ दवा के सील कए औषधि विभागक टीम अपना संग लए गेल। जानकारीक अनुसार चितौड़ा गामक वार्ड सात निवासी विनय कुमारक पुत्र अनुराग कुमार बेला चौक पर अनुराग मेडिकल हॉल चलबैत छलाह। नियमित निरीक्षणक दौरान विभागीय अधिकारी सभ के दोकान बिना लाइसेंस संचालित होयबाक जानकारी भेटल। एकर बाद औषधि विभागक टीम मंगलदिन दोकान पर पहुंचि जांच शुरू कएलक। जांचक दौरान दोकान मे राखल विभिन्न प्रकारक दवाक संबंध मे आवश्यक दस्तावेज आ लाइसेंसक जानकारी लेल गेल। लाइसेंस नहि भेटलाक बाद टीम दोकान मे राखल दवाक जांच-पड़ताल शुरू कएलक। बताओल गेल जे दुपहर करीब दू बजे शुरूभेल छापेमारी सांझ करीब 6:30 बजे धरि चलल। एहि दौरान दोकान मे मौजूद दवाक बारीकी सं जांच कएल गेल। अलग-अलग प्रकारक करीब 140 दवा विभागीय टीम जब्त कएलक। एकरा अतिरिक्त दू संदिग्ध दवाक नमूना सेहो लेल गेल, जे आगांक जांच लेल पठेबाक प्रक्रिया कएल जा रहल अछि। जब्तसभ दवा के सील कए औषधि विभागक टीम अपना संग लए गेल। छापेमारीक कारबाइ ड्रग इंस्पेक्टरजितेंद्र कुमार सिंह, अमित कुमार आ रमेश कुमार प्रेमीक नेतृत्व मे कएल गेल। कारबाइक दौरान शिवाजीनगर थानाध्यक्ष रविंद्र कुमार, पुलिस पदाधिकारी शैलेश कुमार सहित अन्य पुलिसकर्मी सेहो मौजूद छलाह। पुलिस बलक मौजूदगी मे विभागीय अधिकारी सभ दोकानक जांच आ दवा जब्ती प्रक्रिया पूराकेलनि। औषधि विभागक अधिकारीक अनुसार बिना वैध लाइसेंस दवाक बिक्री करब नियमक विरुद्ध अछि।विभाग द्वारा नियमित रूप सं दवा दोकानक जांच कएल जा रहल अछि, जाहि सं बिना अनुमति दवा बिक्री करयवाला प्रतिष्ठान सभ पर कारबाइ कएल जा सकय। अधिकारी सभ कहलनि जे जब्त दवा आ लेल गेल नमूनाक जांचक बाद नियमानुसार आगांक कारबाइ कएल जाएत। छापेमारीक बाद क्षेत्र मे बिना लाइसेंस दवा कारोबार करयवाला दोकानदार सभ मे हड़कंपक स्थिति अछि।

# नशा मोन, बुद्धि आ शरीर कें करैत अछि प्रभावित : अजित मिश्र

**हनुमाननगर, दरभंगा, समदिया**

उच्च माध्यमिक विद्यालय मोरो मे डॉ. रमण राजेश फाउंडेशनक तत्वावधान मे नशामुक्ति अभियानकअंतर्गत 'नशाक दुष्प्रभाव आ बचाव' विषय पर संगोष्ठीक आयोजन कएल गेल। कार्यक्रमक अध्यक्षता प्रधानाध्यापक जितेंद्र कुमार केलनि। कार्यक्रमक उद्घाटन बाल कल्याण न्याय पीठ, दरभंगाक सदस्य आसामाजिक चिंतक अजित कुमार मिश्र, मोरो थानाध्यक्ष दिव्य ज्योति, शिक्षाविद् सियाराम राय सहित अन्य अतिथि सभ दीप प्रज्वलित कए केलनि। अजित कुमार मिश्र कहलनि जे नशा विनाशक कारण अछि। ईमनुष्यक मन, बुद्धि आ शरीर कें प्रभावित करैत अछि। कुसंगतिक कारण बच्चा सभ नशाक चपेट मे आबि अपराध दिस बढ़ि रहल छथि। एहि सं पढ़ाई प्रभावित होयबाक संग समाज आ राष्ट्रक आगू गंभीर चुनौती उत्पन्न भए रहल अछि। थानाध्यक्ष दिव्य ज्योति कहलनि जे घरेलू हिंसा, चोरी, लूटपाट आ सड़क दुर्घटना



जकां घटना पाछां नशा प्रमुख कारण सभ मे सं एक अछि। फाउंडेशनक निदेशक सुमन कुमार विद्यार्थी सभ कें नशा सं दूर रहबाक आ नियमित पढ़ाई करबाक संकल्प करौलनि। प्रधानाध्यापक जितेंद्रकुमार कहलनि जे विद्यालय मे यूथ आ इको क्लबक माध्यम सं विद्यार्थी सभ कें नशामुक्त समाज लेलजागरूक कएल जा रहल अछि। कार्यक्रमक संचालन डॉ. रमण राजेश केलनि। एहि अवसर पर शिक्षक, ग्रामीण आ सैकड़ो छात्र-छात्रा उपस्थित छलाह।

# हर घर तिरंगा लेल एसएसबी करौलनि छात्र सभक बीच मैराथन दौड़

**मधुबनी, समदिया**

लदनियां थाना क्षेत्रक महथा गाम स्थित उत्कृष्ट मध्य विद्यालय महथाक परिसर मे मंगलदिन हर घर तिरंगा अभियानक अंतर्गत छात्रसभक बीच भव्य मैराथन दौड़क आयोजन कएल गेल। कार्यक्रम एसएसबीकैंपक जवान सभ आ विद्यालयक एचएम प्रेमनाथ गोसाइक मौजूदगी मे संपन्न भेल। कैंपक इंस्पेक्टरक कुशल नेतृत्व मे आयोजित एहि मैराथन दौड़क मुख्य उद्देश्य आम नागरिक सभ मे देशभक्तिक भावना जागृत करब आ आगामी स्वतंत्रता दिवसक अवसर पर प्रत्येक घर मे राष्ट्रीय ध्वज फहराबय लेल लोकसभ के प्रेरित करब



छल। दौड़क दौरान एसएसबी जवान सभ आ विद्यालयक छात्र सभ हाथ मे तिरंगालए देशभक्तिक नारा लगौलनि। सड़कक दुनू कात ठाढ़ स्थानीय ग्रामीण सभ ताली बजा कए जवान आबच्चासभक उत्साह बढ़ौलनि।मौक़ा पर मौजूद एसएसबीक अधिकारी कहलनि जे हर घर तिरंगा अभियान देशक एकता आ अखंडताक प्रतीक अछि। एहि तरहक आयोजन सं आम नागरिक, युवा आ बच्चा सभ मे राष्ट्रक प्रति कर्तव्यबोध आसम्मानक भावना मजबूत होइत अछि। कार्यक्रमक समापन पर जवान सभ उपस्थित ग्रामीण आ छात्र सभ सं 13 सं 15 अगस्तक बीच अपन-अपन घर पर तिरंगा फहराबयक अपील केलनि।

# विद्यालय सभ मे राष्ट्रगीत आ रंगोली सं देशभक्तिक संदेश

**समस्तीपुर/शिवाजीनगर, समदिया**

हर घर तिरंगा अभियानक अंतर्गत मंगलदिन शिवाजीनगर प्रखंडक सभ विद्यालय सभ मे विभिन्न कार्यक्रम आयोजित कएल गेल। कार्यक्रमक दौरान छात्र-छात्रा आ शिक्षक सभ समूह मे राष्ट्रगान आ राष्ट्रगीतक गायन केलनि। एकरा संगहि विद्यालय परिसर मे रंगोली निर्माण, संगोष्ठी सहित विभिन्न गतिविधिक आयोजन कए बच्चा सभ मे देशभक्ति आ राष्ट्र निर्माणक भावना विकसित करबाक प्रयास कएल गेल। विद्यालय सभ मे आयोजित कार्यक्रमक दौरान छात्र-छात्रा सभ मे बहुत उत्साह देखल गेल। राष्ट्रगान आ राष्ट्रगीतक सामूहिक गायनक दौरान विद्यालय परिसर देशभक्तिक भावना सं गूंजि उठल।छात्र-छात्रा सभ पूरा अनुशासनक संग कार्यक्रम मे भाग लेलनि। शिक्षक सभ सेहो बच्चासभक संग कार्यक्रम के



सफल बनाबय मे सक्रिय भूमिका निभौलनि। विभिन्न विद्यालय सभ मे छात्र-छात्रा सभ आकर्षक रंगोली बना कए अपन प्रतिभाक प्रदर्शन केलनि। रंग-बिरंगी रंगोली सं विद्यालय परिसरक सुंदरताक संगहि कार्यक्रम सेहो आकर्षणक केंद्र बनि गेल। एहि अवसर पर विद्यालय सभ मे संगोष्ठीकआयोजन सेहो कएल गेल। एहि दौरान शिक्षक सभ छात्र-छात्रा सभ के राष्ट्रीय एकता, देशक प्रति जिम्मेवारी, स्वतंत्रता आंदोलनक इतिहास आ राष्ट्र निर्माण मे युवासभक भूमिकाक संबंध मे जानकारी देलनि। बच्चा सभ के कहल गेल जे देशक विकास मे प्रत्येक नागरिकक महत्वपूर्ण भूमिका अछि।विद्यार्थी सभ के अपन कर्तव्यक पालन करबाक, अनुशासन कायम रखबाक तथा समाज आ देशक प्रतिजिम्मेदार बनबाक लेल प्रेरित कएल गेल। प्रखंड शिक्षा पदाधिकारी रामजन्म सिंह कहलनि जे हर घर तिरंगा अभियान छात्र-छात्रा सभ मे राष्ट्रक प्रति समर्पण आ देशभक्तिक भावना जागृत करबाक सशक्त माध्यम अछि। एहि तरहक कार्यक्रमक माध्यम सं बच्चा सभ के राष्ट्रीय ध्वजक महत्वक संगहि देशकएकता आ अखंडताक प्रति जागरूक कएल जा सकैत अछि। ओ कहलनि जे विद्यालय सभ मे एहि तरहकगतिविधि सं बच्चा सभ मे देशप्रेमक भावना मजबूत होइत अछि आ ओ राष्ट्र निर्माण मे अपनजिम्मेवारी के बुझैत छथि। कार्यक्रम के सफल बनेबाक लेल पूर्व बीआरपी सह प्रधानाध्यापक बालमुकुंद सिंह, मो. अब्दुल्लाह, सत्यनारायण आर्य, अरुण पासवान, सुभाष सिंह, संतोष कुमार, नीलू कुमारी, रामनाथ पंडित, हीरानंद झा, अवधेश चौधरी, प्रवीण कुमार, प्रकाश कुमार, मोहम्मद जैनुद्दीन, जहाआरा, प्रवीण, सरिता कुमारी, अजय कुमार राय, शांति भूषण, उमेश प्रसाद राय, प्रदीप कुमार, प्रमोद पासवान, पिंकी कुमारी, कोमल कुमारी, नंदन कुमारी, हेमंत कुमार आ देवानंद कामत सहित विभिन्न विद्यालयक प्रधानाध्यापक आ प्रधान शिक्षकसभक सक्रिय भूमिका रहल। शिक्षक सभ बच्चा सभ के कार्यक्रम मे उत्साहपूर्वक भाग लेबाक लेलप्रोत्साहित केलनि। पूरा प्रखंड मे आयोजित एहि गतिविधिक माध्यम सं हर घर तिरंगा अभियानक संदेश विद्यार्थी सभ धरि पहुंचाओल गेल।

# ग्राम कचहरी सचिवक लेल कोनो ठोस नियमावली बनाबय विभाग : अध्यक्ष

**मधुबनी/समदिया**

बिस्फी प्रखंड मुख्यालय मे ग्राम कचहरी सचिवक एक महत्वपूर्ण बैसार संघक प्रखंड अध्यक्ष त्रिलोकी नाथक अध्यक्षता मे भेल। बैसार मे ग्राम कचहरी सचिव सभ के विगत छह मास सं मानदेय नहि भेटबाक सहित विभिन्न समस्याक संबंध मे विस्तार सं चर्चा कएल गेल। प्रखंड अध्यक्ष त्रिलोकी नाथ कहलनि जे ग्राम कचहरी सचिव अल्प मानदेय भोगी कर्मचारीक श्रेणी मे अबैत छथि। 30 दिनक दैनिक कर्मचारी होयबाक बावजूद नियोजनक बाद जिला दिस सं आइ धरि पहचान पत्र निर्गत नहि कएल गेल अछि। समय-समय पर हुनका सभ के दोसर सामाजिक स्तरक कार्य मे सेहो ड्यूटी लगा देल जाइत अछि। मुदा विभाग दिस सं यात्रा भत्ता, इंटरनेट भत्ता आ सरकारी मोबाइलक कोनो व्यवस्था नहि कएल गेलअछि। ओ कहलनि जे 19 वर्ष सं लगातार सेवा देलाक बावजूद कचहरी सचिव सभ के चिकित्सा भत्ता सहित अन्य सुविधा सं सेहो वंचित राखल गेल अछि। मात्र 9 हजार रुपैयाक अल्प मानदेय भेटैत अछि, सेहो विगत छह मास सं लंबित अछि। एकर बावजूद सभ कचहरी सचिव के प्रातः 10 बजि कए 10 मिनट धरि लाइव फोटो पठेबाक लेल बाध्य कएल जा रहल अछि। त्रिलोकी नाथ कहलनि जे बहुत रास कर्मचारी दूर-दराज क्षेत्र सं मेरिटक आधार पर बहाल भेल छथि। एतेक कम मानदेय मे किराया पर कमरा लए जीवन-यापन करब अत्यंत कठिन भए; गेल अछि। विभाग द्वारा कचहरी सचिव सभ के मानसिक तनाव देल जा रहल अछि। एक दिस कचहरी मे दिन भरि सुनवाईक बाद माथ भारी रहैत अछि, तं; दोसर दिस समय पर मानदेय नहि भेटला सं घर-परिवारक समस्या सेहो बढ़ैत अछि। ओ कहलनि जे कचहरी सचिव ड्यूटी करबा सं घबरबैत नहि छथि, मुदा पंचायत सचिवक समतुल्य पद होयबाक बावजूद 19 वर्ष बीतलाक बादो कचहरी सचिवक लेल कोनो ठोस नियमावली नहि बनाओल गेल अछि, जाहि सं कर्मचारीसभक सेवा सुरक्षित भए सकय। ई अत्यंत चिंता के विषय अछि। संघक अध्यक्ष कहलनि जे विभाग यदि कचहरी सचिवसभक मांग पूरा नहि करैत अछि तं सभ कर्मचारी शीघ्र आंदोलन करबाक लेल बाध्य होयताह। एकर पूरा जवाबदेही संबंधित विभागक होयत। बैसार मे कचहरीसचिव उदय कुमार, मनीष कुमार,राम लखन, रौशन कुमार, मंजू देवी,संगीता कुमारी सहित विभिन्न पंचायतक कचहरी सचिव उपस्थित छलाह।

# प्रथम रैंकिंग टेबल टेनिस चैंपियनशिप में अररियाक शानदार दस्तक

**मुजफ्फरपुर, समदिया**

बिहार राज्य प्रथम रैंकिंग टेबल टेनिस चैंपियनशिप-2026 मे अररिया टीम अपन पहिलहि राज्यस्तरीय टूर्नामेंट मे शानदार प्रदर्शन कए जिलाक नाम रोशन केलक। मुजफ्फरपुर मे आयोजित एहि प्रतियोगिता मे अररियाक खेलाड़ी सभ खेल-कौशल, आत्मविश्वास आ संघर्ष क्षमताक परिचय दैत न मात्र दर्शकसभके प्रभावित केलनि, बल्कि चयनकर्ताक ध्यान सेहो अपन दिस आकर्षित केलनि। टीमक दू महिला आ एक पुरुष खेलाड़ी क्वार्टर फाइनल धरि पहुंचला। महिला वर्ग मे अररियाक अंजलि कुमारी शानदार शुरुआत करैत पटनाक रुद्रांगी अनायाके सीधे 3-0 सं पराजित केलनि। दोसर राउंड मे ओ पटनाक नाव्या लक्ष्मीके कड़ा मोकाबला मे 3-2 सं हरबैत क्वार्टर फाइनल मे स्थान बनौलनि। क्वार्टर फाइनल मे हुनकर सामनापटनाक कुमारी अनन्या सं भेल, जाहि मे अंजलि 0-3 सं पराजित भेली। मुदा पूरा टूर्नामेंट मे हुनकर प्रदर्शन खेल विशेषज्ञ आ चयनकर्तासभके प्रभावित केलक। अररियाक दोसर महिला खेलाड़ी सुलेखा कुमारी सेहो बेहतरीन प्रदर्शन केलनि। पहिल राउंड मे ओ पटनाक आर्निका आनंदके 3-0 सं हरौलनि। दोसर राउंड मे सेहो सुलेखा पटनाक नाव्या लक्ष्मीके 3-0 सं मात दैत क्वार्टर फाइनल मे प्रवेश केलनि। क्वार्टर फाइनल मे हुनकर मोकाबला तेजस्वी तेजश्री सं भेल, जाहि मे हुनका 1-3 सं हारक सामना करय पड़ल।लगातार दूटा मोकाबला जीतैत आखरी आठ मे स्थान बनायब हुनकर शानदार प्रदर्शनके दर्शबैत अछि। बालक वर्ग मे अंश ठाकुर सेहो अपन प्रतिभाक शानदार परिचय देलनि। पहिल राउंड मे ओ मधेपुराकआरव कुमारके 3-0 सं हरौलनि। दोसर राउंड मे गयाक अर्थव सिंहके 3-1 सं पराजित करैत क्वार्टरफाइनल मे प्रवेश केलनि। क्वार्टर फाइनल मे हुनकर सामना पटनाक शिवम कुमार सं भेल, जाहि मे हुनका 0-3 सं हारक सामना करय पड़ल। मेंस वर्ग मे अररियाक चंदन ठाकुरक मोकाबला पटनाक कबीर साहू सं भेल। एहि मोकाबला मे चंदनके 0-3 सं हार भेटल। हालांकि, पहिल बेर राज्यस्तरीय रैंकिंग प्रतियोगिता मे उतरि रहल अररिया टीमक लेल ई अनुभव महत्वपूर्ण आ उत्साहवर्धक रहल। अररिया टेबल टेनिसक महासचिव सह टीम मैनेजर सनाउल हक कहलनि जे सीमित अनुभवक बावजूद खेलाड़ी सभ जाहि तरहक प्रदर्शन केलनि, से अत्यंत उत्साहवर्धक अछि।पहिलहि राज्यस्तरीय प्रतियोगिता मे दू महिलाआ एक पुरुष खिलाड़ीके क्वार्टर फाइनल धरि पहुंचल अररियाक टेबल टेनिसक उज्ज्वल भविष्यक संकेत अछि। ओ कहलनि जे खिलाड़ीसभके आगू आरो नीक प्रशिक्षण आ बेसी-से-बेसी प्रतियोगिता मे खेलबाक अवसर उपलब्धकराओल जायत। अररिया टीमक अध्यक्ष खुर्शीद खान खिलाड़ीसभके बधाई दैत कहलनि जे ई जिला मे टेबल टेनिसक नव अध्यायक शुरुआत अछि।

# पंचायत समितिक बैसार मे आवास योजना मे गड़बड़ीक मामिला उठल

## नल-जल आ पंचायत मे कर्मीक अनुपस्थिति पर सेहो सवाल

**समस्तीपुर/शिवाजीनगर**

शिवाजीनगर प्रखंड मुख्यालयक सभागार भवन मे मंगलदिन पंचायत समितिक सामान्य बैसार आयोजित कएल गेल। बैसारक अध्यक्षता प्रखंड प्रमुख डॉ. गोविंद कुमार केलनि, जखन कि संचालन बीडीओ वीरेंद्र कुमार सिंह केलनि। बीडीओक पदभार ग्रहण केलाक बाद ई पंचायत समितिक पहिल सामान्य बैसार छल। बैसार शुरू होय सं पहिने प्रखंडक पदाधिकारी, जनप्रतिनिधि आ कर्मी सभ हाथ मे तिरंगा लए राष्ट्रगान केलनि। एकर बाद 'हर घर तिरंगा' अभियान कें लए चर्चा कएल गेल आ अभियानक अंतर्गत लोक सभ कें जागरूक करबाक पर जोर देल गेल। बैसारक दौरान प्रखंड प्रमुख डॉ. गोविंद कुमार सहित पंचायत समिति सदस्य आ जनप्रतिनिधि सभ नवनियुक्त बीडीओ वीरेंद्र कुमार सिंह कें पाग, चादर आ माला पहिरा स्वागत केलनि। एकर बाद विभिन्न पंचायत सं जुड़ल विकास काज, सरकारी योजनाक क्रियान्वयन, पेयजल, विद्यालय, पंचायत



कार्यालय मे कर्मीक उपस्थिति सहित कतेको जनसमस्याक संबंध मे सदस्य सभ पदाधिकारीसभक समक्ष सवाल उठौलनि। जाखड़ धरमपुर पंचायतक पंचायत समिति सदस्य शंभू बैठाप्रधानमंत्री आवास योजनाक क्रियान्वयन मे कथित अनियमितताक मामिला सदन मे उठौलनि। ओ आरोप लगौलनि जे पंचायत मे आवास सहायक संतोष कुमार करीब 2016 सं लगातार कार्यरत छथि। हुनकरकहब छल जे आवास योजनाक लाभ दियाबयक नाम पर कथित रूप सं घर-घर जा लाभुक सभ सं राशिमांगल जाइत अछि। समिति सदस्य आरोप लगौलनि जे आवासक लाभ दियाबयक बदला मे लाभुक सभ सं 25 सं 30 हजार रुपैया धरि लेल जेबाक शिकायत अछि। ओ ईहो आरोप लगौलनि जे पंचायतक प्रत्येक वार्ड मे आवास योजना सं जुड़ल कथित बिचौलिया सक्रिय छथि। मामिलाक गंभीरता कें देखैत ओ एकर जांच कराबयक मांग सदन मे रखलनि। दसौत पंचायतक पंचायत समिति सदस्य मोहन झा पंचायत मे विकास योजनाक क्रियान्वयनक मुद्दा उठबैत कहलनि जे हुनकर कार्यकालक करीब चारि वर्ष छह मास बीति गेलाक बादो पंचायत मे एकोटा योजना संचालित नहि भेल अछि। ओ कहलनि जे विकासक मामिला मे पंचायत शून्य पर ठाढ़ अछि, जे चिंता विषय अछि। करियन पंचायतक मुखिया संजीव कुमार पासवान आ दसौत पंचायतक मुखिया नटवर राय पंचायत भवन आ पंचायत सरकार भवन मे कर्मीक नियमित उपस्थिति संबंधी मामिला उठौलनि। ओ कहलनि जे पंचायत सचिव आ कार्यपालक सहायकक अतिरिक्त अन्य कर्मी पंचायत कार्यालय मे नियमित रूप सं नहि बैसैत छथि। एहि कारण ग्रामीण सभ कें अपन काज लेल कार्यालयक चक्कर लगाबय पड़ैत अछि। मुखिया संजीव कुमार पासवान विशेष रूप सं राजस्व कर्मीक अनुपस्थितिक मामिला उठबैत कहलनि जे राजस्व कर्मी पंचायत मे नहि अबैत छथि आ कतेको बेर फोन सेहो रिसीव नहि करैत छथि। एहि कारण जमीन आ राजस्व सं संबंधित काज लेल ग्रामीण सभ कें परेशानी भोगय पड़ि रहल अछि। बैसार मे पंचायत समिति सदस्य सरोज कुमार, मुखिया विभा देवी सहित अन्य जनप्रतिनिधि सभ 'हर घर नल-जल' योजनाक स्थिति पर सेहो सवाल उठौलनि। सदस्य सभ कहलनि जे कतेको पंचायत मे नल-जल योजनाक स्थिति संतोषजनक नहि अछि।

# 10 लाख रुपैयाक इनामी नक्सली कयलक आत्मसमर्पण

चाईबासा,समदिया।

पश्चिमी सिंहभूम जिला मे मंगल दिन भाकपा माओवादीक 10 लाख रुपैयाक इनामी जोनल कमांडर सालुका कायम उर्फ भुवनेश्वर सहित चारि सक्रिय नक्सली पुलिस आ सीआरपीएफक समक्ष आत्मसमर्पण कएलनि। ई आत्मसमर्पण ऑपरेशन 'नवजीवन-III' अंतर्गत भेल। पुलिसक अनुसार, ई नक्सली कोल्हान, पोराहाट आ सारंडाक दुर्गम जंगल-पहाड़ क्षेत्र सभ मे सक्रिय छलाह। आत्मसमर्पण कएनिहार सभ मे सालुका कायमक अतिरिक्त कोदोमुनी कोड़ा, पिंकी पूर्ती उर्फ सुकांती पूर्ती आ अनिता तामसोय उर्फ अनिता कायम शामिल छथि। सालुकाक विरुद्ध चाईबासा मे 90 मामिला दर्ज पुलिसक अनुसार, सालुका संगठनक जोनल कमेटीक सदस्य छल। ओकर विरुद्ध चाईबासा मे 90 आ सरायकेला मे 6, कुल 96 मामिला दर्ज अछि। ओकरा पर 10 लाख रुपैयाक इनाम घोषित छल।



पुलिस बतौलनि जे आत्मसमर्पणक समय सालुका एकटा राइफल, दूटा मैगजीन आ 843 कारतूस सहित आन सामग्री जमा कएलक। आन नक्सली सभक लग सं एके-47 राइफल, इंसास राइफल, वायरलेस सेट, मैगजीन आ पैघ संख्या मे कारतूस बरामद भेल। पुलिसक अनुसार, नक्सली सभ संगठनक भीतर कथित शोषण आ दबाव सं परेशान भए मुख्यधारा मे लौटबाक निर्णय लेलनि। सुरक्षाबलक लगातार अभियान, जंगल सभ मे नव सुरक्षा कैंपक स्थापना आ सामुदायिक पुलिसिंगक आत्मसमर्पण पर सकारात्मक प्रभाव पड़ल अछि। एसडीपीओ चक्रधरपुर डॉ. सैयद मुस्तफा हाशमीक पहल पर सालुकाक प्रभाव बला क्षेत्र सभ म स्वास्थ्य शिविर आयोजित कएल गेल। एहिसं ग्रामीण सभक पुलिस प्रति विश्वास बढ़ल, जाहिसं आत्मसमर्पणक प्रक्रिया मे तेजी

**» सारंडाक दुर्गम जंगल मे छल सक्रिय**

आयल। 2025 मे पश्चिमी सिंहभूम मे 10 नक्सली कएलनि आत्मसमर्पण पुलिसक आंकड़ाक अनुसार, वर्ष 2025 मे पश्चिमी सिंहभूम मे 10 नक्सली आत्मसमर्पण कएलनि। वर्ष 2026 मे ऑपरेशन नवजीवन-I अंतर्गत 25 आ नवजीवन-II अंतर्गत 14 नक्सली हथियार राखलनि। पुलिस बतौलनि जे वर्ष 2025 सं जुलाई 2026 धरि जिला मे कुल 49 नक्सली आत्मसमर्पण कएलनि, 22 मुठभेड़ मे मारल गेलाह आ 60 गोटेक गिरफ्तारी भेल। आत्मसमर्पण कएनिहार नक्सली सभ कें झारखंड सरकारक आत्मसमर्पण एवं पुनर्वास नीतिक लाभ भेटत। पुलिस अधिकारी सभक कहब अछि जे लगातार अभियान आ आत्मसमर्पणक कारण पश्चिमी सिंहभूम मे नक्सली गतिविधि सभ पर प्रभावी रूप सं अंकुश लगाबय मे सहायता भेटल अछि।

# झारखंड विधानसभाक मानसून सत्रक चारिम दिन 8399 करोड़क अनुपूरक बजट पारित

रांची,समदिया।

**भाजपाक विधायक सभ सदनक बाहर कएलनि प्रदर्शन**




झारखंड विधानसभाक मानसून सत्रक मंगल दिन चारिम दिन रहल। भाजपा विधायक सभ सदनक बाहर आ भीतर प्रदर्शन कएलनि आ हेमंत सरकारक विरुद्ध नारेबाजी कएलनि। एकर बाद सदनक कारबाइ दुपहर 2 बजे धरि स्थगित कए देल गेल। दोसर दिस, सोम दिन सदनक कारबाइ विपक्षक गैरमौजूदगी मे संपन्न भेल। एहि दौरान प्रश्नकाल मे सदन सं अनुपस्थित रहनिहार विधायक सभ पर विधानसभा अध्यक्ष रवींद्रनाथ महतो नाराजगी जतौलनि। अध्यक्ष कहलनि जे प्रश्न पूछि कए सदन मे उपस्थित नहि रहब संसदीय व्यवस्थाक नीक परंपरा नहि अछि। ओ निर्धारित समय पर सदनक कारबाइ शुरू कएलनि। भोजनावकाशक बाद चालू वित्तीय वर्ष 2026-27 लेल 8399 करोड़ 31 लाख 11 हजारक अनुपूरक बजट पारित कएल गेल। अनुपूरक बजट पर भेल वाद-विवादक जवाब दैत वित्त मंत्री राधाकृष्ण किशोर कहलनि जे वर्ष 2024 सं शुरुआत भेल मईयां सम्मान योजना राज्यक अर्थव्यवस्था आ प्रतिव्यक्ति आय बढ़ेबामे महत्वपूर्ण योगदान देने अछि। हुनकर अनुसार, योजनाक लागू होएबाक बाद झारखंडक औसत विकास दर लगभग 7.02 प्रतिशत रहल अछि। प्रतिव्यक्ति आय वर्तमान मूल्य पर बढ़ि कए 1,16,663 भए गेल अछि। एहि बीच ध्यानाकर्षण प्रस्तावक दौरान विधायक सभ लेल आवास निर्माण खातिर जमीन उपलब्ध कराबए संबंधी सरकारक जवाब पर मंत्री राधाकृष्ण किशोर नाराजगी जतौलनि। ओ कहलनि जे ओ स्वयं सरकारक जवाब सं संतुष्ट नहि छथि। एहि पर मंत्री दीपक बिरूआ कहलनि जे ई विधायक सभक गृह निर्माण सं जुड़ल मामिला अछि। एक्के ठाम सभकेँ जमीन उपलब्ध नहि भए रहल अछि। नगड़ी, नामकुम, रातू आ ओरमांझी मे अंचल कार्यालयक दिस सं जमीन चिन्हित कए उपलब्ध कराओल गेल अछि। एहि संबंध मे गृह निर्माण लेल गठित सहकारिता समिति कें जानकारी देल गेल अछि। समितिक अनुमति भेटला पर जमीन उपलब्ध करा देल जाएत।

# भाजपाक झारखंड बंदक मिलल जुलल असरि, स्कूल-कार्यालय रहल खुजल, कतेको ठाम बाजार बंद

रांची,समदिया।

झारखंडक रांची मे सोम दिन छात्र सभ पर भेल लाठीचार्जक विरोध मे भाजपा मंगल दिन राज्यव्यापी बंद आह्वान कएलक। रांची मे भाजपा कार्यकर्ता सभ कतेको ठाम सड़क जाम कएलनि। किछु जिला मे कार्यकर्ता सभ जबरदस्ती दोकान सभ बंद करबैत सेहो नजरि एलाह। कतेको शहर मे पुलिस लोक सभ कें हिरासत मे लेलनि। जखनकि कतेको निजी स्कूल खुलल छल। एहि बीच झारखंड विधानसभा घेरावक दौरान एबीवीपी कार्यकर्ता सभ आ पुलिसक बीच झड़प भेल। कार्यकर्ता सभ पुरान विधानसभा लग जुटल छलाह, जतए हुनका सभ कें हिरासत मे लेबाक लेल पुलिस पहुंचल। एकर बाद किछु कार्यकर्ता सड़क पर सूति गेलाह, जखनकि किछु पुलिस वैनक आगू बैसि गेलाह। पुलिस लगातार हुनका सभ कें हटेबाक प्रयास करैत रहल, एहि क्रम मे धक्का-मुक्की आ झड़प भेल। मानसून सत्रक दौरान



**» विधानसभा घेरावक दौरान एबीवीपी कार्यकर्ता सभ आ पुलिस मे झड़प भेल**

मुख्यमंत्री हेमंत सोरेन विपक्ष पर युवा सभ कें भटकाबैक आरोप लगौलनि। ओ कहलनि, "विपक्ष हल्ला करैत रहत, हम अपन काज करैत रहब। सरकार छात्र सभक हित मे निर्णय लए रहल अछि।" मुख्यमंत्री कहलनि जे भाजपा युवा सभक आंदोलन कें राजनीतिक मंच बनेबाक प्रयास कए रहल अछि, मुदा छात्र सभ कें न्याय भेटत। छात्र सभ सोम दिन झारखंड मे जेपीएससी-जेएसएससी भर्ती परीक्षा मे कथित धांधलीक विरोध मे प्रदर्शन कएने छलाह। विधानसभा घेरावक दौरान 100 सं अधिक छात्र घायल भए गेलाह। कतेको छात्र सभक हाथ आ पैर मे फ्रैक्चर होबाक बात कहल जा रहल अछि। दोसर दिस, रांची पुलिसक लगभग 14 पुलिसकर्मी सेहो घायल भेलाह। सरकार आ छात्र सभक बीच एखन धरि तीन दौरक बातचीत भए चुकल अछि, मुदा कोनो समाधान नहि निकलल अछि। जखनकि सरकार छात्र सभक 9 मे सं 6 मांग मानि लेने अछि। छात्र सभक कहब अछि जे आब ओ सभ मात्र मुख्यमंत्री हेमंत सोरेन सं बातचीत करताह। भाजपा आरोप लगौलक जे छात्र सभक मांग सुनबाक बदला सरकार प्रदर्शनकारी सभ पर लाठीचार्ज कएलक। भाजपा प्रदेश अध्यक्ष आदित्य साहूक नेतृत्व मे रांचीक रातू रोड मे टायर जरा कए प्रदर्शन कएल गेल। कार्यकर्ता सभ "लाठी-गोलीक सरकार नहि चलत" आ "हेमंत सोरेन इस्तीफा दिअ" जेकां नारा लगौलनि। राज्यक हजारीबाग, चतरा, कोडरमा, पाकुड़, लातेहार, चाईबासा सहित कतेको जिला मे बंदक असर देखल गेल। विपक्षक नेता बाबूलाल मरांडी कहलनि जे छात्र सभ विगत कतेको वर्ष सं अपन अधिकार लेल संघर्ष कए रहल छथि। हुनकर आरोप छल जे भर्ती प्रक्रिया मे गड़बड़ी आ नौकरी बेचबाक प्रवृत्तिक कारण छात्र सभ सड़क पर उतरबाक लेल विवश भेल छथि। सोम दिन विधानसभा मार्चक दौरान प्रदर्शनकारी छात्र सभ चारिटा बैरिकेडिंग तोड़ैत जगन्नाथपुर मंदिर लग पहुंचि गेल छलाह। पुलिस पहिने वाटर कैननक प्रयोग कएलक, तत्पश्चात आंसू गैसक गोला छोड़ल गेल। एहि बीच छात्र सभक किछु समूह पुलिस पर पाथर, जूता-चप्पल आ पानिक बोतल फेंकबाक आरोप मे सेहो चिन्हित कएल गेल। हालात नियंत्रित करबाक लेल पुलिस कें बेर-बेर लाठीचार्ज करए पड़ल। छात्र नेता देवेंद्र नाथ महतोक तबीयत धरनास्थल पर बिगड़ि गेल, जाहि बाद हुनका सदर अस्पताल मे भर्ती कराओल गेल। झारखंड पीएससी-एसएससी परीक्षा रद्द करबाक मांग लए छात्र सभ विगत 17 दिन सं आंदोलनरत छथि आ देवेंद्र नाथ महतो सहित 6 छात्र भूख हड़ताल पर छथि।

# धनबाद-कोयंबटूरक बीच चलत अमृत भारत एक्सप्रेस

धनबाद,समदिया।

भारतीय रेलक नव अपडेट अंतर्गत रेलवे बोर्ड धनबाद आ कोयंबटूरक बीच एकटा आओर अमृत भारत एक्सप्रेसक मंजूरी दए देने अछि। ई ट्रेन गोमो, पारसनाथ, हजारीबाग, कोडरमा होइत कोयंबटूर धरि चलत। धनबाद-कोयंबटूरक बीच चलनिहार एहि नव अमृत भारत एक्सप्रेसक मार्ग मे काटपाडी स्टेशन सेहो शामिल अछि। एकरा सं इलाज लेल वेल्लूर जाए बला रोगी सभ कें पैघ राहति भेटत। ट्रेन धनबाद सं प्रत्येक शनि दिन आ कोयंबटूर सं प्रत्येक मंगल दिन चलत। 10 अगस्त कें रेलवे बोर्डक कोचिंग निदेशक संजय आर. नीलम एहि संबंध मे आदेश जारी कएलनि। ट्रेनक परिचालन तिथि शीघ्र घोषित कएल जाएत। एकर प्राथमिक मेंटेनेंस धनबाद मे होयत। ई ट्रेन गोमो, पारसनाथ, हजारीबाग, कोडरमा, गया, अनुग्रह नारायण रोड, डेहरी आन सोन, सासाराम, भभुआ रोड, डीडीयू,



**» रेलवे बोर्ड जारी कयलक आदेश, सीएमसी वेल्लूर लेल नव विकल्प**

मिर्जापुर, प्रयागराज छिवकी, सतना, कटनी, जबलपुर, नरसिंहपुर, पिपरिया, इटारसी, बैतूल, नागपुर, चंद्रपुर, बल्लारशाह, सिरपुर कागजनगर, मंचेरियाल, पेड्डापल्ली, वारंगल, महबूबाबाद, खम्मम, विजयवाड़ा, ओंगोल, नेल्लोर, गुडूर, रेणिगुंटा, तिरुत्तनी, काटपाडी, जोलारपेट्टई, सेलम, इरोड आ तिरुप्पुर होइत कोयंबटूर पहुंचत। 22363 धनबाद-कोयंबटूर अमृत भारत एक्सप्रेस प्रत्येक शनि दिन धनबाद सं सांझ 4:10 बजे खुलत आ सोम दिन सांझ 6:30 बजे कोयंबटूर पहुंचत। 22364 कोयंबटूर-धनबाद अमृत भारत एक्सप्रेस प्रत्येक मंगल दिन कोयंबटूर सं भोर 7:50 बजे खुलत आ बृहस्पति दिन दुपहर 1:00 बजे धनबाद पहुंचत। रेलवेक एहि निर्णय सं विशेष रूप सं सीएमसी वेल्लूर मे इलाज कराबए जाए बला झारखंड आ बिहारक रोगी सभ कें प्रत्यक्ष लाभ भेटबाक उम्मीद अछि।

# रांची मे छात्र आंदोलन जारी, अनशन पर बैसल 26 गोटेक भेल मेडिकल जांच

रांची ,समदिया।

झारखंड मे प्रतियोगी परीक्षा सभ मे कथित अनियमितताक विरोध मे छात्र सभक आंदोलन मंगल दिन सेहो जारी रहल। जयपाल सिंह मुंडा स्टेडियम मे राज्यभरि सं पहुंचल छात्र सभ एकजुट भए धरना पर बैसल रहलाह। मंच सं छात्र सभ बेर-बेर अपन मांग आ आंदोलनक कारण सभ रखैत रहलाह। छात्र सभक कहब अछि जे जाबत सरकार हुनक मांग सभ पर ठोस निर्णय नहि लेत, ताबत आंदोलन जारी रहत। मंगल दिन आंदोलन स्थल पर सदर अस्पतालक मेडिकल टीम पहुंचल। चिकित्सक सभ अनशन पर बैसल 26 गोटे अनशनकारीक स्वास्थ्य जांच कएलनि। एहिमे आंदोलनकारी देवेंद्र महतो आ छात्र समूहक अन्य अनशनकारी सभ शामिल छलाह। जांचक दौरान अनशनकारी प्रेम नायकक स्थिति खराब बताओल गेल। चिकित्सक सभ अनशनकारी सभक स्वास्थ्य पर नजरि राखलनि




आ आवश्यक चिकित्सकीय परामर्श देलनि। छात्र सभक मुख्य मांग झारखंड लोक सेवा आयोग आ अन्य प्रतियोगी परीक्षा सभ मे कथित गड़बड़ीक निष्पक्ष आ उच्चस्तरीय जांच कराएब अछि। छात्र सभक आरोप अछि जे परीक्षा प्रक्रियामे पारदर्शिता नहि बरतल गेल, जाहिसं मेहनति कएनिहार अभ्यर्थी सभक भविष्य प्रभावित भेल अछि। ओ सभ दोषी लोकक पहचान कए कारबाइ करबाक आ परीक्षा व्यवस्थाकें पारदर्शी बनेबाक मांग कए रहल छथि। एकरा अतिरिक्त छात्र सभ प्रतियोगी परीक्षा सभ मे अनियमितताक शिकायतक समाधान, लंबित नियुक्ति प्रक्रिया मे तेजी, योग्य अभ्यर्थी सभक हितक रक्षा आ भर्ती परीक्षा सभक निष्पक्ष आयोजनक मांग कए रहल छथि। छात्र सभक कहब अछि जे हुनक आंदोलन कोनो राजनीतिक

**» 1 अनशनकारीक स्थिति बिगड़ल**

दलक मंच सं नहि, बल्कि अपन अधिकार आ रोजगारक मुद्दा लए चलाओल जा रहल अछि। ओ सभ स्पष्ट कएलनि जे मात्र आश्वासन सं आंदोलन समाप्त नहि होयत। सरकार मांग सभ पर स्पष्ट आ ठोस निर्णय लिअ, आ परीक्षा व्यवस्थामे सुधार तथा कथित अनियमितताक जांच सुनिश्चित करए। आंदोलन स्थल पर लगातार छात्र सभक संख्या बढ़ि रहल अछि आ राज्यक विभिन्न जिला सभ सं छात्र रांची पहुंचि रहल छथि। जयपाल सिंह मुंडा स्टेडियम मे मंगल दिन सेहो छात्र नेता आ आंदोलनकारी सभ मंच सं सरकार सं अपन मांग पूरा करबाक अपील कएलनि। छात्र सभ कहलनि जे हुनक संघर्ष रोजगार, निष्पक्ष परीक्षा आ अपन भविष्यक सुरक्षाक लेल अछि। जाबत मांग सभ पर संतोषजनक निर्णय नहि होयत, ताबत आंदोलन जारी रहत।

# 15 अगस्त सं सरकारी कार्यालय सभ मे वीडियो कॉल सं होयत निगरानी

धनबाद ,समदिया।

धनबाद जिला मे सरकारी कार्यालय सभ आ सरकारी योजना सभक निगरानीक तरीका आब बदलए जा रहल अछि। 15 अगस्त सं वीडियो कॉल आधारित अटेंडेंस आ मॉनिटरिंग सिस्टम शुरू करबाक तैयारी कएल जा रहल अछि। एहि नव व्यवस्था सं अधिकारी आ कर्मचारी सभक उपस्थिति संगहि योजना सभक वास्तविक स्थिति पर सेहो नजरि राखल जाएत। पहिने एहि व्यवस्थाक शुरुआत 1 अगस्त सं होएबाक छल, मुदा तकनीकी आ अन्य तैयारी मे देरीक कारण एकर तिथि आगू बढ़ा देल गेल। उपायुक्त आदित्य रंजनक निर्देश पर समाहरणालयक सबसं उपरका तल पर 10टा कंप्यूटरयुक्त विशेष कक्ष तैयार कएल जा रहल अछि। एहिठाम सं जिलाक विभिन्न विभाग, कार्यालय आ सरकारी संस्थान सभक ऑनलाइन निगरानी कएल जाएत। वीडियो कॉन्फ्रेंसिंगक माध्यम सं अधिकारी-कर्मचारी सभक उपस्थिति आ संबंधित योजना सभक



**अधिकारी-कर्मचारी सभक रहत ऑनलाइन हाजिरी**

वास्तविक स्थिति संबंधी जानकारी लेल जा सकत। एहि व्यवस्थाक दायरा मे स्कूल, आंगनबाड़ी केंद्र, सरकारी अस्पताल, स्वास्थ्य उपकेंद्र, पंचायत, प्रखंड आ अंचल कार्यालय, जन वितरण प्रणालीक दोकान, प्रधानमंत्री आवास योजना (ग्रामीण), जल जीवन मिशन, ग्रामीण विकास, मनरेगा, बीपीओएस मशीन, राजस्व विभाग सहित अन्य विभाग आ योजना सभ शामिल रहत। निरीक्षणक दौरान वीडियो कॉन्फ्रेंसिंगक माध्यम सं ईहो जांच कएल जाएत जे संबंधित अधिकारी वा कर्मचारी अपन कार्यस्थल पर उपस्थित छथि अथवा नहि। उपायुक्त आदित्य रंजन कहलनि जे एहि नव व्यवस्थाक विशेषता ई रहत जे जिला स्तरक अधिकारी सभ योजना सभक लाभुक लोकनि सं सीधा वीडियो कॉल पर बातचीत कए सकताह। एहिसं ई स्पष्ट जानकारी भेटत जे योजनाक लाभ वास्तव मे लोक सभ धरि पहुंचि रहल अछि अथवा नहि। राशन दोकान सभ मे लाभुक सभक उपस्थिति, खाद्यान्नक भंडारण आ वितरण, स्टॉक आ रेट चार्टक जांच सेहो ऑनलाइन निगरानीक माध्यम सं कएल जाएत। अस्पताल सभ मे औषधिक उपलब्धता, बेड, लैब, ओपीडी रजिस्टर आ चिकित्सक सभक उपस्थिति पर नजरि राखल जाएत। जखनकि स्कूल सभ मे शिक्षक आ विद्यार्थी सभक उपस्थिति, पठन-पाठन आ विद्यालयक व्यवस्था संबंधी समीक्षा कएल जाएत। आंगनबाड़ी केंद्र सभ मे बच्चा सभक उपस्थिति, पोषाहार आ अन्य सुविधा सभक सेहो निगरानी होयत। प्रशासन जिला स्तर पर ई-अनुसमर्थन कोषांग सेहो तैयार कए रहल अछि। प्रत्येक शुक्र दिन वीडियो कॉन्फ्रेंसिंगक माध्यम सं समीक्षा बैठक आयोजित होयत। एहि दौरान दू वा तीन योजना, संस्थान अथवा कार्यालयक चयन कए हुनकर स्थिति जांचल जाएत। निरीक्षण मे वित्तीय गड़बड़ी, घटिया काज, लापरवाही वा शिथिलता भेटला पर तत्काल कारबाइ कएल जाएत।

# पलामू मे कोयला लादल मालगाड़ीक 11 डिब्बा बेपटरी, परिचालन सामान्य

पलामू,समदिया।

मंगल दिन दुपहरिया पलामू मे कोयला लदल एकटा मालगाड़ीक 11 डिब्बा पटरी सं उतरि गेल। ई घटना पूर्व मध्य रेलवेक बरकाकाना-सोननगर रेलखंड पर गढ़वा रोड आ सिगसिगी रेलवे स्टेशनक बीच सबवना गाम मे रिवर्सिबल लाइन पर भेल। मालगाड़ी बरकाकाना सं कोयला लए कए सोन नगर दिस जा रहल छल। एहि दुर्घटना मे केओ हताहत भेलाक सूचना नहि अछि। जानकारीक अनुसार, मालगाड़ी गढ़वा रोड स्टेशन पार कए सिगसिगी स्टेशन दिस बढ़ि रहल छल। एहने क्रम मे ग्रासिम इंडस्ट्री लग सबवना गाम




मे रिवर्सिबल लाइन (थर्ड) पर एकर 59 डिब्बा मे सं 11 डिब्बा

**» गढ़वा रोड आ सिगसिगी स्टेशनक बीच सबवना गाम मे दुर्घटना**

बेपटरी भए गेल। तत्काल राहति आ बहालीक काजक शुरुआत भेल घटनाक सूचना भेटिते रेलवेक राहति आ बचाव टीम, तकनीकी विशेषज्ञ सभ तथा इंजीनियरिंग विभागक टीम घटनास्थल पर पहुंचल। ओ सभ तत्काल राहति आ बहालीक काजक शुरुआत कएलनि। क्षतिग्रस्त डिब्बा सभ कें हटेबा आ रेलवे ट्रैक कें दुरुस्त कए परिचालन शीघ्र बहाल करबाक प्रयास कएल जा रहल अछि। दुर्घटनाक वास्तविक कारणक एखन धरि पता नहि चलि सकल अछि आ रेलवे प्रशासन मामिलाक जांचक शुरुआत कए देने अछि। डालटनगंजक यातायात निरीक्षक अनिल कुमार तिवारी बतौलनि जे रिवर्सिबल लाइन पर घटना होयबाक कारण अप आ डाउन लाइन सभ कें कोनो नोकसान नहि पहुंचल अछि। ओ पुष्टि कएलनि जे सभ ट्रेनक परिचालन सामान्य रूप सं जारी अछि।

# बीएसएल मे ऑनलाइन वेंडर रजिस्ट्रेशन पोर्टल के भेल शुरुआत

बोकारो,समदिया

बोकारो स्टील प्लांट मे डिजिटलाइजेशन एवं प्रक्रिया सरलीकरण के दिशा मे कएल जा रहल निरंतर प्रयाससभक तहति एकटा आओर महत्वपूर्ण पहल करैत मटेरियल मैनेजमेंट-रजिस्ट्रेशन एंड वेंडर रेटिंग विभाग द्वारा सीएंडआईटी विभाग के सहयोग सं ऑनलाइन वेंडर रजिस्ट्रेशन पोर्टल के शुरुआत कएल गेल अछि। इ पोर्टल के उद्देश्य वेंडर पंजीकरण प्रक्रिया के अधिक सरल, त्वरित, पारदर्शी एवं पेपरलेस बनेनाइ तथा प्रक्रिया मे दक्षता बढ़ैनाइ एवं हितधारकसभकें बेहतर सुविधा प्रदान केनाइ अछि। डिजिटलाइजेशन के पहल के अंतर्गति विकसित इ पोर्टल वेंडर पंजीकरण प्रक्रिया मे लगयवला समय के उल्लेखनीय रूप सं कम करबा मे सहायक होयत। गौरतलब अछि जे पूर्व मे वेंडर पंजीकरणक प्रक्रिया मे भौतिक फाइलसभक माध्यम सं कार्यवाही कएल जेबाक कारण पंजीकरण मे समय लगैत छल। परंतु अआब ऑनलाइन पोर्टल के माध्यम सं एहि प्रक्रिया के सुव्यवस्थित करैत पंजीकरणक अवधि के न्यूनतम करबाक लक्ष्य राखल गेल अछि। एहि सं पात्र वेंडरसभक पंजीकरणक प्रक्रिया मे तेजी आयत आ बीएसएल के संग व्यावसायिक सहभागिताक प्रक्रिया अधिक सुगम होयत। पोर्टल के माध्यम सं वेंडर पंजीकरण के संपूर्ण प्रक्रिया ऑनलाइन एवं पेपरलेस होयत, जाहिसं वेंडर अपन आवेदन तथा आवश्यक दस्तावेज ऑनलाइन जमा क सकताह। एहि सं दस्तावेजसभकेश प्रबंधन मे सेहो दक्षता बढ़त तथा मैनुअल कार्यवाही मे कमी आएत। संगहि, प्रक्रिया के विभिन्न चरणक बेहतर निगरानी एवं समयबद्ध कार्रवाई सुनिश्चित करबा मे सेहो सुविधा होयत।

# कटिहारक महिला कॉलेज मे भेल साइबर जागरूकता कार्यक्रम

## छात्रा सभ कें ओटीपी आ लिंक फ्रॉड सं बचावक टिप्स देल गेल

**कटिहार, समदिया**

कटिहार पुलिस साइबर अपराध सं बचाव लेल मंगल दिन महिला कॉलेज मे एकटा जागरूकता कार्यक्रम आयोजित कएलक। ई कार्यक्रम पुलिस अधीक्षक परिचय कुमारक निर्देश पर साइबर मंगल अभियान अंतर्गत आयोजित भेल। कार्यक्रमक अध्यक्षता पुलिस उपाधीक्षक (साइबर) आशिफ आलम कएलनि। एहि मे कॉलेजक सैकड़ो छात्रा सभ आ कर्मचारी सभ कें साइबर ठगीक नव तरीका सभ आ एकरा सं बचावक उपाय सभक संबंध मे विस्तृत जानकारी देल गेल। पुलिस कें सूचित करबाक अपील डीएसपी आशिफ आलम छात्रा सभ कें बतौलनि जे साइबर ठग सभ आइकाल्हि नौकरी, लॉटरी, केबीसी, बैंक खाता बंद होयबाक आ केवाईसी अपडेटक नाम पर फोन अथवा व्हाट्सएपक माध्यम सं संपर्क करैत अछि। ओ कोनो अनजान लिंक पर क्लिक नहि करबाक आ ओटीपी, सीवीवी अथवा पासवर्ड ककरो संग साझा नहि करबाक सलाह देलनि। ओ ईहो बतौलनि जे सोशल मीडिया पर फर्जी प्रोफाइल बना कए दोस्तीक नाम पर ठगी आ अश्लील वीडियो वायरल करबाक धमकी दए ब्लैकमेलिंगक मामिला लगातार बढ़ि रहल अछि। एहन कोनो संदिग्ध कॉल अथवा मैसेज कें तत्काल ब्लॉक कए पुलिस कें सूचित करबाक अपील कएल गेल। टू-स्टेप वेरिफिकेशन सक्रिय करबाक सलाह डीएसपी आलम छात्रा सभ कें साइबर हेल्पलाइन नंबर 1930 आ राष्ट्रीय साइबर अपराध रिपोर्टिंग पोर्टलक जानकारी सेहो देलनि। ओ जोर दए कहलनि जे साइबर ठगी होयलाक 24 घंटाक भीतर शिकायत दर्ज करेला पर रुपैया वापस भेटबाक संभावना बढ़ि जाइत अछि। ओ छात्रा सभ सं अपन घरक महिला सभ आ बुजुर्ग सभ कें सेहो साइबर ठगीक संबंध मे जागरूक करबाक अपील कएलनि। एकरा अतिरिक्त मजबूत पासवर्ड रखबाक आ टू-स्टेप वेरिफिकेशन कें अनिवार्य रूप सं सक्रिय करबाक सलाह देल गेल। पुलिसक पहलक सराहना कार्यक्रमक अंत मे छात्रा सभ साइबर ठगी सं संबंधित कतेको प्रश्न पूछलनि, जाहिक उत्तर डीएसपी आ हुनकर टीम देलनि। एहि सं छात्रा सभक संशय दूर भेल। कॉलेजक प्राचार्य आ शिक्षक सभ पुलिसक एहि पहलक सराहना कएलनि। कॉलेज प्रशासनक कहब छल जे छात्रा सभ कें डिजिटल सुरक्षाक जानकारी देनाइ अत्यंत आवश्यक अछि आ एहन कार्यक्रम नियमित रूप सं आयोजित होयबाक चाही।



# मोतिहारी मे महाबीर झंडा जुलूस कें लए बैसार, प्रशासन जारी कएलक गाइडलाइन

## डीजे-हथियार प्रतिबंधित, हुड़दंगई पर राखल जाएत विशेष नजरि

**मोतिहारी, समदिया**

मोतिहारी नगर थाना परिसर मे महाबीर झंडा जुलूसक संबंध मे शांति समिति केर एकटा महत्वपूर्ण बैठक आयोजित भेल। एकर अध्यक्षता सदर एसडीओ अरुण कुमार आ सदर डीएसपी-वन दिलीप कुमार संयुक्त रूप सं कएलनि। बैठक मे विभिन्न अखाड़ा समिति सभक सदस्य, जनप्रतिनिधि आ स्थानीय गणमान्य व्यक्ति सभ उपस्थित छलाह। बैठकक दौरान प्रशासन महाबीर झंडा जुलूस लेल विस्तृत दिशा-निर्देश जारी कएलक। गाइडलाइनक अनुसार निकलत जुलूस सदर एसडीओ अरुण कुमार अखाड़ा समिति सभक सदस्य सभ कें स्पष्ट निर्देश देलनि जे जुलूस पूर्ण रूप सं प्रशासनिक गाइडलाइनक अनुसारहि निकालल जाएत। ओ बतौलनि जे जुलूस मे डीजे, धारदार हथियार आ कोनो प्रकारक हुड़दंगई पर पूर्ण प्रतिबंध रहत। एसडीओ आगू कहलनि जे जुलूसक निर्धारित रूट प्रशासन द्वारा तय कएल जाएत, जाहिक पूर्व निरीक्षण थानाध्यक्ष द्वारा कएल जाएत। जं कोनो मार्ग सं कोनो समुदायक आस्था कें ठेस पहुंचबाक आशंका रहत, तं ओहि मार्ग सं जुलूस निकालबाक अनुमति नहि देल जाएत। एकरा संगे, प्रशासनिक अनुमति बिना कोनो अखाड़ा कें झंडा निकालबाक इजाजत नहि रहत। प्रत्येक वर्ष 6 अखाड़ा जुलूस लेल लैत छल लाइसेंस सदर डीएसपी-वन दिलीप कुमार जानकारी देलनि जे प्रत्येक वर्ष करीब 6 अखाड़ा जुलूस लेल लाइसेंस लैत छल, मुदा एहि बेर 2 अखाड़ा जुलूस नहि निकालबाक निर्णय लेने अछि। ओ कहलनि जे एहि वर्ष जुलूसक दौरान होमय बला कोनो प्रकारक हुड़दंगई पर विशेष नजरि राखल जाएत। अखाड़ा समिति सभ कें सेहो अपन जुलूस मे शामिल लोक सभ पर निगरानी रखबाक जिम्मेदारी देल गेल अछि। डीएसपी बतौलनि जे जं कोनो व्यक्ति नशाक स्थिति मे अथवा अशांति पसराबयक प्रयास करैत अछि, तं अखाड़ाक सदस्य सभ ओकर पहचान कए स्वयं पुलिसक हवाले करताह। पुलिस एहि दौरान सहयोगीक भूमिकामे रहत। एकरा अतिरिक्त सुरक्षाक पुख्ता व्यवस्था कएल जाएत। सभ संवेदनशील आ अति संवेदनशील स्थान सभ पर पुलिस बल आ दंडाधिकारी तैनात कएल जाएत, आ संपूर्ण जुलूसक वीडियोग्राफी कराओल जाएत।



# वाल्मीकिनगर मे प्रदूषण नियंत्रण सहित 56 बिंदु पर जानकारी एकत्र कय बनत रिपोर्ट

## बिहार विधानसभाक पर्यावरण समिति पहुंचल बगहा

**बगहा, समदिया**

बिहार विधानसभाक पर्यावरण संरक्षण एवं प्रदूषण नियंत्रण समिति केर टीम वाल्मीकिनगर पहुंचल। भारत-नेपाल सीमा पर स्थित एहि क्षेत्र मे टीम सिंचाइ विभागक अतिथि गृह मे संबंधित विभाग सभक अधिकारी सभ संग बैठक कएलक। ई बैठक बिहार विधानसभा सचिवालय, पटना केर निर्देश पर आयोजित भेल। समितिक ई अध्ययन दौरा 5 अगस्त सं 14 अगस्त धरि निर्धारित अछि। एहि अवधिक दौरान टीम छपरा, सिवान, गोपालगंज, बेतिया, वाल्मीकिनगर, मोतिहारी, मुजफ्फरपुर, समस्तीपुर आ बेगूसराय मे पर्यावरण संरक्षण तथा प्रदूषण नियंत्रण सं संबंधित कार्य सभक स्थलीय अध्ययन करत। अध्ययन दल मे समितिक सभापति सहित 5 सदस्य आ 3 पदाधिकारी शामिल छथि। बैठक मे राज्य मे वायु आ जल प्रदूषण कें नियंत्रित करबाक लेल चलि रहल कार्यक्रम सभक वर्तमान स्थिति आ भविष्यक कार्ययोजना पर चर्चा भेल। एकरा अतिरिक्त पर्यावरण जागरूकता लेल संबंधित विभाग सभ द्वारा संचालित योजना सभक प्रगतिक सेहो समीक्षा कएल गेल। रोकथामक उपाय सभक सेहो होयत जांच ग्रामीण कार्य विभाग सं सड़क निर्माण आ मरम्मति सं निकलय बला ठोस अपशिष्टक निस्तारण व्यवस्थाक संबंध मे जानकारी मांगल गेल। सात निश्चय योजना अंतर्गत नल-जल योजना सं भेटय बला पेयजलिक गुणवत्ता, पानि टंकी सभक सफाइ आ जल प्रदूषणक रोकथामक उपाय सभक सेहो जांच कएल जाएत। फसल कटनीक बाद अवशेष जराबय सं होमय बला प्रदूषणक रोकथामक उपाय सभक सेहो समीक्षा कएल जाएत। संगहि, गंगा नदीक स्वच्छता लेल चलाओल जा रहल ऑर्गेनिक कॉरिडोर परियोजनाक पर्यावरणीय प्रभाव आ एकर प्रगतिक सेहो अध्ययन कएल जाएत। बिहार विधानसभा सचिवालय कें सौंपय पड़त विस्तृत रिपोर्ट समिति कें लगभग 56 बिंदु पर जानकारी एकत्र कए अपन विस्तृत रिपोर्ट बिहार विधानसभा सचिवालय कें सौंपय पड़त। बैठक मे समितिक अध्यक्ष अवधेश सिंह, वाल्मीकिनगरक पूर्व विधायक धीरेंद्र प्रताप सिंह उर्फ रिंकू सिंह, विधायक संजय पांडेय सहित कतेको अन्य विधायक आ अधिकारी सभ उपस्थित छलाह।



# भूमि चिह्नीकरण-नीलामपत्र मामिला सभ पर देलनि जोर, अतिक्रमण हटेबाक निर्देश

## शेखपुरा मे डीएम कएलनि विकास काजक समीक्षा

**शेखपुरा, समदिया**

शेखपुरा जिला समाहरणालयक मंथन सभागार मे जिला पदाधिकारी शेखर आनंदक अध्यक्षता मे विकास काजक समीक्षा बैठक भेल। एहि मे जिलाक विकास काजसभ आ जनसमस्यासभक निष्पादनक प्रगतिक गहन समीक्षा कएल गेल। बैठकक दौरान जिला पदाधिकारी विभिन्न सरकारी विभागसभक लंबित भवन निर्माण काजसभ मे तेजी आनबाक लेल भूमि चिह्नीकरण शीघ्र करबाक निर्देश देलनि। एकर संगहि जिलाक सभ नगर निकायसभ मे सड़कक कात आ मुख्य बाजारसभ मे लागैत जाम सं निजात देबाक लेल संबंधित अधिकारीसभ कें लगातार अतिक्रमण हटाउ अभियान चलाबाक सख्त आदेश देल गेल। समीक्षाक क्रम मे नीलामपत्र मामिलासभ पर चिंता व्यक्त करैत जिला पदाधिकारी सभ नीलामपत्र पदाधिकारीसभ कें निर्देश देलनि जे ओ सप्ताह मे अनिवार्य रूप सं दू दिन कोर्टक संचालन करथि। 'दीदीक रसोई' भवन निर्माणक समीक्षा प्रक्रिया मे तेजी आनैत बॉडी वारंट जारी करबाक आ संबंधित व्यक्तिसभ कें विधिवत नोटिस तामिल करबाक निर्देश देल गेल। पैघ बकायेदारसभ विरुद्ध सख्त कानूनी कारबाइ कए लंबित राशिक वसूली शीघ्र सुनिश्चित करबाक बात कहल गेल। रेफरल अस्पताल परिसर मे निर्माणाधीन 'दीदीक रसोई' भवन निर्माण काजक प्रगतिक सेहो समीक्षा कएल गेल। एकरा यथाशीघ्र पूरा कए चालू करबाक निर्देश देल गेल, जाहि सं रोगीसभ आ हुनक परिजनसभ कें एकर लाभ भेटि सकय। जिला पदाधिकारी जनसमाधान पोर्टल, सहयोग पोर्टल, 'हर घर तिरंगा' अभियान आ भूमि स्थानांतरण सं जुड़ल लंबित आवेदनसभक गुणवत्तापूर्ण आ समयबद्ध निष्पादन सुनिश्चित करबाक सख्त निर्देश सेहो देलनि। हुनका स्पष्ट कहलनि जे निष्पादन मात्र कागजी नहि, बल्कि पूर्ण रूप सं गुणवत्तापूर्ण होबाक चाही। बैठक मे अपर समाहर्ता (एडीएम) लखींद्र पासवान, उप विकास आयुक्त (डीडीसी) राकेश कुमार, अनुमंडल पदाधिकारी (एसडीओ) प्रियंका कुमारी सहित आन अधिकारीसभ उपस्थित छलाह।




## सीएमक संभावित गोपालगंज दौरा कें लए प्रशासन अलर्ट

**गोपालगंज, समदिया**

गोपालगंज मे मुख्यमंत्री सम्राट चौधरीक संभावित दौरा कें लए प्रशासनिक गतिविधि तेज भए गेल अछि। एहि क्रम मे जिलाधिकारी समीर सौरभ आ पुलिस अधीक्षक विनय तिवारी बिस्कोमान स्थित हेलीपैड स्थलाक संयुक्त निरीक्षण कएलनि। निरीक्षणक दौरान दूनू अधिकारी मुख्यमंत्रीक संभावित आगमन आ प्रस्थान लेल हेलीपैडक वर्तमान स्थिति आ तकनीकी व्यवस्था सभक जायजा लेलनि। ओ वीआईपी सुरक्षा प्रोटोकॉल अंतर्गत हेलीपैड परिसर, लैंडिंग आ टेक-ऑफ एरिया संगहि आवागमनक मुख्य मार्ग सभक सेहो मुआयना कएलनि। बैरिकेडिंग आ साफ-सफाइक व्यवस्थाक समीक्षा अधिकारी सभ सुरक्षा व्यवस्था, आवागमन, पार्किंग, बैरिकेडिंग आ साफ-सफाई सहित अन्य आवश्यक तैयारी सभक जानकारी लेलनि। जिलाधिकारी संबंधित पदाधिकारी सभ कें निर्देश देलनि जे सभ आवश्यक व्यवस्था समयबद्ध आ सुव्यवस्थित तरहे सं पूरा कएल जाए। ओ स्पष्ट कएलनि जे सुरक्षा आ नागरिक व्यवस्था मे कोनो स्तर पर ढिलाइ बर्दाश्त नहि कएल जाएत। पुलिस बलक तैनाती आ रूफ-टॉप सुरक्षाक निर्देश पुलिस अधीक्षक विनय तिवारी विशेष रूप सं सुरक्षा मानक सभक समीक्षा कएलनि। ओ पुलिस बलक तैनाती, रूफ-टॉप सुरक्षा आ आपातकालीन रूट प्लान कें लए आवश्यक दिशा-निर्देश जारी कएलनि। जिला प्रशासन द्वारा मुख्यमंत्रीक संभावित दौरा कें लए तैयारी सभक लगातार समीक्षा आ निगरानी कएल जा रहल अछि, जाहि सं कार्यक्रमक स्थिति मे सभ व्यवस्था सुचारु आ सुरक्षित रूप सं सुनिश्चित कएल जा सकय।



▪ डीएम-एसपी बिस्कोमान हेलीपैडक लैंडिंग आ टेक-ऑफ एरियाक मुआयना कएलनि

## विविध

# भारत मे 35% बच्चा सभ कें अछि फैटी लिवर? एकर कारण की अछि आ बचाव कोना कयल जाय

भारत तेजी सं बढ़ैत लिवर स्वास्थ्य संकटक सामना कए रहल अछि। नव स्वास्थ्य अध्ययन आ महामारी संबंधी आंकड़ा सभ सं पता चलैत अछि जे फैटी लिवर रोग आब देशभरि मे करोड़ो लोक सभ कें प्रभावित कए रहल अछि आ विगत एक दशक मे एकर मामला मे तेजी सं वृद्धि भेल अछि। हालहि मे भेल वैश्विक आ राष्ट्रीय स्वास्थ्य शोधक आधार पर विशेषज्ञ सभ शीघ्र जांच आ रोकथामक दिशा मे ठोस कदम उठेबाक मांग कए रहल छथि। आरजी हॉस्पिटल्सक गैस्ट्रोएंटरोलॉजी, हेपेटोलॉजी आ लिवर ट्रांसप्लांट विशेषज्ञ डॉ. पीयूष विश्वकर्मा कहलनि जे फैटी लिवर रोग कें आब अधिक सटीक रूप सं एमएएसएलडी (मेटाबोलिक डिसफंक्शन- एसोसिएटेड स्टिएटोटिक लिवर डिजीज) कहल जाइत अछि। अनुमान अछि जे भारतक 16% सं 32% जनसंख्या एहि रोग सं प्रभावित अछि। ई संख्या लगभग 12 करोड़ लोक सभक बराबर अछि। जखन एहि आंकड़ा सभक गहन अध्ययन कएल गेल तं स्थिति आओर चिंताजनक देखल गेल। 26,000 सं अधिक लोक सभ पर आधारित 50टा अध्ययनक विश्लेषण सं पता चलल जे भारत मे 38.6% वयस्क सभ कें नॉन-अल्कोहलिक फैटी लिवर डिजीज (एनएएफएलडी) अछि। मधुमेह अथवा मोटापाक शिकार लोक सभ मे ई दर 52.8% धरि पहुंचि जाइत अछि। बच्चा सभ सेहो एहि रोग सं प्रभावित भ रहल छथि। विश्लेषण मे पता चलल जे 35.4% बच्चा सभ कें फैटी लिवर रोग अछि, जखनकि मोटापाग्रस्त बच्चा सभ मे ई आंकड़ा बढ़ि कए 63.4% धरि पहुंचि जाइत अछि। विशेषज्ञ सभक अनुसार फैटी लिवर रोग केकरो सेहो भ सकैत अछि, चाहे ओ शहर मे रहैत होथि अथवा गाम मे। अध्ययन सं ईहो सामने आयल अछि जे भारतक आईटी क्षेत्र मे काज कएनिहार लोक सभ मे एकर जोखिम अधिक रहैत अछि, कारण ओ सभ लम्बा समय धरि बैसि कए काज करैत छथि आ जीवनशैली सेहो अपेक्षाकृत अस्वस्थ रहैत अछि। कर्नाटक आ उत्तर भारत मे भेल शोध मे शहर आ गाम दूनू ठाम एहि रोगक मामला अधिक पाओल गेल अछि। मधुमेह, पेटक आसपास अत्यधिक चर्बी आ इंसुलिन प्रतिरोध (इंसुलिन रेजिस्टेंस) एकर प्रमुख जोखिम कारक मानल जाइत अछि। एहि वर्षक आरंभ मे लिवर विशेषज्ञ सभ पर आधारित एकटा देशव्यापी सर्वेक्षण मे रोगक पहचान आ उपचार व्यवस्था मे कतेको कमी सामने आयल। एहि सं संकेत भेटैत अछि जे फैटी लिवर रोगक बढ़ैत बोझक अनुरूप स्वास्थ्य व्यवस्था एखन धरि पर्याप्त रूप सं विकसित नहि भए सकल अछि। फैटी लिवर रोग बढ़बाक मुख्य कारण मे टाइप-2 मधुमेह, मोटापा, उच्च रक्तचाप आ शारीरिक गतिविधिक कमी शामिल अछि। स्वास्थ्य विशेषज्ञ सभक मानब अछि जे ई चुनौतीक संग एकटा अवसर सेहो अछि, कारण एहि रोग सभक जांचक दौरान अन्य संबंधित बीमारी सभक सेहो समय पर पहचान कएल जा सकैत अछि। विशेषज्ञ सभ संतुलित भोजन, नियमित व्यायाम आ स्वस्थ जीवनशैली अपनाबए पर जोर दैत छथि। हुनकर कहब अछि जे समय रहते प्रभावी कदम नहि उठाओल गेल तं आगामी दशक सभ मे फैटी लिवर रोगक बोझ आओर बढ़ि सकैत अछि।



# भोर शीघ्र उठब किएक अछि लाभकारी? आयुर्वेद सं बुझू दिनक सही शुरुआतक राज

आइकाल्हि राति धरि जागल आ भोर देरी सं उठल आम बात भए गेल अछि। मुदा ई आदति आगू चलि कए विभिन्न बेमारीक कारण बनि सकैत अछि। आयुर्वेदिक परंपरा मे ब्रह्ममुहूर्ते उत्तिष्ठेत् अर्थात् ब्रह्ममुहूर्त मे उठबाक सलाह देल गेल अछि। मानल जाइत अछि जे दिनक शुरुआत जं सही तरहे सं हो, त एकर सकारात्मक प्रभाव शरीर आ मन दूनू पर पड़ि सकैत अछि। आयुष मंत्रालय सोशल मीडिया प्लेटफॉर्म एक्स पर पोस्ट कए बतौलनि जे ब्रह्ममुहूर्त सामान्य रूप सं सूर्योदय सं करीब दू घंटा पहिलुक समय मानल जाइत अछि। एहि समय वातावरण शांत, ताजा आ अपेक्षाकृत स्वच्छ रहैत अछि। रातिक नीक निद्राक बाद शरीर कें आवश्यक आराम भेटि चुकल रहैत अछि आ मन सेहो नव ऊर्जा संग दिनक शुरुआत लेल तैयार रहैत अछि। भोरक शांत माहौल ध्यान, योग, प्राणायाम आ आत्मचिंतन जेकां गतिविधि सभ लेल अनुकूल मानल जाइत अछि। आयुर्वेदक अनुसार, भोर शीघ्र उठबाक नियमित आदति मन कें बेसी सजग, एकाग्र आ शांत रखब मे सहायता क सकैत अछि।जखन दिनक शुरुआत बिना जल्दबाजीक होइत अछि, त व्यक्ति अपन आवश्यक काज सभक नीक योजना बना सकैत अछि। भोर मे किछु समय स्वयं लेल निकालल सकारात्मक सोच विकसित करब आ मानसिक शांति अनुभव करब मे सेहो सहायक मानल जाइत अछि। भोरक ताजा हवा मे टहलनाइ, हल्का व्यायाम, योग आ प्राणायाम करनाइ सेहो लाभकारी मानल जाइत अछि। एहि सं शरीर सक्रिय अनुभव करैत अछि आ दिनभरिक शुरुआत ऊर्जावान तरहे सं भ सकैत अछि। मुदा, मात्र शीघ्र उठनाइ पर्याप्त नहि अछि। एहि लेल राति मे समय पर सुतनाइ आ पर्याप्त निद्रा लेनाइ सेहो ओतबे आवश्यक अछि। निद्रा पूरा ने भेला पर जबरदस्ती बहुत शीघ्र उठनाइ थकानक कारण बनि सकैत अछि। आयुर्वेद मे प्रत्येक व्यक्तिक शारीरिक स्थिति आ स्वास्थ्यक महत्व देल गेल अछि। एहि कारणे जं ककरो बेमारी, कमजोरी, निद्राक समस्या अथवा अपच जेकां कोनो परेशानी अछि, त अपन दिनचर्या मे पैघ बदलाव करबा सं पहिने विशेषज्ञक सलाह लेनाइ नीक मानल जाइत अछि।



# ईरान : के छथि मोहम्मद बाकर खराजी जे खामेनेईक बात सेहो नहि मानैत छथि

## सत्ताक केंद्र सं हुनकर निकटता एतेक रहैत अछि जे हुनकर बात कें पूर्ण रूप सं खारिज नहि कएज जा सकैत अछि








**तेहरान, एजेंसी**

ईरान मे सत्ताक आसपास सदिखन किछु एहन लोकक उपस्थिति रहल अछि, जिनका भीतरी हल्का लेल परेशानी पैदा करयवाला तत्व कहल जा सकैत अछि। ई लोक सभ ने कोनो सरकारी पद पर रहैत छथि आ ने हुनकर कोनो आधिकारिक हैसियत होइत अछि। मुदा सत्ताक केंद्र सं हुनकर निकटता एतेक रहैत अछि जे हुनकर बात कें पूर्ण रूप सं अनदेखी करब संभव नहि होइत अछि।

पारिवारिक संबंध, धार्मिक हैसियत अथवा कोनो अपेक्षाकृत छोट संगठन सं जुड़ावक कारण एहन लोक पर्दाक पाछां होमयबला निर्णयक जानकारी बाहर आनय मे सक्षम होइत छथि। ओ पैघ सरकारी अधिकारी पर आरोप लगा सकैत छथि, हुनका धमकी दए सकैत छथि आ एहन बयान सेहो दए सकैत छथि जाहि पर सत्ताक उच्च हल्का मे प्रतिक्रिया अथवा खंडन करय पड़ैत अछि।

मुदा एकरा बादो एहन लोक सत्ताक सुरक्षित दायरा मे बनल रहैत छथि आ किछु समयक बाद फेर कोनो नव दावाक संग सामने आबि जाइत छथि।

मोहम्मद बाकर खराजी मे ऊपर कहल गेल कतेको विशेषता देखल जाइत अछि। ओ एक धार्मिक व्यक्ति छथि आ हुनकर कोनो सरकारी पद नहि अछि। ओ हिज्बुल्लाह ईरान नामक संगठनक महासचिव छथि। हालांकि, ईरानी राजनीति मे एहि संगठनक वास्तविक महत्व आ हैसियत स्पष्ट नहि अछि। हुनकर संबंध एहन परिवार सं अछि, जकर संबंध धार्मिक मदरसा, राजनयिक हल्का आ खामेनेई परिवार सं रहल अछि। एहि पृष्ठभूमि आ हैसियतक बल पर बाकर खराजी एहन राज सामने अनैत छथि, जकरा बारे मे बाजल जाइत तं ईरान जेहन देश मे दोसर व्यक्तिक लेल गंभीर परिणाम भए सकैत अछि। हालहि मे हुनकर दावा छल जे ईरानक राष्ट्रपति मसूद पेजेश्कियान 27 अथवा 28 बेर इस्तीफा दए चुकल छथि अथवा इस्तीफा देबाक धमकी दए चुकल छथि। हुनकर अनुसार, सर्वोच्च नेता मोजतबा खामेनेई मसूद पेजेश्कियानक एहि रवैयापर लिखित जवाब देने छलाह। ओ कहलनि छलाह जे पेजेश्कियान फेर इस्तीफा देताह तं ओ ओकरा स्वीकार कए लेताह।

बाकर खराजी इहो दावा केने छलाह जे मोहम्मद बाकर जुलकद्रके सुप्रीम नेशनल सिक्योरिटी काउंसिलक सचिवक पद सं हटाओल जा रहल अछि आ हुनकर स्थान पर मोहसिन रजाई कें नियुक्त कएल जाएत। हुनकर ई दावा सही साबित भेल आ मोजतबा खामेनेई हालहि मे मोहसिन रजाईक नियुक्तिक अनुमोदन कएलनि।

बाकर खराजी आगू कहलनि जे विदेश मंत्री अब्बास अरागची कें ई बता देल गेल अछि जे आब हुनका संवाद मे हस्तक्षेप करबाक अनुमति नहि रहत। मुदा ईरानी राष्ट्रपति कार्यालय मसूद पेजेश्कियानक इस्तीफाक संबंध मे बाकर खराजीक बयान कें पूर्ण रूप सं झूठ आ बकवास बतौलक। ओतहि, ईरानक सर्वोच्च नेता कार्यालय सेहो मोजतबा खामेनेई सं जुड़ल खराजीक बयानक खंडन कएलक।

### के छथि मोहम्मद बाकर खराजी?

मोहम्मद बाकर खराजीक जन्म 21 जुलाई 1961 कें ईरानक एक धार्मिक परिवार मे भेल छल। ईरानक सरकारी समाचार एजेंसी इरनाक अनुसार, हुनकर जन्म तेहरान मे भेल, मुदा पालन-पोषण कुम मे भेल। हुनकर पिता मोहसिन खराजी कुमक हौजा-ए-इल्मियाक वरिष्ठ शिक्षक मे सं एक छलाह। ओ मजलिस-ए-खबरेगान-ए-रहबरीक दोसर सं चारिम कार्यकाल धरि तेहरानक प्रतिनिधि सेहो रहलाह। मोहम्मद बाकर खराजीक युवावस्था, शिक्षा आ अन्य गतिविधिक संबंध मे मुख्यतः दूटा परस्पर जुड़ल स्रोत सं जानकारी भेटैत अछि। पहिल हुनकर निजी वेबसाइट पर एक शिष्य द्वारा लिखल जीवनी अछि आ दोसर मार्च 2023 मे इरना द्वारा प्रकाशित परिचयात्मक प्रोफाइल अछि। हुनकर जीवनीक अनुसार, ओ कम उमेर सं ईरानक शाहक विरुद्ध गतिविधि मे शामिल रहलाह। इरना 2023 मे लिखने छल जे ओ अपन भाय मोहम्मद सादिक खराजीक संग इस्लामी क्रांति सं पहिने होमयबला प्रदर्शन मे भाग लेने छलाह आ एहि क्रम मे कम उमेर मे गिरफ्तार सेहो भेल छलाह।

इस्लामी क्रांतिक बाद ओ स्कूलक पढ़ाइ पूरा कए कुमक हौजा-ए-इल्मिया मे दाखिला लेलनि। जीवनीक अनुसार, ओ अपन पिता आ हौजाक अन्य शिक्षक सं फिक़्ह आ उसूलक पढ़ाइ कएलनि। 1990क दशकक आरंभ सं हुनकर नाम हिज्बुल्लाह ईरान आ एहि नामक एकटा समाचारपत्र सं जुड़ल रहल अछि। ई संगठन अंसार हिज्बुल्लाह सं अलग अछि। बाकर खराजी कें एहि संगठनक महासचिव आ अखबारक संपादक बताओल जाइत अछि। मुदा एहि संगठनक कानूनी हैसियत पूर्ण रूप सं स्पष्ट नहि अछि।

2023 मे हुनकर उम्मीदवारी करमान प्रांत सं मजलिस-ए-खबरेगानक चुनाव लेल स्वीकृत भेल छल, मुदा ओ तीनटा सीट मे सं एकोटा सीट नहि जीति सकलाह। एहि सं करीब दस वर्ष पहिने 2013क राष्ट्रपति चुनाव मे सेहो ओ दौलत-ए-सालेहीन अर्थात नेक लोकक सरकारक नाराक संग उम्मीदवारक रूप मे पंजीकरण करौने छलाह, मुदा काउंसिल हुनकर उम्मीदवारी अस्वीकार कए देने छल।

### खामेनेई आ खुमैनी परिवार सं संबंध

मोहम्मद बाकर खराजी कहियो ईरानी सरकार मे कोनो पैघ सरकारी पद पर नहि रहलाह। मुदा हुनकर परिवारक सदस्य हौजा-ए-इल्मिया, राजनयिक क्षेत्र आ इस्लामी गणराज्य ईरानक शीर्ष नेतृत्वक हल्का मे महत्वपूर्ण भूमिका निभबैत रहल छथि। हुनकर भाय मोहम्मद सादिक खराजी कतेको वर्ष धरि ईरानक विदेश मंत्रालय मे काज कएलनि। ओ फ्रांस मे ईरानक राजदूत सेहो रहलाह। हुनकर चाचा कमाल खराजी मोहम्मद खातमीक कार्यकाल मे विदेश मंत्री छलाह आ बाद मे विदेश संबंधक लेल रणनीतिक परिषदक प्रमुख बनाओल गेलाह। खराजी परिवारक खामेनेई परिवार सं संबंध मोहम्मद बाकर खराजीक बहिन सोसन खराजीक माध्यम सं अछि। सोसन खराजीक विवाह मसूद खामेनेई सं भेल अछि, जे अली खामेनेईक तेसर पुत्र आ मोजतबा खामेनेईक छोट भाय छथि। एहि तरहें मसूद खामेनेई, मोहम्मद बाकर खराजीक बहिनोइ छथि। एहि पारिवारिक संबंधक कारण ईरानी सरकारक भीतरी मामिला सं जुड़ल बाकर खराजीक दावा पर असाधारण ध्यान देल जाइत अछि। हालहि मे बाकर खराजी दावा केने छथि जे ओ करीब 40 वर्ष सं मोजतबा खामेनेईक मित्र छथि आ हुनकर संग कतेको निजी भेंट मे सेहो शामिल रहल छथि।

### वादा, दावा आ धमकी

2013क राष्ट्रपति चुनाव लेल पंजीकरण कें सत्ता संरचनाक हिस्सा बनेबाक हुनकर सब सं गंभीर प्रयास मानल जाइत अछि। ओ नीक लोकक सरकार बनेबाक लक्ष्य बतौने छलाह। हुनकर चुनावी वादा मे ईरान पर लागल प्रतिबंध हटेबाक आ देशक मुद्रा रियाल आ तोमान कें बदलबाक बात सेहो शामिल छल। विदेश नीतिक मामिला मे सेहो ओ असाधारण दावा केने छलाह। हुनकर कहब छल जे पिछला दू शताब्दी मे ईरान सं अलग भेल सभ इलाका कें बिना एक बूंद खून बहौने फेर ईरानक हिस्सा बना लेल जाएत। एहि मे ताजिकिस्तान, आर्मेनिया आ अजरबैजानक नाम सेहो लेल गेल छल। ताजिकिस्तानक विदेश मंत्रालय एहि बयानक कड़ा निंदा केने छल।

### फेर चर्चा मे

हालक बयानक बाद बाकर खराजी फेर चर्चा मे छथि। ओ राष्ट्रपति मसूद पेजेश्कियानक कड़ा आलोचना करैत कहलनि जे हुनकर सरकार अपन कार्यकाल पूरा नहि कए सकत। ओ अपन संगठनक सदस्य सभ सं प्रत्येक शहर मे 530 लोक कें संगठित करबाक आ कुल ढाई लाख लोकक एहन शक्ति तैयार करबाक बात कहलनि, जे हर समय तैयार रहय। हुनकर अनुसार, मात्र एकटा सूचना भेटिते ई लोक तेहरान पहुंचि काम तमाम कए सकैत अछि।

पेजेश्कियानक कथित बेर-बेर इस्तीफाक दावा पर सर्वोच्च नेता कार्यालय खराजीक बयान कें झूठ आ तथ्यक विरुद्ध बतौलक। कार्यालय कहलक जे एहन सामग्री समाज मे मतभेद आ फूट पैदा करैत अछि। दोसर दिस, मसूद पेजेश्कियान कहलनि जे जं ओ कहियो पद छोड़बाक निर्णय लेताह तं ओकर आधिकारिक घोषणा करताह। ओ स्पष्ट शब्द मे कहलनि जे हम इस्तीफा नहि देब, हम डटल रहब। मोजतबा खामेनेईक कार्यालयक स्पष्ट खंडनक बादो मोहम्मद बाकर खराजी अपन दावा सं पूर्ण रूप सं पाछां नहि हटला।

# मिसाइल नहि, आब नव हथियार : अमेरिकाक सात राज्यक जल प्रणाली निशाना पर

### ईरानक नाम किएक जुड़ल?

**वाशिंगटन, एजेंसी**



अमेरिका आ ईरानक बीच जारी तनावक बीच अमेरिकाक जल संयंत्र सभ पर समन्वित साइबर हमलाक रिपोर्ट सामने आयल अछि। मिनेसोटा राज्य पुष्टि केने अछि जे ओतय कम सं कम 30 नगरपालिका जल प्रणाली पर संगठित साइबर हमला भेल अछि। जुलाईक अंत मे आयल एहि रिपोर्टक बाद एफबीआई चेतावनी जारी केने छल जे दुर्भावनापूर्ण साइबर तत्व अमेरिकाक कम सं कम सात राज्यक पेयजल आ अपशिष्ट जल प्रणाली मे सेंध लगा चुकल छथि। एहि रिपोर्टक बाद जॉर्जिया, न्यू जर्सी आ साउथ डकोटा सहित कतेको राज्य समान साइबर घटनाक जानकारी देने अछि। हालांकि, एखन धरि ई स्पष्ट नहि भेल अछि जे ई सभ हमला एफबीआई द्वारा चिन्हित सात राज्यक घटनाक हिस्सा अछि कि नहि। ट्रंप प्रशासन पहिने ईरान सं जुड़ल हैकर सभ पर साइबर हमलाक आरोप लगा चुकल अछि, मुदा एखन धरि औपचारिक रूप सं केकरो जिम्मेदार नहि ठहराओल गेल अछि।

### अमेरिकाक जल प्रणालीक संरचना

सरकारी आंकड़ाक अनुसार, अमेरिका मे करीब 1 लाख 52 हजार सार्वजनिक पेयजल प्रणाली आ 16 हजार सं बेसी अपशिष्ट जल शोधन सुविधा कार्यरत अछि। अधिकांश नगर झील, नदी अथवा भूजल स्रोत सं पानि प्राप्त करैत अछि। विद्युत चालित पंपक माध्यम सं पानिक शोधन संयंत्र धरि पहुंचाओल जाइत अछि, जतय अशुद्धि दूर कए संक्रमणमुक्त बनाओल जाइत अछि। एकर बाद पानि भंडारण टंकी मे राखि घर, व्यवसाय आ सार्वजनिक उपयोगक स्थान धरि पहुंचाओल जाइत अछि।

### हैकर सभ कोना बना रहल अछि निशाना?

साइबर अपराधी इंटरनेट सं जुड़ल प्रोग्रामेबल लॉजिक कंट्रोलर (पीएलसी) कें निशाना बना रहल छथि। ई उपकरण पानिक दबाव, रासायनिक मात्रा निर्धारण आ अन्य महत्वपूर्ण औद्योगिक प्रक्रियाक नियंत्रण करैत अछि। विशेषज्ञ विलियम अकोटोक अनुसार, हमलावर पहिने इंटरनेट पर उपलब्ध प्रणालीक पता खोजैत छथि, एकर बाद डिफॉल्ट अथवा चोरी कएल गेल पासवर्डक माध्यम सं प्रवेश कए प्रणाली पर नियंत्रण स्थापित करबाक प्रयास करैत छथि।

# गांजा पीबि विमान उड़ा रहल छल एयर इंडियाक पायलट, दोसर बेर सेहो डोप टेस्ट मे फेल : रिपोर्ट

**नई दिल्ली, एजेंसी**

फुकेट सं दिल्ली आबि रहल एयर इंडियाक फ्लाइटक पायलट दोसर बेर सेहो डोप टेस्ट मे फेल भेल छथि। मीडिया रिपोर्टक अनुसार, फ्लाइट एआइ-2379क पायलट प्रयोगशाला जांच मे गांजा (मारिजुआना) सेवन लेल पॉजिटिव पाओल गेल छथि। एयर इंडियाक एहि विमान मे 137 यात्री आ 8 क्रू सदस्य सवार छलाह। उड़ानक दौरान विमान कें तेज झटका लागल आ अनचोके करीब 300 फीट ऊंचाइ कम भए गेल। एहि घटना मे कम सं कम 13 यात्री आ 4 चालक दलक सदस्य घायल भेलाह। नागरिक उड्डयन मंत्री राम मोहन नायडू कहलनि जे घायल क्रू सदस्य मे सं 2 गोटेके रीढ़क निचला हिस्सा आ गरदनि मे चोट आयल अछि। पायलट कें साइकोएक्टिव पदार्थक प्रारंभिक जांच मे संदिग्ध पाओल गेलाक बाद पुष्टि लेल अंतिम जांच कराओल गेल। साइकोएक्टिव पदार्थ एहन रसायन अथवा पदार्थके कहल जाइत अछि, जे मस्तिष्क आ तंत्रिका तंत्र पर सीधा असर करैत अछि। मंत्रालयक अनुसार, मानक संचालन प्रक्रिया (एसओपी)क अंतर्गत घटना बाद उड़ान चालक दलक दुनू सदस्यक साइकोएक्टिव पदार्थक जांच कएल गेल। मुख्य पायलटक नमूना आखरी पुष्टि लेल प्रयोगशाला पठाओल गेल छल। एहि घटनाके गंभीर श्रेणी मे राखल गेल अछि आ विमान दुर्घटना जांच ब्यूरो (अअक्ष) एकर जांच कए रहल अछि।

### दुनू क्रू सदस्य कें ड्यूटी सं हटाओल गेल

मंत्रालय कहलक जे जांच आ परीक्षण प्रक्रिया पूरा होयबा धरि नागर विमानन महानिदेशालय फ्लाइट क्रूक दुनू सदस्य कें ड्यूटी सं हटा देने अछि। आगांक कारबाइ जांचक निष्कर्ष आ अंतिम रिपोर्टक आधार पर कएल जाएत।

एयर इंडियाक अनुसार, निर्धारित नियमक अंतर्गत पायलटक जांच उड़ानक बाद कएल गेल छल, मुदा परीक्षणक परिणाम एयरलाइनक संग साझा नहि कएल गेल अछि। एहि कारण एयरलाइन कोनो निष्कर्ष पर टिप्पणी करबाक स्थिति मे नहि अछि। एयर इंडिया कहलनि जे नागर विमानन नियमक अंतर्गत विशेष उड़ान अथवा घटना सं अलग सेहो क्रू सदस्यक नियमित ड्रग टेस्ट कराओल जाइत अछि।

एहि बीच एयर इंडियाक मुख्य कार्यकारी अधिकारी आ प्रबंध निदेशक कैंपबेल विल्सन मंगलदिन नागरिक उड्डयन मंत्रालयक अधिकारी सभ सं भेंट कएलनि। बैठक मे एयर इंडियाक वरिष्ठ अधिकारी, टाटा संसक चेयरमैनक कार्यकारी सलाहकार आ पूर्व नागरिक उड्डयन सचिव प्रदीप सिंह खरोला, एयर इंडियाक उड़ान सुरक्षा प्रमुख दीपक जोशी सहित मंत्रालय, डीजीसीए आ एएआईबीक वरिष्ठ अधिकारी उपस्थित छलाह। बैठक मे कोन-कोन मुद्दा पर चर्चा भेल, एकर विस्तृत जानकारी तत्काल सामने नहि आयल अछि।

# मनमोहन सिंह कें इतिहास सब सं प्रभावशाली प्रधानमंत्रीक रूप मे मोन राखत : सोनिया गांधी

**नई दिल्ली, एजेंसी**

कांग्रेस संसदीय दलक प्रमुख सोनिया गांधी कोयला खदान आवंटन सं जुड़ल कथित घोटाला मामिला मे पूर्व प्रधानमंत्री मनमोहन सिंह कें उच्चतम न्यायालय सं क्लीन चिट भेटबाक मंगलदिन स्वागत कएलनि। ओ कहलनि जे मनमोहन सिंहक ईमानदारी आ जवाबदेहीक रिकॉर्ड नरेंद्र मोदी सरकारक काज करबाक तरीका सं पूर्णतः विपरीत अछि। सोनिया गांधी कहलनि जे इतिहास मनमोहन सिंह कें सौम्य, शांत मुदा सब सं प्रभावशाली प्रधानमंत्री मे सं एक केर रूप मे मोन राखत।

सोनिया गांधी द इंडियन एक्सप्रेस मे लिखल अपन लेख मे कहलनि जे 29 जुलाई 2026 भारतीय राजनीतिक इतिहासक एकटा महत्वपूर्ण मुदा अनदेखल दिन छल, जखन उच्चतम न्यायालय कथित कोयला घोटाला मामिला मे सीबीआईक क्लोजर रिपोर्टक आधार पर मनमोहन सिंह कें देल गेल क्लीन चिट कें कायम रखलक। ओ कहलनि जे सुप्रीम कोर्ट निचला कोर्ट द्वारा सीबीआईक क्लोजर रिपोर्ट खारिज करब आ तत्कालीन प्रधानमंत्री मनमोहन सिंहक विरुद्ध बिना ठोस आधारक प्रतिकूल टिप्पणी करबके सेहो गलत ठहरौलक। सोनिया गांधी मनमोहन सिंहक कार्यकाल मे सत्तारूढ़ संयुक्त प्रगतिशील गठबंधन (यूपीए)क प्रमुख छलथि। हुनकर अनुसार, ई सार्वजनिक विमर्शक एकटा दुखद अध्यायक अंत अछि। मनमोहन सिंह असाधारण शुचिता आ ईमानदारीवला व्यक्ति छलाह।



### मनमोहन सिंहक विरुद्ध सुनियोजित अभियान चलल : सोनिया

सोनिया गांधी आरोप लगौलनि जे मनमोहन सिंहक विरुद्ध सुनियोजित आ समन्वित अभियान चलाओल गेल, जाहि मे नौकरशाही, मीडिया, न्यायपालिका, नागरिक संगठन, आरएसएस आ भाजपा सं जुड़ल लोक शामिल छलाह। ओ प्रधानमंत्री नरेंद्र मोदी पर निशाना साधैत कहलनि जे मनमोहन सिंह कें बदनाम करबाक लेल हुनका विरुद्ध अनुचित टिप्पणी कएल गेल। सोनिया गांधी 8 फरवरी 2017 कें राज्यसभा मे नरेंद्र मोदी द्वारा मनमोहन सिंह पर कएल गेल रेनकोट पहिरि स्नान करबाक कला बला टिप्पणी कें संसदीय इतिहासक सब सं नीच स्तरक टिप्पणी मे सं एक बतौलनि। सोनिया गांधी आरोप लगौलनि जे नरेंद्र मोदी सरकार प्रवर्तन निदेशालय (ईडी) आ केंद्रीय अन्वेषण ब्यूरो (सीबीआई) जेहन जांच एजेंसीक दुरुपयोग कए रहल अछि आ एकर माध्यम सं नेता सभ पर दबाव बनाओल जा रहल अछि।

### मनमोहन सरकारक आर्थिक उपलब्धि

सोनिया गांधी कहलनि जे मनमोहन सिंहक सरकार गहींर आर्थिक बदलावक शुरूआत कएलक आ अभूतपूर्व आर्थिक विकासक दौर मे निजी निवेश आ खपत कें बढ़ावा देलक। हुनकर दावा छल जे 2008क वैश्विक आर्थिक संकटक समय सेहो भारत मजबूती सं ठाढ़ रहल। ओ कहलनि जे मनमोहन सरकारक दस वर्षक कार्यकाल मे भारतक आर्थिक विकास, जीडीपी गणनाक तरीका बदललाक बादो, पछिला 12 वर्षक तुलना मे बेसी रहल आ एहि विकास सं लाखो लोक गरीबी सं बाहर निकललाह।

### मनमोहन सिंह 100 सं बेसी प्रेस वार्ता कएलनि

सोनिया गांधीक अनुसार, मनमोहन सरकारक प्रमुख उपलब्धि मे शिक्षाक अधिकार, उच्च शिक्षण संस्थान मे अन्य पिछड़ा वर्ग लेल आरक्षण आ राष्ट्रीय खाद्य सुरक्षा कानून शामिल अछि। ओ कहलनि जे मनमोहन सिंहक कार्यकाल मे नागरिक संगठन सभ कें सरकारक विरुद्ध आवाज उठेबाक आ छात्र सभके प्रधानमंत्री सहित सरकारक विरुद्ध प्रदर्शन करबाक स्वतंत्रता छल।

# सीरियाक तानाशाह रहल बशर अल-असद कें मृत्युदंड

**दमिश्क, एजेंसी**

सीरियाक राजधानी दमिश्क स्थित एकटा न्यायालय मंगलदिन देशक पूर्व राष्ट्रपति बशर अल-असद कें पूर्व नियोजित हत्याक गंभीर आरोप मे दोषी ठहरबैत मृत्युदंड सुनौलक। अदालत असदक संग दारा प्रांत मे राजनीतिक सुरक्षा विभागक पूर्व प्रमुख आतिफ नजीब कें सेहो पूर्व नियोजित हत्या आ यातनाक आरोप मे फांसीक सजा सुनौलक। ई फैसला असद शासनक समय विपक्षी कार्यकर्ता, प्रदर्शनकारी आ आम नागरिकक विरुद्ध कथित अत्याचार सं जुड़ल मामिला सं संबंधित अछि। न्यायालय कहलनि जे दुनू आरोपी सत्ता मे रहैत जानि-बुझि आ सुनियोजित ढंग सं लोकक हत्या करौने छलाह आ यातना देने छलाह। आतिफ नजीब पर खास कए 2011 मे दारा प्रांत मे भेल विरोध प्रदर्शनक दौरान सुरक्षा बलक क्रूर कारबाइ मे सक्रिय भूमिका निभेबाक आरोप छल। दारा ओहि क्षेत्र मे सं एक अछि, जतय सं असद शासनक विरुद्ध पैघ जनआंदोलनक शुरूआत भेल छल।



बशर अल-असद अपन पिता हाफिज अल-असदक मृत्यु बाद वर्ष 2000 मे सीरियाक राष्ट्रपति बनलाह। शुरू मे हुनका युवा आ सुधारवादी नेता मानल गेल छल। मुदा 2011 मे अरब स्प्रिंगक लहरिक बीच सरकारक विरुद्ध प्रदर्शन शुरू भेलाक बाद असद सेना आ सुरक्षा बलक कठोर इस्तेमाल कए आंदोलन दबेबाक प्रयास कएलनि। दमनक कारबाइक बाद विरोध आरो तेज भेल आ सीरिया दीर्घकालीन गृहयुद्ध मे फंसि गेल। एहि युद्ध मे लाखो नागरिकक मृत्यु भेल, करोड़ो लोक विस्थापित भेलाह आ देशक आधारभूत संरचना भारी क्षतिग्रस्त भेल।

# भारत-श्रीलंका टेस्ट सीरीजः विराट कोहलीक नाम अछि ई रिकॉर्ड

## सनथ जयसूर्या आ वीरेंद्र सहवाग दोसर आ तेसर स्थान पर

भारतीय क्रिकेट टीम 2 टेस्ट मैचक सीरीज लेल श्रीलंका मे मौजूद अछि। पहिल टेस्ट 15 अगस्त सं आ दोसर टेस्ट कोलंबो मे 23 अगस्त सं खेलल जाएत। श्रीलंका-भारत सीरीज मे बल्लेबाज सभक दबदबा देखबाक लेल भेटैत अछि। दूनू टीमक बीच खेलल गेल कोनो एकटा टेस्ट सीरीज मे सब सं बेसी रन बनाबयक रिकॉर्ड विराट कोहलीक नाम अछि। विराट कोहली श्रीलंका विरुद्ध भारत मे 2017-18 मे खेलल गेल 3 टेस्ट मैचक सीरीजक 5 पारी मे 3 शतक आ 1 अर्धशतकक सहायता सं 610 रन बनौने छलाह। कोहलीक औसत 152.50 रहल छल आ हुनक सर्वाधिक स्कोर 243 रन छल। ई भारत आ श्रीलंका बीच कोनो एकटा टेस्ट सीरीज मे सब सं बेसी रनक रिकॉर्ड अछि। भारत-श्रीलंका बीच खेलल गेल एकटा टेस्ट सीरीज मे सब सं बेसी रन बनाबयक मामिला मे दोसर स्थान पर श्रीलंकाक पूर्व सलामी बल्लेबाज सनथ जयसूर्या छथि। जयसूर्या 1997 मे श्रीलंका मे भारत विरुद्ध 2 टेस्ट मैचक सीरीजक 3 पारी मे 2 शतकक सहायता सं 571 रन बनौने छलाह। जयसूर्याक औसत 190.33 रहल छल। ओहि सीरीज मे जयसूर्या तिहरा शतक सेहो जड़ने छलाह। ओ 340 रनक पारी खेलने छलाह, जे टेस्ट क्रिकेट मे हुनक सर्वाधिक स्कोर सेहो अछि।

भारत-श्रीलंका बीच एकटा टेस्ट सीरीज मे सब सं बेसी रन बनाबयक मामिला मे तेसर स्थान पर भारतक पूर्व सलामी बल्लेबाज वीरेंद्र सहवाग छथि। सहवाग भारत मे 2009-10 मे 3 टेस्ट मैचक सीरीजक 4 पारी मे 2 शतक आ 1 अर्धशतकक सहायता सं 491 रन बनौने छलाह। हुनक औसत 122.75 रहल छल। सहवाग एहि सीरीज मे तिहरा शतक बनाबयक अवसर सं चूकि गेल छलाह। हुनक सर्वाधिक स्कोर 293 रन रहल छल। मौजूदा सीरीज मे भारत दिस सं शुभमन गिल, केएल राहुल आ यशस्वी जायसवाल पर नजरि रहत। जखनकि श्रीलंका दिस सं लाहिरू उदारा, कामिंदु मेंडिस, कप्तान धनंजय डी सिल्वा आ कुसल मेंडिस भारतीय गेंदबाज सभक कड़ा परीक्षा लए सकैत छथि।



# ब्रंट, मैथ्यूज आ समरविक्रमा 'आईसीसी विमेंस प्लेयर ऑफ द मंथ अवॉर्ड' लेल नामित

इंग्लैंड महिला क्रिकेट टीमक कप्तान नैट साइवर-ब्रंट, वेस्टइंडीजक कप्तान हेली मैथ्यूज आ श्रीलंकाक बल्लेबाज हर्षिता समरविक्रमा कें 'जुलाई 2026' लेल 'आईसीसी विमेंस प्लेयर ऑफ द मंथ अवॉर्ड'क लेल नामित कएल गेल अछि। नैट साइवर-ब्रंट अपन देश मे खेलल गेल आईसीसी विमेंस टी20 वर्ल्ड कप 2026क नॉकआउट चरण मे इंग्लैंडक बल्लेबाजीक अगुआई कएलनि। जखनकि प्रतियोगिताक दौरान हुनका पिंडली मे चोट सेहो लागल छल। अनुभवी बैटिंग ऑलराउंडर दक्षिण अफ्रीका विरुद्ध सेमीफाइनल मोकाबला मे 75 रनक महत्वपूर्ण पारी खेलने छलाह। ओ समय इंग्लैंड अपन शुरूआती 4 ओवर मे 3 विकेट गमा देने छल आ टीमक खाता मे मात्र 23 रन जुड़ल छल। एहि शानदार प्रदर्शन लेल ब्रंट कें 'प्लेयर ऑफ द मैच' चुनल गेल छल।एकरा बाद दहिना हाथक बल्लेबाज लॉर्ड्स मे ऑस्ट्रेलिया विरुद्ध खिताबी मोकाबला मे 58 रनक पारी खेलने छलाह। नैट, हीदर नाइट संग चारिम विकेट लेल 133 रनक साझेदारी कएलनि, मुदा इंग्लैंड खिताब अपन नाम करय मे सफल नहि भए सकल।



दोसर दिस, हेली मैथ्यूज आयरलैंड विरुद्ध 3 मोकाबलाक वनडे सीरीज मे बल्ला आ गेंद दूनू सं उत्कृष्ट प्रदर्शन कएलनि। मैथ्यूज सीरीजक शुरूआत अपन करियरक सर्वश्रेष्ठ नाबाद 159 रनक पारी सं कएलनि आ पहिल पारी मे 52 रन दए 3 विकेट सेहो हासिल कएलनि। एकरा बाद दोसर मोकाबला मे 100 रन बनाबयक संग 2 विकेट अपन नाम कएलनि। वेस्टइंडीज ई सीरीज 3-0 सं अपन नाम कएलक, जाहि मे मैथ्यूज 132.50क औसत सं 265 रन बनौलनि आ 7 विकेट सेहो हासिल कएलनि। ओतहि, हर्षिता समरविक्रमा पाकिस्तान विरुद्ध वनडे सीरीज मे श्रीलंकाक 2-1 सं सीरीज जीत मे महत्वपूर्ण भूमिका निभौलनि। हर्षिता कुल 173 रन बना कए 'प्लेयर ऑफ द सीरीज' अवॉर्ड जीतलनि। पहिल मैच मे शांत रहलाक बाद बामा हाथक एहि बल्लेबाज दोसर मोकाबला मे विश्मी गुणरत्ने संग 203 रनक साझेदारी करैत 100 रनक शानदार पारी खेलने छलाह। एकरा बाद हर्षिता हंबनटोटा मे खेलल गेल सीरीजक निर्णायक मैच मे 71 रन बना श्रीलंका कें 8 विकेट सं जीत दियौलनि।

# वनडे सीरीजः गुरबाजक तूफानी पारी, आयरलैंडक 3 विकेट सं हारि

### अफगानिस्तान बनौलक 2-0क बढ़त

अफगानिस्तान आयरलैंड विरुद्ध सिविल सर्विस क्रिकेट क्लब मे खेलल गेल तेसर वनडे मैच 3 विकेट सं अपन नाम कए लेलक। एहि संग मेहमान टीम पांच मोकाबलाक सीरीज मे 2-0क बढ़त बना लेने अछि। दूनू देशक बीच पहिल मोकाबला बरखाक कारण रद्द भए गेल छल। एहि मैच मे टॉस सेहो नहि भए सकल छल। अगिला मोकाबला मे बरखाक कारण 3-3 ओवरक कटौती कएल गेल आ अफगानिस्तान 92 रन सं जीत हासिल केने छल।

सीरीजक तेसर मैच मे टॉस हारि कए पहिने बल्लेबाजी करय उतरले आयरलैंडक टीम 46.3 ओवर मे 206 रन पर सिमटि गेल। टीम 19 रनक स्कोर पर एंड्र्यू बालबर्नी (7)क विकेट गमा देने छल। एकरा बाद कप्तान पॉल स्टर्लिंग कैड कारमाइकल संग दोसर विकेट लेल 50 गेंद मे 44 रनक साझेदारी कएलनि। पॉल 31 गेंद मे 23 रन बना कए आउट भेलाह, जखनकि



कैड कारमाइकल 52 गेंद मे 4 चौकाक सहायता सं 32 रनक पारी खेलने छलाह। ई टीम 89 रन पर 5 विकेट गमाबयक बाद 128 रन धरि अपन 8म विकेट सेहो गमा देने छल। एकरा बाद जय मूंदड़ा गैविन होए संग 9म विकेट लेल 97 गेंद मे 76 रन जोड़ि टीम कें 200 रनक पार पहुंचौलनि। गैविन होए 2 चौकाक सहायता सं 36 रन बनौलनि, जखनकि जय मूंदड़ा 33 गेंद मे 5 चौकाक सहायता सं 31 रनक पारी खेलने छलाह। अफगानिस्तान दिस सं एएम गजनफर आ राशिद खान 3-3 विकेट अपन नाम कएलनि। यामीन अहमदजई कें 2 विकेट भेटलनि। जवाब मे अफगानिस्तान 44.5 ओवर मे जीत हासिल कए लेलक। रहमानुल्लाह गुरबाज इब्राहिम जादरान संग पहिल विकेट लेल 53 रनक साझेदारी कएलनि। जादरान 12 रन बना कए पवेलियन घुरि गेलाह, जाहि बाद गुरबाज सेदिकुल्लाह अटल (27) संग दोसर विकेट लेल 31 रन जोड़ि टीम कें मजबूत स्थिति मे पहुंचौलनि। गुरबाज 77 गेंद मे 5 छक्का आ 2 चौकाक सहायता सं 71 रन बना कए आउट भेलाह, जखनकि हशमतुल्लाह शाहिदी 22 रन जुटौलनि। एकरा अतिरिक्त राशिद खान 4 चौकाक सहायता सं 37 रनक नाबाद पारी खेलने छलाह। मेजबान टीम दिस सं गैविन होए 34 रन दए 4 विकेट हासिल कएलनि, जखनकि मार्क अडायर 2 विकेट लेलनि। बायरन मैकडोनो 1 विकेट चटकौलनि।

# ब्रूक, ग्रीव्स आ तंजिद हसन आईसीसी 'मेंस प्लेयर ऑफ द मंथ' अवॉर्ड लेल नामित

इंग्लैंडक व्हाइट-बॉल कप्तान हैरी ब्रूक, वेस्टइंडीजक सीम-बॉलिंग ऑलराउंडर जस्टिन ग्रीव्स आ बांग्लादेशक सलामी बल्लेबाज तंजिद हसन कें जुलाई 2026 लेल 'आईसीसी मेंस प्लेयर ऑफ द मंथ' अवॉर्डक लेल नामित कएल गेल अछि। हैरी ब्रूक जुलाई मास मे अंतरराष्ट्रीय क्रिकेटक सब सं छोट प्रारूप टी20 मे शानदार खेल देखबैत इंग्लैंड कें भारत विरुद्ध व्हाइट-बॉल सीरीज जितेबा मे महत्वपूर्ण भूमिका निभौने छलाह। दहिना हाथक बल्लेबाज 5 मोकाबलाक टी20 सीरीज मे 114.50क औसत सं सर्वाधिक 229 रन बनौलनि। एहि उत्कृष्ट प्रदर्शन लेल हुनका 'प्लेयर ऑफ द सीरीज' चुनल गेल छल। दोसर दिस, ऑलराउंडर जस्टिन ग्रीव्स जुलाई मासक दौरान टेस्ट क्रिकेट मे बल्ला आ गेंद दूनू सं शानदार प्रदर्शन कएलनि। 32 वर्षीय खेलाड़ी एंटीगुआक नॉर्थ साउंड मे श्रीलंका विरुद्ध पहिल टेस्ट मे 180 रनक महत्वपूर्ण पारी खेलने छलाह। हुनक एहि पारीक सहायता सं वेस्टइंडीज मैच ड्रॉ कराबय आ अंततः 1-0 सं सीरीज जीतय मे सफल रहल।ग्रीव्स तारोबा मे पाकिस्तान विरुद्ध शानदार गेंदबाजी करैत मैच जिताबय बला भूमिका निभौने छलाह। ओ पहिल पारी मे 27 रन दए 5 विकेट लेलनि,



जखनकि दोसर पारी मे 12 रन दए 2 विकेट हासिल कए वेस्टइंडीजक जीत सुनिश्चित कएलनि। ग्रीव्स मासक समापन 71.66क औसत सं 215 रन आ दू टेस्ट मोकाबला मे 10.25क औसत सं 8 विकेट लए कएलनि। एकरा अतिरिक्त ओ दू वनडे मोकाबला सेहो खेलने छलाह।

बांग्लादेशक सलामी बल्लेबाज तंजिद हसनक प्रदर्शन पर नजरि दी, तं ओ जिंबाब्वेक व्हाइट-बॉल दौरा पर बांग्लादेशक सब सं सफल बल्लेबाज बनि कए उभरलाह। ओ वनडे आ टी20 दूनू सीरीज मे सर्वाधिक रन बनाबय बला खेलाड़ी रहलाह। बामा हाथक एहि सलामी बल्लेबाज 3 वनडे मोकाबला मे 53क औसत आ 89.83क स्ट्राइक रेट सं 159 रन बनौलनि।

धन्यवाद मिथिला




आइ अपने लोकनिक प्रेम आ स्नेहक बल पर प्रतिदिन 'समदिया मिथिला'क डिजिटल संस्करण दस लाख पाठक धरि पहुंच रहल अछि। भारत आ नेपालक संगहि अपनेक ई दैनिक पत्र यूके, यूएसए, यूएई, सिंगापुर, मॉरिशस, श्रीलंका आदि देश मे रहि रहल मैथिली भाषी लोकनि प्रतिदिन एहि अखबारक बाट तकैत रहैत छथि आ बहुत चाव सं एहि अखबार कें पढ़ैत छथि। अपने लोकनिक एहि प्रेमक बल पर 'समदिया मिथिला' मिथिलाक एकमात्र लोकप्रिय दैनिक पत्र बनि गेल अछि। एकर हार्ड कॉपी सेहो संपूर्ण मिथिला मे देखिते-देखिते छुहुक्का उड़ि जाइत अछि।

हमरा सभकें आशा आ विश्वास अछि जे अपने लोकनिक प्रेम आ स्नेह अहिना बनल रहत आ 'समदिया मिथिला'क पाठकक संख्या मे उत्तरोत्तर वृद्धि होइत रहत।

आभार सहित

समदिया परिवार




# डीपीएल 2026 मे 'वेस्ट दिल्ली लायंस' आ 'पुरानी दिल्ली 6' अपन-अपन मोकाबला मे जीत दर्ज कएलक

दिल्ली प्रीमियर लीग (डीपीएल) 2026 मे सोम दिन 'वेस्ट दिल्ली लायंस' आ 'पुरानी दिल्ली 6' अपन-अपन मोकाबला मे जीत दर्ज कएलक। अरुण जेटली स्टेडियम मे खेलल गेल दिनक पहिल मैच बरखा सं प्रभावित रहल, जतय वेस्ट दिल्ली लायंस ईस्ट दिल्ली राइडर्स कें 'डकवर्थ-लुईस नियम'क आधार पर 8 विकेट सं शिकस्त देलक। बरखाक कारण मैच बाधित भेला बाद वेस्ट दिल्ली लायंसक समक्ष 7 ओवर मे 58 रनक संशोधित लक्ष्य राखल गेल, जाहि कें टीम मात्र 4.1 ओवर मे हासिल कए लेलक।

पहिने बल्लेबाजी करय उतरले ईस्ट दिल्ली राइडर्स बरखाक कारण खेल रोकल जाए धरि 15 ओवर मे 5 विकेटक नोकसान पर 95 रन मात्र बना सकल। एहि टीम लेल सुजल सिंह सर्वाधिक 34 रन बनौलनि, जखनकि अर्पित राणा 32 रनक पारी खेलने छलाह। वेस्ट दिल्ली लायंस दिस सं गेंदबाजी मे मयंक गुसाईं शानदार प्रदर्शन करैत 3 ओवर मे 16 रन दए 2 विकेट हासिल कएलनि, जखनकि शुभम दुबे सेहो 3 ओवर मे 17 रन दए 3 विकेट झटकलनि।

संशोधित लक्ष्यक पीछा करय उतरले वेस्ट दिल्ली लायंस कें शुरूआती झटका लागल आ अंकित कुमार 3 गेंद पर 4 रन बना कए आउट भए गेलाह। मुदा हुनक विकेटक टीमक रन चेज पर कोनो विशेष प्रभाव नहि पड़ल। एकरा बाद कृष्ण यादव आ जितेश सिंह मोर्चा संभारलनि। कृष्ण यादव आक्रामक बल्लेबाजी करैत ईस्ट दिल्ली राइडर्सक गेंदबाज सभ पर निरंतर दबाव बनौने रहलाह। ओ मात्र 14 गेंद पर नाबाद 34 रनक तूफानी पारी खेलि वेस्ट दिल्ली



लायंस कें 4.1 ओवर मे जीत दियौलनि। प्रतिद्वंद्वी टीम दिस सं दूनू विकेट सिमरजीत सिंह लेलनि।

अगिला मैच मे 'पुरानी दिल्ली 6' आउटर दिल्ली वारियर्स विरुद्ध 7 विकेट सं दमदार जीत हासिल कएलक। टॉस हारि कए बल्लेबाजी करय उतरले आउटर दिल्ली वारियर्स 19.1 ओवर मे 165 रन पर सिमटि गेल। प्रियांश आर्य यजस शर्मा संग पहिल विकेट लेल 17 गेंद मे 43 रनक साझेदारी कएलनि। प्रियांश 19 गेंद मे 4 छक्का आ 4 चौकाक सहायता सं 46 रन बना कए आउट भेलाह, जखनकि यजस 7 गेंद मे 21 रन बनौलनि।

टीम 95 रनक स्कोर धरि अपन 5 विकेट गमा देने छल। एहि ठाम सं शिवम शर्मा अक्षय सैनी संग 6म विकेट लेल 43 गेंद मे 55 रनक साझेदारी कए टीम कें चुनौतीपूर्ण स्कोर धरि पहुंचौलनि। अक्षय 49 रन बना कए आउट भेलाह, जखनकि शिवम टीमक खाता मे 22 रनक योगदान देलनि। प्रतिद्वंद्वी खेमा दिस सं पंकज जायसवाल सर्वाधिक 3 विकेट हासिल कएलनि, जखनकि रजनीश दादर, उद्धव मोहन आ दिग्वेश राठी 2-2 विकेट लेलनि।

जवाब मे 'पुरानी दिल्ली 6' 15.2 ओवर मे मोकाबला अपन नाम कए लेलक। टीम 9 रनक स्कोर धरि 2 विकेट गमा देने छल। एहि ठाम सं कप्तान अनुज रावत आर्यन गौड़ संग तेसर विकेट लेल 70 गेंद मे 151 रनक साझेदारी कए टीम कें जीतक दहलीज धरि पहुंचा देलनि। अनुज 38 गेंद मे 8 छक्का आ 8 चौकाक सहायता सं 92 रन बना कए आउट भेलाह, जखनकि आर्यन 40 गेंद मे 8 बाउंड्रीक सहायता सं 57 रनक नाबाद पारी खेलि टीम कें आसान जीत दियौलनि। प्रतिद्वंद्वी खेमा दिस सं तीनू विकेट हर्ष त्यागीक नाम रहल।

वर्ष 16, अंक 331, **स्वत्वाधिकारी राघवेंद्र**, प्रकाशक, मुद्रक और संपादक **कुमारी सुषमा** द्वारा 104 रामबली निवास, मदरसा पथ, पिलर नंबर 52, राजा बाजार, पटना 14 से प्रकाशित एवं डीबी कॉर्प, उड़ान टोला, नियर दानापुर कैंट, शिवाला रोड, पोस्ट खगोल, शाहपुर, पटना 801105 से मुद्रित।
**प्रधान संपादक :** राघवेंद्र*। **कार्यकारी संपादक :** अखिलेश, **संपादकीय प्रभारी :** सच्चिदानंद सच्चू, **राजनीतिक संपादक :** शैलेश तिवारी, **बिजनेस हेडः** पंकज मिश्रा, संपर्क : 7488117482 (* पीआरबी एक्ट के तहत खबरों के चयन के लिए जिम्मेवार) RNI NO- BIHMAI/2010/33053